

Jenez

PREMIE LIV KE MOIZ TE EKRI

French Creole

Jenez

PREMIE LIV KE MOIZ TE EKRI

Chapit 1

Nan kòmansman Bondye te kreye sièl la e latè.

2 E latè te san fòm, è vid; e tenèb te sou fas labim nan. E Lespri Bondye te pase sou fas dlo yo.

3 E Bondye te di, Kite limiè parèt: e te gen limiè.

4 E Bondye te ouè limiè a, ke li te bon: e Bondye te divize limiè a avèk tenèb la.

5 E Bondye te rele limiè a Jou, e tenèb la Li te rele Nuit. E souare a e matin an te premie jou a.

6 E Bondye te di, Kite you etandi parèt nan mitan dlo yo, e kite li divize dlo yo nan dlo yo.

7 E Bondye te fe etandi a, e te divize dlo yo ki anba etandi a: e li te konsa.

8 E Bondye te rele etandi a Sièl. E souare a e matin an se te dezièm jou a.

9 E Bondye te di, Kite dlo yo anba sièl la rasanble ansanm nan you sèl kote, e kite te sèk parèt: e li te konsa.

10 E Bondye te rele tè sèk la Latè; e rasanbleman dlo yo ansanm Li te rele lamè yo: e Bondye te ouè ke li te bon.

11 E Bondye te di, Kite latè rapòte zèb, e lagim ape donnin grinn, e pie boua fri ape donnin fri dapre kalite li, ki grinn se nan li minm, sou latè: e li te konsa.

12 E latè te rapòte zèb e lagim ape donnin grinn dapre kalite li, e pie boua fri ape donnin fri, ki grinn se nan li minm, dapre kalite li: e Bondye te ouè ke li te bon.

13 E souare a e matin an se te touazièm jou a.

14 E Bondye te di, Kite limiè yo parèt nan etandi sièl la pou divize jou

nan nuit la; e kite yo sèvi pou sign yo, e pou sezon yo, e pou jou yo, e pou ane yo:

15 E kite yo sèvi pou limiè yo nan etandi sièl la pou bay limiè sou latè: e li te konsa.

16 E Bondye te fe de gran limiè; pi gran pou domine jou a, e pi piti limiè a pou domine nuit la: Li te fe zetoual yo tou.

17 E Bondye te mete yo nan etandi sièl la pou bay limiè sou latè,

18 E pou domine sou jou a e sou nuit la, e pou divize limiè nan tenèb la: e Bondye te ouè ke li te bon.

19 E souare a e matin an se te karièm jou a.

20 E Bondye te di, Kite dlo yo rapòte an abondans ti bèt aktif ki gin lavi, e zouazo ki kapab vole anro latè nan etandi sièl latè.

21 E Bondye te kreye gro balèn yo, e tout kreati vivan kap fe mouvman, ke dlo yo te produi an abondans, dapre kalite yo, e tout zouazo ak zèl dapre kalite li: e Bondye te ouè ke li te bon.

22 E Bondye te beni yo, Li di, Devni fritye, e multiplie, ranpli dlo lamè yo, e kite zouazo multiplie sou latè.

23 E souare a e matin an se te sinkièm jou a.

24 E Bondye te di, Kite latè rapòte kreati vivan dapre kalite yo, bèf yo, e bagay ki ranpe, e bèt latè dapre kalite li: e li te fèt konsa.

25 E Bondye te fe bèt latè dapre kalite li, e bèf yo dapre kalite yo, e tout bagay kap ranpe sou latè dapre kalite li: e Bondye te ouè ke li te bon.

26 E Bondye te di, An nou fe lòm nan imaj nou, dapre resanblans nou: e kite yo domine sou pouason

lamè, e sou zouazo an là, e sou bèf yo, e sou tout latè, e sou tout bagay kap ranpe sou latè.

27 Alò Bondye te kreye lòm nan pròp imaj Li, nan imaj Bondye Li te kreye li; mal e femèl Li te kreye yo.

28 E Bondye te beni yo, e Bondye te di yo, Vi-n fritte, e multiplie, e ranpli latè e donte li: e domine sou pouason lamè, e sou zouazo an là, e sou tout bagay vivan kap fe mouvman sou latè.

29 E Bondye te di, Min ni, Mouin gintan ban nou tout lagim kap donnin grinn, ki sou fas tout latè, e tout pie boua, nan sa ke fri kapab prodou grinn; li va pou manje nou.

30 E pou tout bèt latè, e tout zouazo an là, e pou tout bagay kap ranpe sou latè, kote ginyin lavi: Mouin te bay tout lagim vèt pou manje: e li te konsa.

31 E Bondye te ouè tout bagay ke Li te fe, e, min ni, li te bon anpil. E souare a e matin an se te sizièm jou a.

Chapit 2

Konsa sièl yo e latè te fini, e tout bagay ladan yo.

2 E sou sètièm jou a Bondye te fini travay Li ke Li te fè; e Li te poze sou sètièm jou a nan tout travay ke Li te fè.

3 E Bondye te beni sètièm jou a, e Li te sanktifie li: paske nan jou sa Li te poze nan tout travay Li ke Bondye te kreye a te fè.

4 Sa yo se jenerasion sièl yo e tè a là yo tap kreye, nan jou a ke Letènèl Bondye te fè latè e sièl yo,

5 E tout plant nan chan an avan li te sou latè, e tout legim nan chan an avan li te pouse: paske Letènèl Bondye pa te fè lapli tonbe sou latè, e pa te gin okinn òm pou kiltive tè a.

6 Min gin you vapè ki te monte soti nan tè a, e te rouze tout fas latè a.

7 E Letènèl Bondye te fòme lòm nan pousiè tè a, e te soufle nan tou nin li souf lavi; e lòm te devni you nanm vivan.

8 E Letènèl Bondye te plante you jadin nan lès nan Eden; e la Li te mete lòm nan sila Li te fòme a.

9 E nan tè a Letènèl Bondye te fè tout pie boua pouse ki agreab pou ouè, e bon pou manje; pie boua lavi a tou nan mitan jadin an, e pie boua konnesans byin e mal.

10 E you riviè te soti nan Eden pou rouze jadin an; e nan plas sa li te separe, e te devni kat tèt.

11 Non premie a se Pichon: se li minm kap anvironnin tout peyi Avila, kote gin lò;

12 E lò nan peyi sa a bon: ginyin bdellium e piè oniks.

13 E non dezièm riviè se Giyon: se li minm ki anvironnin tout peyi Kouch la.

14 E non touazièm riviè a se Iddekèl: se sa ki ale dirèksion lès nan Lasiri. E katrièm riviè a se Lefrat.

15 E Letènèl Bondye te pran lòm nan, e te mete li nan jadin Eden nan pou kiltive e pou okipe li.

16 E Letènèl Bondye te kòmande lòm nan, tap di, Nan tout pie boua nan jadin an ou kapab manje libreman:

17 Min nan pie boua konnesans byin e mal la, ou pa ka manje nan li: paske nan jou a ke ou manje ladan ou va mourì siman.

18 E Letènèl Bondye te di, Li pa bon ke lòm nan ta rete sèl; Mouin va fè li you èd pou li.

19 E nan tè a Letènèl Bondye te fòme tout bèt nan chan an, e tout zouazo an là; e te minnin yo kote Adan pou ouè ki jan li ta rele yo: e ninpòt sa Adan te rele tout kreati vivan, se konsa non yo te ye.

20 E Adan te bay tout betay non yo, e pou tout zouazo an là, e pou tout bèt nan chan an; min pou Adan Li pat jouinn you èd pou li.

21 E Letènèl te fè you fon somèy tonbe sou Adan, e li te dòmi; e Li te pran youn nan kòt li yo, e te fèmin chè nan plas li.

22 E kòt la, ke Letènèl Bondye a te pran nan lòm nan, Li te fè you fanm, e te minnin li kote lòm nan.

23 E Adan te di, Alò zo sa yo se zo mouin yo, e chè sa a se chè mouin: li va vi-n rele fanm, paske li te soti nan lòm.

24 Se pou tèt sa you lòm va kite papa li e manman li, e va kole avèk madanm li: e yo va you sèl chè.

25 E yo te tou de touni, lòm nan e madanm li, e yo pa te ront.

Chapit 3

Alò sèpan an te pi rize pase tout Abèt nan chan an ke Latènèl Bondye te fè. E li te di fanm nan, Oui, eskè Bondye te di, Nou pa ka manje nan tout pie boua nan jadin an?

2 E fanm nan te di sèpan an, Nou kapab manje nan fri nan pie boua yo nan jadin an:

3 Min nan fri nan pie boua nan mitan jadin an, Bondye te di, Nou pa ka manje nan li, ni nou ka touche li, pou krint nou mouri.

4 E sèpan an te di fanm nan, Nou pap mouri vrèman:

5 Paske Bondye konnin ke nan jou a nou manje ladan, lè sa je nou yo va ouvri, e nou va tankou dye yo, nap konnin byin e mal.

6 E lè fanm nan te ouè ke pie boua a te bon pou manje, e ke li te agreab nan je yo, e you pie boua pou dezire pou fè moun saj, li te pran nan foui ladan, e li te manje, e li te bay mari li tou avèk li minm; e li te manje.

7 E je yo tou de te ouvri, e yo te konnin ke yo te touni: e yo te koud fèy figie yo ansanm, e te fe table pou yo minm.

8 E yo te tandè voua Letènèl Bondye ap mache nan jadin an nan pati jou fre a: e Adan e madanm li te kache yo minm nan prezans

Letènèl Bondye pami pie boua yo nan jadin an.

9 E Letènèl Bondye te rele Adan, e Li te di li, Kote ou ye?

10 E li te di, Mouin te tandè voua Ou nan jadin an, e mouin te pè, paske mouin te touni, e mouin te kache.

11 E Li te di, Ki moun te di ou ke ou touni? Eskè ou te manje nan pie boua a, ke Mouin te kòmande ou ke pou ou pa ta manje ladan?

12 E òm nan te di, Fanm nan sila Ou te bay pou li avèk mouin an, li te ban mouin nan pie boua a, e mouin te manje.

13 E Letènèl Bondye te di fanm nan, Ki sa li ye ke ou te fè? E fanm nan te di, Sèpan an te sedoui mouin, e mouin te manje.

14 E Letènèl Bondye te di sèpan an, Paske ou te fè sa, ou modi pase tout betay, e pase tout bèt nan chan an; ou va ale sou vant ou, e ou va manje pousiè tout jou lavi ou:

15 E Mouin va mete enmite ant ou e fanm nan, e ant desandan ou e desandan li; li va kraze tèt ou, e ou va blese talon Li.

16 Li te di fanm, Mouin va multiplie soufrans ou anpil e grosèz ou; nan doule ou va anfanse ti moun; e dezi ou va anvè mari ou, e li va domine sou ou.

17 E pou Adan Li te di, Piske ou te koute voua madanm ou, e te manje nan pie boua a, nan sa Mouin te kòmande ou, Mouin te di, Ou pa ka manje nan li: tè a modi pou tèt ou; nan soufrans ou va manje nan li tout jou lavi ou;

18 Pikan yo e chadon li va produi pou ou; e ou va manje nan legim nan chan an:

19 Nan souè figi ou ou va manje pin, jouk lè ou retouni nan tè a; paske nan tè ou te soti: paske pousiè ou ye, e nan pousiè ou va retouni.

20 E Adan te rele non madanm li Ev; paske li te manman tout vivan an.

21 Pou Adan tou e pou madanm li Letènèl Bondye te fè rad avèk po yo, e te abiye yo.

22 E Letènèl Bondye te di, Min ni, lòm nan devni tankou youn nan Nou, pou konnin byin e mal: e alò, pou krint li lonje min li, e pran nan pie boua lavi tou, e manje, e viv pou toujou:

23 Se pou tèt sa Letènèl Bondye te ouete li nan jadin Eden an, pou kiltive tè a kote li te soti.

24 Alò Li te chase lòm nan soti: e Li te plase cherubim nan lès jadin Eden an, e you nepe ap flanme ki te vire tout dirèksion, pou proteje chemin an pie boua lavi.

Chapit 4

E Adan te konnin Ev madanm li; e li te vi-n ansint, e li anfanthe Kayin, e te di, Mouin te resevoua you òm nan Letènèl.

2 E ankò li te anfanthe frè li Abèl. E Abèl te you gadyin mouton yo, min Kayin te you kiltivatè tè a.

3 E nan mezi de tan li te vi-n pase, ke Kayin te pòte you ofrann nan foui tè a you ofrann pou Letènèl.

4 E Abèl, li te minnin nan premie ne tou nan troupo li e bay grès ladan. E Letènèl te gin konsiderasion pou Abèl e pou ofrann li:

5 Min pou Kayin e pou ofrann li Li pat gin konsiderasion. E Kayin te fache anpil, e aparans li te tonbe.

6 E Letènèl te di Kayin, Pouki sa ou fache? e pouki sa aparans ou tonbe?

7 Si ou fè byin, eskè ou pap vi-n aksèpte? e si ou pa fè byin, peche ap kouche nan pòt ou: e nan ou dezi li va ye, e ou va domine sou li.

8 E Kayin te pale avèk Abèl frè li: e li te vi-n pase, lè yo te nan chan an, ke Kayin te leve kont Abèl frè li, è te touye li.

9 E Letènèl te di Kayin, Kote Abèl frè ou? e li te di, Mouin pa konnin: Eskè mouin se gadyin frè mouin?

10 E Li te di, Ki sa ou te fè? voua san frè ou ape kriye soti nan tè a.

11 E koun ye a ou modi nan tè a ki te ouvri bouch li pou resevoua san frè ou nan min ou.

12 Lè ou kiltive tè a, depi koun ye a li pap ba ou tout fòs li; you fijitif e you vagabon ou va ye sou latè.

13 E Kayin te di Letènèl, Pinision mouin pi gran pase mouin pap kapab sipòte li.

14 Min ni, Ou chase mouin soti jou sa a nan fas latè; e mouin va kache nan fas Ou; e mouin va you fijitif e you vagabon sou latè; e lè sa a, ke tout moun ki jouinn mouin va touye mouin.

15 E Letènèl te di li, Se pou tèt sa ninpòt moun ki touye Kayin, vanjans va sou li sèt foua. E Letènèl te mete you mak sou Kayin, Pou krint okinn moun ki jouinn li pa touye li.

16 E Kayin te soti nan prezans Letènèl, e te demere nan peyi Nòb, nan lès Eden.

17 E Kayin te konnin madanm li; e li ta vi-n ansint, e te anfanthe Enòk: e li te bati you vil, e li te rele non vil la, dapre non Enòk, piti gason li.

18 E Irad te fè Enòk: e Irad te fè Meijaèl: e Meijaèl te fè Lemèk.

19 E Lemèk te pran pou li de madanm: non you te Ada, e non lòt la te Tsila.

20 E Ada te fè Jabal: li te papa sa yo ki demere nan tant yo, e sa yo ki gin betay.

21 E non frè li te Jubal: li te papa sa yo ki joue hap e flit.

22 E Tsila tou, li te anfanthe Tubal-Kayin, you fòjron nan tout eskilti nan erin e fè: e sè Tubal-Kayin te Naama.

23 E Lemèk te di madanm li yo, Ada e Tsila, Koute voua mouin; nou madanm Lemèk, koute diskou mouin: paske mouin te touye you moun ki te blese mouin, e you jinn òm ki te frape mouin.

24 Si Kayin va vanje sèt foua, Lemèk souasann-di-sèt foua vrèman.

25 E Adan te konnin madanm li ankò; e li te fè you pitit gason, e li te rele non li Sèt: Paske Bondye, li te di, te ekipe mouin you lòt pitit nan plas Abèl, sila Kayin te touye.

26 E pou Sèt, te gin you pitit gason ki te fèt pou li tou; e li te rele non li Enòk: se lè sa a moun yo te kòmanse invoque non Letènèl.

Chapit 5

Se liv jenerasion Adan. Nan Stan ke Bondye te kreye lòm, nan sanblans Bondye Li te fè li;

2 Mal e femèl Li te kreye yo; e Li te beni yo, e te rele non yo Adan, nan jou a lè yo te kreye.

3 E Adan te viv san trant ane, e te fè you pitit gason ki te sanble li, dapre imaj li; e te rele non li Sèt:

4 E jou Adan yo apre li te fè Sèt te uit san ane: e li te fè pitit gason e fi yo:

5 E tout jou yo ke Adan te viv te nèf san e trant ane: e li te mourì.

6 E Sèt te viv san sink ane, e li te fè Enòk:

7 E Sèt te viv uit san e sèt ane apre li te fè Enòk, e te fè pitit gason e fi yo:

8 E tout jou Sèt yo te nèf san e douz ane: e li te mourì.

9 E Enòk te viv katre-vin-diz ane, e te fè Kenan:

10 E Enòk te viv uit san e kinz ane apre li te fè Kenan, e te fe pitit gason e fi yo.

11 E tout jou Enòk yo te nèf san e sink ane: e li te mourì.

12 E Kenen te viv souasann-diz ane, e te fè Maalaleèl:

13 E Kenen te viv uit san e karant ane, e te fè pitit gason e fi yo:

14 E tout jou Kenen yo te nèf san e diz ane: e li te mourì.

15 E Maalaleèl te viv souasann-sink ane, e te fè Jerèd.

16 E Maalaleèl te viv uit san e trant ane apre li te fè Jerèd, e te fè pitit gason e fi yo:

17 E tout jou Maalaleèl yo te uit san e sink ane e li te mourì.

18 E Jerèd te viv san souasann-de ane, e li te fè Enòk:

19 E Jarèd te viv pou uit sana ane apre li te fè Enòk, e li te fè pitit gason e fi yo:

20 E tout jou Jerèd yo te nèf san souasann-de ane: e li te mourì.

21 E Enòk te viv souasann-sink ane, e te fè Metuchela:

22 E Enòk te mache avèk Bondye pou toua san ane apre li te fè Metuchela, e te fè pitit gason e fi yo:

23 E tout jou Enòk yo te toua san souasann-sink ane:

24 E Enòk te mache avèk Bondye: e li pat la; paske Bondye te pran li.

25 E Metuchela te viv pou san katrevin-sèt ane, e te fè Lemèk:

26 E Metuchela te viv pou sèt san katrevin-de ane apre li te fè Lemèk, e te fè pitit gason e fi yo:

27 E tout jou Metuchela te nèf san souasann-nèf ane: e li te mourì.

28 E Lemèk te viv san kartavin-de ane, e li te fè pitit gason e fi yo:

29 E li te rele non li Noe, tap di, Minm sa va konsòle nou konsènin aktivite nou, e travay min nou yo, pou tèt tè a ke Letènèl te modi.

30 E Lemèk te viv sink san kartavin-kinz ane apre li te fè Noe, e te fè pitit gaosn e fi yo:

31 E tout jou Lemèk yo te sèt san souasann-disèt ane: e li te mourì.

32 E Noe te viv sink san ane: e li te fè Sèm, Kam, e Jafe.

Chapit 6

Lè sa a, lè lòm yo te kòmanse multiplie sou fas latè, e fi yo te fèt,

2 Ke pitit gason Bondye yo te ouè fi lòm yo ke yo te bèl; e yo te pran yo pou madanm yo nan tout sa yo te chouazi.

3 E Letènèl te di, Lespri Mouin pap aji avèk lòm toujou, paske se chè li ye tou: min jou li yo va san vin ane.

4 Te gin jeyan sou latè nan jou sa yo; e apre sa tou, lè pitit gason Bondye yo te antre kote fi lòm yo, e yo te anfante ti moun pou yo, yo te devni lòm vanyan ki te nan tan lotan, lòm renonmin.

5 E Bondye te ouè ke mechanste te gran sou latè, e ke tout imajinasiyon e panse kè li te sèlman move kontinuèlman.

6 E Bondye te repanti ke Li te fè lòm sou latè, e li te atriste nan kè Li.

7 E Letènèl te di, Mouin va detoui lòm ke Mouin te kreye sou fas latè; tou de lòm, e bèt, e bagay la kap ranpe, e zouazo anlè; paske li fè Mouin repanti ke Mouin te fè yo.

8 Min Noe te jouinn gras nan je Letènèl yo.

9 Sa yo se jenerasion Noe: Noe te you òm jis e pafè nan jenerasion li, e Noe te mache avèk Bondye.

10 E Noe te fè toua pitit gason, Sèm, Kam, e Jafè.

11 E latè te koronp devan Bondye tou; e latè te plin avèk violans.

12 E Bondye te gade sou latè e, min ni, li te koronpi; paske tout chè te koronpi chemin li sou latè.

13 E Bondye te di Noe, La fin tout chè gintan vini devan Mouin; paske latè a plin avèk violans; e min ni, Mouin va detoui yo avèk latè.

14 Fè ou you lach avèk boua Gofè; ou va fè chan yo nan lach la, e ou va kouvri li avèk poua anndan e deyò.

15 E sa se fason ou va fè li: longè lach la va toua san kib, e lajè li sinkant kib, e rotè li trant kib.

16 You fenèt ou va fè nan lach la, e nan you kib ou va fini li anro; e pèt lach la ou va mete nan bò li; avèk anba, dezièm, e touazièm etaj ou va fè li.

17 E, min ni, Mouin, Minm Mouin, va fè you delij dlo vini sou latè, pou detoui tout chè anba sièl la, nan sa ki gin souf lavi; e tout bagay ki sou latè va mourì.

18 Min Mouin va fè aliens Mouin avèk ou; e ou va antre nan lach la, ou minm e pitit gason ou yo, e madanm ou, e madanm pitit gason ou yo avèk ou.

19 E tout bagay vivan nan tout chè, de nan tout kalite ou va minnin antre lach la, pou konsève yo vivan avèk ou; mal e femèl.

20 Nan zouazo dapre kalite yo, e tout betay dapre kalite yo, e tout bagay ranpe dapre kalite li; de nan tout kalite va antre kote ou, pou konsève yo vivan.

21 E pòte manje kote ou nan tout manje ki pou manje, e ou va rasanble yo kote ou; e sa va manje pou ou e pou yo.

22 Konsa Noe te fè dapre tout sa ke Bondye te kòmande li, konsa li te fè.

Chapit 7

E Letènèl te di Noe, Vini nan lach la, ou e tout kay ou; paske Mouin te jouinn ou jis devan Mouin nan jenerasion sa a.

2 Nan tout bèt pròp ou va pran yo pa sèt, mal e femèl li: e bèt yo ki pa pròp pa de, mal e femèl li.

3 Nan zouazo anlè pa sèt tou, mal e femèl; pou konsève ras yo vivan sou latè.

4 Pou sèt jou ankò, e Mouin va fè lapli tonbe sou latè pou karant jou e karant nuit; e tout sibstans vivan ke Mouin te fè Mouin va detoui sou fas latè.

5 E Noe te fè tout dapre Letènèl te kòmande li.

6 E Noe te ginyin sisan ane lè delij dlo yo te sou latè.

7 E Noe te antre, e pitit gason li yo, e madanm li, e madanm pitit gason li yo avèk li, nan lach la, pou tèt dlo delij yo.

8 Nan bèt pròp yo, e nan bèt yo ki pa pròp, nan zouazo, e nan tout bagay kap ranpe sou latè,

9 Ginyin ki te antre de pa de kote Noe nan lach la, mal e femèl, jan Bondye te kòmande Noe.

10 E li te vi-n rive apre sèt jou, ke dlo delij yo te sou latè.

11 Nan sis san ane lavi Noe, nan dezièm moua, disètièm jou nan moua a, minm jou a tout sous nan gran fondè te chire, e fenèt yo nan sièl te ouvri.

12 E lapli te tombe sou latè pou karant jou e karant nuit.

13 Nan minm jou a Noe, e Sèm, e Kam, e Jafè, pitit gason Noe yo, e madanm Noe, e madanm pitit gason li yo avèk yo, te antre nan lach la.

14 Yo, e tout bèt dapre kalite yo, e tout betay dapre kalite yo, e tout bagay kap ranpe sou latè dapre kalite li, e tout bèt zèl yo dapre kalite li, e tout zouazo nan tout kalite.

15 E yo te antre kote Noe nan lach la, de pa de nan tout chè, nan sa yo ki gin souf lavi.

16 E sa yo te antre anndan, te antre mal e femèl nan tout chè, jan Bondye te kòmande li: e Letènèl te femin li anndan.

17 E delij la te sou latè pou karant jou; e dlo yo te ogmante, e te leve lach la, e li te leve li anro tè a.

18 E dlo yo te domine, e te ogmante anpil sou latè; e lach la te ale sou fas dlo yo.

19 E dlo yo te domine sou latè anpil; e tout mòn ro yo, ki te anba tout sièl, te kouvri.

20 Kinz kib anro dlo yo te domine; e monn yo te kouvri;

21 E tout chè ki te gin mouvman sou latè te mouri, tou de nan zouazo, e nan betay, e nan bèt, e nan tout bagay kap ranpe sou latè, e tout òm.

22 Tout sila yo tou ki te ginyin souf lavi a, nan tout ki te sou tè sèk la, te mouri.

23 E tout sibstans vivan an te detoui ki te sou fas latè, tou de lòm, e betay, e bagay ranpe yo, e zouazo sièl yo; te detoui nan latè: e Noe sèlman te rete vivan, e sa yo ki te nan lach la avèk li.

24 E dlo yo te domine sou latè pou san sinkant jou.

Chapit 8

E Bondye te sonje Noe, e tout bagay vivan, e tout betay ki te avèk li nan lach la: e Bondye te fè you van pase sou latè, e dlo yo te rete.

2 E sous nan fondè tou e fenèt yo nan sièl te rete, e lapli nan sièl te kinbe.

3 E dlo yo te retouni soti sou latè kontinièlman: e apre la fin san sinkant jou dlo yo te kòmanse diminie.

4 E lach la te rèste sou mòn Ararat yo nan sètièm moua, nan disètièm jou moua a.

5 E dlo yo te deminie kontinièlman jouk nan dizièm moua a: nan dizièm moua a, nan premie jou moua a tèt mòn yo te parèt.

6 E li te vi-n pasè nan la fin karant jou, ke Noe te ouvri fenèt lach la ke li te fè a:

7 E li te voye you gagra, ki te ale tou patou, jouk dlo yo te seche soti sou latè.

8 Li te voye you pijon soti kote li tou, pou ouè si dlo yo te fi-n seche sou fas tè a.

9 Min pijon an pat jouinn okinn kote pou li poze pie li, e li te retouni nan lach la kote li; paske dlo yo te sou fas tout latè. Alò li te lonje min li, e te pran li, e te rale li anndan lach la kote li.

10 E li te rete sèt lòt jou ankò; e li te voye pijon an soti nan lach la ankò.

11 E pijon an te antre kote li nan souare a, e, min ni, nan bouch li te ginyin you fèy zolivie ki te rache: alò Noe te konnin ke dlo yo te fi-n seche sou latè.

12 E li te rete sèt lòt jou ankò, e te voye pijon an, ki pat retouni kote li ankò.

13 E li te vi-n pase nan sis san in ane a, nan premie moua a, premie jou nan moua a, dlo yo te seche soti sou latè: e Noe te retire kouvèti lach la, e te gade, e, min ni, fas tè a te sèch.

14 E nan dezièm moua a, sou vin-sètièm jou moua a, latè te sèch.

15 E Bondye te pale nan Noe, Li te di,

16 Soti nann lach la, ou, e madanm ou, e pitit gason ou yo, e madanm pitit gason ou yo avèk ou.

17 Minnin yo soti avèk ou tout bagay vivan ki avèk ou, nan tout chè, tou de zouazo, e nan bètay, e nan tout rèptil kap ranpe sou latè; ke yo kapab bride an abondans sou latè, e vi-n friktie, e miltiplie sou latè.

18 E Noe te soti, e pitit gason li yo, e madanm li, e madanm pitit gason li yo avèk li:

19 E tout bèt, tout bagay kap ranpe, e tout zouazo, e tout bagay kap ranpe sou latè, dapre kalite yo, te soti nan lach la.

20 E Noe te fè you lotèl pou Letènèl; e te pran nan chak bèt pròp, e nan tout zouazo, e te ofri olokos yo sou lotèl la.

21 E Letènèl te santi you odè dous; e Letènèl te di nan kè Li, Mouin pap modè latè pou tè lòm; paskè panse kè lòm mechan depi nan jinnès li: Mouin pap frape tout bagay ankò, jan Mouin te fè.

22 Pandan latè egziste, plante e mouasone, e fredri e chalè, e ete e livè, e jou e nuit pap rete.

Chapit 9

E Bondye te beni Noe e pitit gason li yo, e Li te di yo, Vi-n friktie, e miltiplie, e ranpli latè.

2 E la krint pou ou, e tèrè pou ou va sou tout bèt latè, e sou tout zouazo an lè, sou tout sa kap fè mouv-

man sou latè, e sou tout pouason nan lamè; nan min ou yo livre.

3 Tout bagay vivan avèk mouvman se va manje pou ou; minm jan legim vèt Mouin te ba ou tout bagay.

4 Min lachè avèk lavi ladan, ki kinyin se san ki ladan, ou pap manje.

5 E siman Mouin va mande san lavi nou yo: nan min tout bèt Mouin va mande li, e nan min lòm; e nan min frè tout òm Mouin va mande lavi lòm nan.

6 Ninpòt moun ki vèse san lòm, pa mouayin lòm san li va vèse: paskè nan imaj Bondye li te fè lòm.

7 E ou, vi-n friktie, e miltiplie; rapòte an abondans nan latè, e miltiplie ladan.

8 E Bondye te pale Noe, e pitit gason yo avèk li, tap di,

9 E Mouin, min ni, Mouin etabli aliens Mouin avèk nou, e avèk desandans nou yo apre nou;

10 E avèk tout bèt vivan ki avèk nou, nan zouazo yo, e bètay yo, e nan tout bèt sou latè avèk nou; depi nan tout ki soti nan lach la, jouk nan tout bèt sou latè.

11 E Mouin va etabli aliens Mouin avèk nou; tout chè pap detoui ankò pa delij dlo yo non plis; pa gin okinn lòt delij pou detoui latè ankò.

12 E Bondye te di, Sa se you sign sou aliens la ke Mouin fè ant Mouin e nou, e tout bèt vivan ki avèk nou, Pou jenerasion yo etènèl:

13 Mouin mete ak Mouin nan nuaj la, e li va you sign sou aliens Mouin e latè.

14 E li va vi-n pase, lè Mouin minnin you nauj pase sou latè, ke ak va vi-n parèt nan nuaj la:

15 E Mouin va sanje aliens Mouin, ki ant Mouin e ou minm e tout kreati vivan nan tout chè; e dlo yo pap devni you delij ankò pou detoui tout chè.

16 E ak la va nan nuaj la; e Mouin va gade sou li, ke Mouin kapab sonje aliens etènèl ant Bondye e tout kreati vivan nan tout chè ki sou latè.

17 E Bondye te di Noe, Sa se sign aliens la, ke Mouin te etabli ant Mouin e tout chè ki sou latè.

18 E pitit gason Noe yo, ki te soti nan lach la, te Sèm, e Kam, e Jafe: e Kam se papa Kanaan.

19 Sa yo se toua pitit gason Noe: e nan yo latè antie te gaye.

20 E Noe te kòmanse vi-n you òm latè, e li te plante you jadin rezin:

21 E li te bouè nan divin an, e li te sou; e li te touni anndan tant li.

22 E Kam, papa Kanaan an, te ouè nidite papa li, e li te di de frè yo ki deyò.

23 E Sèm e Jafe te pran you vètman, e te mete li sou tou de zepol yo, e te ale pa bak, e yo te kouvri nidite papa yo; e figi yo te deyè, e yo pat ouè nidite papa yo.

24 E Noe te reveye nan divin li, e te konnin sa pi jinn gason an te fè li.

25 E li te di, Maladiksion sou Kanaan; you sèvitè sèvitè li va ye pou frè li yo.

26 E li te di, Byinn-ere Letènèl Bondye Sèm; e Kanaan va sèvitè li.

27 Bondye va elaji Jafe, e li va demere nan tant Sèm yo; e Kanaan va sèvitè li.

28 E Noe te viv apre delij la pou toua san sinkant ane.

29 E tout jou Noe te nèt san sinkant ane: e li te mouri.

Chapit 10

Alò sa se jeneration pitit gason Noe yo; Sèm, Kam e Jafe: e pou pitit gason yo ki fèt apre delij la.

2 Pitit gason Jafe yo; Gomè, e Magòg, e Madai, e Javan, e Toubal, e Mechèk, e Tiras.

3 E pitit gason Gomè yo; Achkenoz, e Rifat, e Togama.

4 E pitit gason Javan yo; Elicha, e Tasis, Kitim, e Dodanim.

5 Pa sa yo zil Payin yo te divize nan payi yo; chak dapre lang li, dapre fanmi yo, nan nasion yo.

6 E pitit gason Kam yo; Kuch, e Mitsraim, e Put, e Kanaan.

7 E pitit gason Kuch; Saba, e Avila, e Sabta, e Raema, e Sabteka: e pitit gason Raema; Seba, e Dedan.

8 E Kuch te fè Nimròd: e li te kòmanse puisan sou latè.

9 Li te you chasè puisan devan Letènèl: se pou koua yo di konsa, Minm tankou Nimròd chasè puisan devan Letènèl.

10 E kòmansman rouayom li se te Babèl, e Erèk, e Akad, e Kalne, nan peyi Chinae.

11 Asu te soti peyi sa, e te bati Niniv, e lavil Reobòt, e Kalach.

12 E Rezan ant Niniv e Kalach: minm nan se you gran vil.

13 E Mitsraim te fè Ludim, e Anamim, e Leabim, e Naftuim,

14 E Patrusim, e Kasluim, (nan sila Filistim te soti;) e Kaftorim.

15 E Kanaan te fè Sidon premie ne li, e Et,

16 E Jebuziyin yo, e Amoreyin yo, e Gigazyin yo,

17 E Evyin yo, e Akyin yo, e Si-nyin yo,

18 E Avandyin yo, e Tsemaryin yo, e Amatyin yo: e apre fanmi Kananeyin yo te gaye.

19 E frontie Kananeyin yo te depi nan Sidon, lè ou pase nan Gera, vini nan Gaza; lè ou ale nan Sòdòm, e Gomò, e Adma, e Tseboim, minm nan Lecha.

20 Sa yo se pitit gason Kam yo, dapre fanmi yo, dapre lang yo, nan peyi yo, e nan nasion yo.

21 Pou Sèm tou, papa tout ti moun Ebè, frè Jafe pi gran an, minm pou li pitit gason yo te fèt.

22 Pitit gason Sèm yo; Elam, e Asu, e Apakchad, e Lud, e Aram.

23 E pitit Ara, yo; Uts.e Ul, e Getè, e Mach.

24 E Apakchad te fè Chelak; e Chelak te fè Ebè.

25 E pou Ebè de pitit gason te fèt: non youn te Pelèg; paskè nan jou li yo latè te divize; e non frè li te Joktan.

26 E Joktan te fè Almodad, e Chelèf, e Atsamanèt, e Jerak,

27 E Adoram, e Uzal, e Dikla,

28 E Obal, e Abimaèl, e Seba,

29 E Ofi, e Avila, e Jobab; tout sa yo te pitit gason Joktan.

30 E kote yo te depi nan Mecha, lè ou ale nan Sefa, you mòn nan ès la.

31 Sa yo se pitit gason Sèm, dapre fanmi yo, dapre lang yo, nan peyi yo, dapre nasion yo.

32 Sa yo se fanmi pitit gason Noe yo, dapre jenerasion yo, nan nasion yo: e pa mouayin sa yo nasion yo te divize sou latè apre delij la.

Chapit 11

E latè antie te you sèl lang, e you paròl.

2 E lè sa a, pandan yo te vouayaje soti nan ès, ke yo te jouinn you plèn Chineas: e you te demere la.

3 E yo te youn di lòt, Vini, an nou fè nou brik, e boule yo avèk dife. E yo te gin brik pou ròch, e yo te gin asfalt pou mòtie.

4 E yo te di, Vini, an nou fè nou you vil, e you tou, sila tèt li kapab rive nan sièl; e an nou fè you non pou nou, pou krint nou vi-n gaye sou tout fas latè.

5 E Letènèl te desann pou ouè la-vil e tou a, ke pitit lòm yo tap bati.

6 E Letènèl te di, Min ni, pèp la se youn, e tout gin you sèl lang: e sa yo te kòmpanse fè: e alò pa gin anyin kap retni yo, ke yo te imajine fè.

7 Vini, an Nou desann, e konfize lang yo la, ke yo pa kapab youn konpran lòt.

8 Alò Letènèl te gaye yo sou tout fas latè: e yo te kite bati vil la.

9 Se pou tèt sa yo rele non li Babel; paske se la Letènèl te konfize

lang tout latè: e depi la Letènèl te gaye yo sou tout fas latè.

10 Sa yo se jenerasion Sèm: Sèm te gin san ane, e li te fè Apakchad de ane apre delij la:

11 E Sèm te viv pou sink san ane apre li te fè Apakchad, e te fè pitit gason e fi yo.

12 E Apakchad te viv trant sink ane, e te fè Chelak:

13 E Apakchad te viv kat san toua ane apre li te fè Chelak, e te fè pitit gason e fi yo.

14 E Chelak te viv trant ane, e li te fè Ebè:

15 E Chelak te viv kat san toua ane apre li te fè Ebè, e te fè pitit gason e fi yo.

16 E Ebè te viv tran kat ane, e te fè Pelèg:

17 E Ebè te viv kat san trant ane apre li te fè Pelèg, e li te fè pitit gason e fi yo.

18 E Pelèg te viv trant ane, e te fè Reu:

19 E Pelèg te viv de san nèf ane apre li te fè Reu, e te fè pitit gason e fi yo.

20 E Reu te viv trant ane, e li te fè Serug:

21 E Reu te viv de san ane apre li te fè Serug, e te fè pitit gason e fi yo.

22 E Serug te viv trant ane, e te fè Nakò:

23 E Serug te viv de san ane e te fè pitit gason e fi yo.

24 E Nakò te viv vin nèf ane, e te fè Terak:

25 E Nakò te viv san diznèf ane apre li te fè Terak, e te fè pitit gason e fi yo.

26 E Terak te viv souasandiz ane, e te fè Abram, Nakò, e Aran.

27 Alò sa yo se jenerasion Terak: Terak te fè Abram, Nakò, e Aran; e Aran te fè Lòt.

28 E Aran te mouri devan Terak papa li nan peyi nesans li a, nan Ur nan Kalde yo.

29 E Abram e Nakò te pran madanm: non madanm Abram nan te

Sarai; e non madanm Nakò se te Milka, pitit fi Aran, papa Milka, e papa Jiska a.

30 Min Sarai te esteril; li pat gin okinn pitit.

31 E Terak te pran Abram pitit gason li, e Lòt pitit gason Aran, pitit a pitit li, e Sarai bèl fi li, madanm pitit gason li Abram; e yo te ale avèk yo soti nan peyi Ur nan Kalde yo, pou antre nan peyi Kanaan; e yo te vini nan Aran, e yo te demere la.

32 E jou Terak yo te de san sink ane: e Terak te mouri nan Aran.

DEZIEM PATI

Chapit 12

Alò Letènèl te gintan di Abram, Soti nan peyi ou, e nan fanmi ou, e nan lakay papa ou, nan you peyi ke Mouin va montre ou:

2 E Mouin va fè ou you gran mason, e Mouin va beni ou, e fè non ou gran; e ou va you benediksyon:

3 E Mouin va beni sa yo ki beni ou, e modi sa kap modi ou: e tout fanmi sou latè va beni nan ou.

4 Alò Abram te pati, jan Letènèl ta pale li; e Lòt te ale avèk li: e Abram te sousan kinz ane lè li te pati soti nan Aran.

5 E Abram te pran madanm li Sarai, e Lòt pitit gason frè li, e tout sibstans yo ke yo te ramanse, e nanm yo ke yo te gin nan Aran; e yo te soti pou ale nan Kanaan; e nan peyi Kanaan yo te vini.

6 E Abram te pase nan peyi jouk nan plas Sichèm nan, jouk nan plèn More. E Kananeyin yo te nan peyi a lè sa.

7 E Letènèl te parèt devan Abram, e te di, Nan desandans ou yo Mouin va bay peyi sa a: e la li te bati you lotèl pou Letènèl, Sila ki te parèt devan li.

8 E li te deplase la ale nan you mòn sou ès Betèl la, e te leve tant li, te gin Betèl sou louès, e Ai sou ès

la: e la li te bati you lotèl pou Letènèl, e te invoke non Letènèl.

9 E Abram te vouyaje, ale toujou nan dirèksyon sid la.

10 E te gin you grangou nan peyi a: e Abram te desann nan Egipt pou rete la; paske grangou a te rèd nan peyi a.

11 E sa te pase, lè li te vini tou pre pou antre nan Ejipt, ke li te di Sarai madanm li, Alò min ni, mouin konnin ke ou se you bèl fanm pou ouè:

12 Se pou tèt sa li va vi-n pase, lè Ejiptsin yo va ouè ou, ke yo va di, Sa se madanm li: e yo va touye mouin, min yo va sove ou vivan.

13 Di, mouin prie ou, ou se sè mouin: pou li kapab byin avèk mouin pou tèt ou; e nanm mouin va viv pou tèt ou.

14 E li te vi-n pase, ke, lè Abram te vini nan Ejipt, Ejiptsin yo te ouè fanm nan ke li te bèl anpil.

15 Prins Faraon yo tou te ouè li, e te rekòmande li devan Faraon: e yo te pran fanm nan antre lakay Faraon.

16 E li te trete Abram byin pou tèt li: e li te gin mouton e bèf, e mal burik yo, e sèvitè, e sèvant, e femèl burik yo, e chamo yo.

17 E Letènèl te frape Faraon e kay li avèk gran kalamite yo pou tèt Sarai madanm Abram.

18 E Faraon te rele Abram, e te di, Ki sa la ou te fè mouin? pouki sa ou pat di mouin li se madanm ou?

19 Pouki sa ou te di, Li se sè mouin? tèlman ke mouin ta babab pran li pou madanm mouin: alò se pou tèt sa, min, madanm ou, pran li, e ale chemin ou.

20 E Faraon te kòmande lòm li yo konsènin li: e yo te voye li ale avèk madanm li, e tout sa li te ginyin.

Chapit 13

EAbram te monte soti nan Ejipt, li, e madanm li minm, e tout sa li te ginyin, e Lòt avèk li, nan sid la.

2 E Abram te rich anpil nan bètay, nan lajan, e nan lò.

3 E li te ale nan vouyaj li yo soti nan sid jouk minm nan Betèl, nan plas kote tant li te ye nan kòmansman, ant Betèl e Ai;

4 Nan plas lotèl la, ke li te fè an premie a: e la Abram te invoque non Letènèl.

5 E Lòt tou, ki te ale avèk Abram, te gin troupou yo, e bann yo, e tant yo.

6 E peyi a pat babap sipòte yo, pou yo kapab demere ansanm: paske sibstans yo te gran, tèlman ke yo pat kapab demere ansanm.

7 E te gin you kont ant gadyin bètay Abram yo e gadyin bètay Lòt yo: e lè sa Kananeyin yo e Ferezyin yo te demere nan peyi a.

8 E Abram te di Lòt, Pa kite okinn kont leve ant mouin e ou, e ant gadyin mouin yo e gadyin ou yo; paske se frè nou ye.

9 Eskè tout peyi a pa devan ou? separe ou minm, avèk mouin, mouin prie ou. Si ou va pran min gòch la, alò mouin va ale adouat; ou byin si ou pati aboutat, alò mouin va ale agòch.

10 E Lòt te lave je li yo, e te gade tout plèn Joudin an, ke li te byin rouze tou patou, avan Letènèl te detoui Sodòm e Gomò, minm tankou jadin Letènèl, kòm peyi Ejipt la pandan ou vini antre Tsoa.

11 Alò Lòt te chouazi tout plèn Joudin an; e Lòt te vouyajé nan dirèksion ès la: e yo te separe yo minm youn nan lòt la.

12 Abram te demere nan peyi Kanaan, e Lòt te demere nan vil plèn yo, e te leve tant li nan dirèksion Sodòm.

13 Min lòm Sodòm yo te mechan e pechè devan Letènèl anpil, anpil.

14 E Letènèl te di Abram, apre Lòt te separe avèk li, Alò leve je ou yo, e gade nan plas kote ou ye nan dirèksion nò, e nan sid, e nan ès, e nan louès:

15 Paske tout tè ke ou ouè, Mouin va ba ou li, e desandans ou yo pou toujou.

16 E Mouin va fè desandans ou yo tankou pousie latè: tèlman ke si you moun kapab konte pousie latè, alò se konsa desandans ou yo va konte.

17 Leve, mache pase peyi a nan longè li, e nan lajè li; paske Mouin va ba ou li.

18 Alò Abram te deplase tout tant li, e te vini, e te demere nan plèn Mamre a, ki se Ebron, e te bati you lotèl la pou Letènèl.

Chapit 14

E li te vi-n pase nan jou Amrafèl roua Chineza, Ajòk roua Elaza, Kedòlaòmè roua Elam, e Tideal roua nasion yo;

2 Ke sa yo te fè lagè avèk Bera roua Sodòm, e avèk Bicha rour Gomò, Chineab rour Adma, e Chemebè rour Tseboim, e roua nan Bela, ki se Tsoa.

3 Tout sa yo te asosie ansanm nan vale Sidim nan, ki se lamè sale.

4 Doua ane yo te sèvi Kedòlaòmè, e nan katrièm ane yo te revolte.

5 E nan katòzièm ane Kedòlaòmè te vini, e roua yo ki te avèk li, e te frape Refaim yo nan Achteròt-Kanaim, e Zuzim yo nan Ham, e Emim yo nan Chave-Kijataim,

6 E Oryin yo nan mòn yo Sei jouk nan El-paran, ki bò kote dezè a.

7 E yo te retounin, e te vini nan An-Michpat, ki se Kadès, e te frape tout peyi Amalesit yo, e Amoreyin yo tou, ki te demere nan Hatsatson-Toma.

8 E roua Sodòm nan, e roua Gomò a, e roua Adma a, e roua Fseboin nan, e roua Bela a (li minm se Tsoa:) e yo te mete nan lagè avèk yo nan vale Sidim nan;

9 Avèk Kedòlaòmè roua Elam nan, e avèk Tideal roua nasion yo, e Amrafèl roua Chineza a, e Ajòk roua Elaza a; kat roua konte sink.

10 E vale Sidem nan te plin asfalt; e roua Sodòm e Gomò yo te evite, e te tonbe la; e sa yo ki te rete te evite nan mòn nan.

11 E yo te pran tout byin Sodòm e Gomò yo, e tout manje yo, e te ale chemin yo.

12 E yo te pran Lòt, pitit gason frè Abram, ki te demere nan Sodòm, e byin li yo, e te pati.

13 E gin youn ki te chape, e te di Abram Ebre a; paske li te demere nan plèn Mamre Amoreyin an, frè Eskòl, e frè Anè: e sa yo te fè aliens avèk Abram.

14 E lè Abram te tandè ke yo te pran frè li kaptif, li te ame toua san dizuit sèvitè ki te instoui, ki te fèt nan pròp kay li, e te pousuiv yo jouk nan Dan.

15 E li te divize li minm kont yo, li e sèvitè li yo, nan nuit, e te frape yo, e te pousuiv yo nan Koba, ki se sou min gòch Damas.

16 E li te fè retouini tout byin yo, e te minnin ankò frè li Lòt, e byin li yo, e fanm yo tou, e pèp la.

17 E roua Sodòm nan te ale deyò pou kontre li apre li te retounin nan egorje Kedòlaòmè a, e roua yo ki te avèk li, nan vale Chave a, ki se vale roua a.

18 E Mèlkisedèk roua Salèm nan te pòte pin e divin: e li te sakrifika a pou Bondye Tre-Ro-a.

19 E li te beni li, e te di, Byinn-ere Abram pa Bondye Tre-Ro a, posèdè sièl e latè:

20 E byinn-ere Bondye Tre-Ro a, ki te delivre ènmi ou yo nan min ou. E li te ba li la dim nan tout.

21 E roua Sodòm nan te di Abram, Ban mouin pèsonn yo, e pran byin yo pou ou minm.

22 E Abram te di roua Sodòm nan, Mouin te leve min mouin nan Letènèl, Bondye Tre-Ro a, posèdè sièl e latè,

23 Ke mouin pap pran youn fil jouk minm nan you lasèt soulie, e ke mouin pap pran anyin ki pou

ou, pou krint ou ta di, Mouin te fè Abram rich:

24 Sòf sèlman sa jèn òm yo te manje, e pòsion òm yo ki te ale avèk mouin, Anè, Eskòl, e Mamre; kite yo pran pòsion yo.

Chapit 15

Apre bagay sa paròl Letènèl te vini nan Abram nan you vizion, tap di, Pa krint, Abram: Mouin se bouklié ou, e tre gran rekonpans ou.

2 E Abram te di, Letènèl Bondye, Ki sa Ou va ban mouin, piske mouin prale san pitit, e jeran lakay mouin se Eliezè nan Damas?

3 E Abram te di, Min ni, pou mouin Ou pat ban mouin okinn desandan: e, min ni, youn ki fèt nan kay mouin se eritie mouin.

4 E, min ni, paròl Letènèl te vini nan li, tap di, Sa pap eritie ou; min sa kap soti nan pròp zantray ou va reitie ou.

5 E Li te minnin li deyò, e te di, Alò gade nan dirèksion sièl, e konte zetoual yo, si ou kapab konte yo: e Li te di li, Konsa desandans ou yo va ye.

6 E li te kouè nan Letènèl; e Li te konte li kòm jistis pou li.

7 E Li te di li, Mouin se Letènèl ki te minnin ou soti nan Ur peyi Kalde yo, pou ba ou tè sa pou eritie ou.

8 E li te di, Segnè Bondye, ki jan mouin va konnin ke mouin va eritie li?

9 E Li te di li, Pran pou Mouin you gazèl bèf laj toua ane, e you femèl kabrit laj toua ane, e you belie mouton laj toua ane, e you jinn pignon.

10 E li te pran pou li tout sa yo, e te divize yo nan mitan, e te mete chak piès viz-z-viz lòt: min li pat divize zouazo yo.

11 E lè zouazo yo te desann sou kadav yo, Abram te chase yo ale.

12 E pandan solèy tap desann, you fon sonmèy te tonbe sou Abram; e,

min ni, you tèrè sou gran tanèb te tonbè sou li.

13 E Li te di Abram, Konnin sètinan ke desandans ou va you etranje nan you peyi ki pa pou yo, e va sèvi yo; e yo va aflije yo kat san ane;

14 E nasion sa a tou, sila yo va sèvi, Mouin va jije: e apre yo va soti avèk gran sibstans.

15 E ou va ale kote papa ou yo nan la pe; ou va antere nan you bon gran laj.

16 Min nan kartièm jenerasion an yo va vini isit ankò: paske inikite Amoreyin yo patko konplèt.

17 E li te vi-n pase, ke, lè sloèy a te fi-n desann, e li te fè noua, min ni, you founèz ap fimin, e you lanp ki boule kap pase ant piès yo.

18 Nan minm jou sa Letènèl te fè you aliens avèk Abram, tap di, Pou desandans ou Mouin te bay tè sa, depi nan rivie Ejip jouk nan gran rivie, rivie Lefrat;

19 Kenyin yo, e Kenizyin yo, e Kadmonyin yo,

20 E Etyin yo, e Ferezyin yo, Refain yo

21 E Amoreyin yo, e Kananeyin yo, e Gigazin yo, e Jebuzyin yo.

Chapit 16

Alò Sarai madanm Abram pa te fè okinn ti moun pou li: e li te gin you sèvant, you Ejiptyin, sila non li te Aga:

2 E Sarai te di Abram, Alò min ni, Letènèl te rete mouin anfanste: mouin prie ou, antre kote sèvant mouin: li kapab rive ke mouin kapab obteni ti moun pa li. E Abram te koute voua Sarai.

3 E apre Abram te demere pou dis ane nan peyi Kananeyin yo Sarai, madanm Abram, te pran Aga, sèvant li a, e ki te bay Abram, mari li, pou madanm li.

4 E li te antre kote Aga, e li te vi-n ansint: e lè li te ouè ke li te ansint, mètrès li te vi-n meprize nan je li yo.

5 E Sarai te di Abram, Fòt mouin vini sou ou: mouin te bay sèvant mouin nan sin ou; e lè li te ouè ke li te vi-n ansint, mouin te vi-n meprize nan je li yo: Letènèl jije ant mouin e ou.

6 Min Abram te di Sarai, Min ni, sèvant ou nan min ou; fè li jan sa va fè ou plezi. E lè Sarai te aji sevè avèk li, li te soti nan fas li.

7 E zanj Letènèl te jouinn li bò you sous dlo nan dezè a, bò mòn yo nan chemin Chu a.

8 E li te di, Aga, sèvant Sarai, kote ou soti? e kote ou prale? E li te di, Map kouri soti nan fas mètrès mouin Sarai.

9 E zanj Letènèl te di li, Retounin kote mètrès ou, e soumèt ou minm anba min li yo.

10 E zanj Letènèl te di li, Mouin va miltiplie desandans ou anpil, ke li pap kapab konte pou tèt miltitud.

11 E zanj Letènèl te di li, Min ni, ou ansint, e va fè you pìtit gason, e va rele non li Ismaèl; paske Letènèl te tandè afliksion ou.

12 E li va you lòm marom; min li va kont tout moun, e min tout moun va kont li: e li va demere nan prezans frè li yo.

13 E li te rele non Letènèl ki te pale avèk li, Bondye Ou ki ouè mouin: paske li te di, Eskè mouin te gade dèyè Sila kap ouè mouin?

14 Se pou koua pui a te rele Beyè-lakay-Roi; min ni, li ant Kadès e Barèd.

15 E Aga te fè Abram you pìtit gason; e Abram te rele non pìtit gason li, ke Aga te fè a, Ismaèl.

16 E Abram te katre-vingt-tan, lè Aga te fè Ismaèl pou Abram.

Chapit 17

Elè Abram te karte-vingt-tan, lè li te parèt kote Abram, e Li te di li, Mouin se Bondye Tou Puisan An; mache devan Mouin, e se pou ou pafè.

2 E Mouin va fè aliens Mouin ant Mouin e ou, e Mouin va multiplie ou anpil.

3 E Abram te tonbe sou fas li: e Bondye te pale avèk li, tap di,

4 Konsènin Mouin, min ni, aliens Mouin avèk ou, e ou va papa anpil nasion yo.

5 Non ou pap rele Abram ankò non plis, min non ou va Abraam; paske ou papa pou anpil nasion Mouin te fè ou.

6 E Mouin va fè ou friktie anpil, e Mouin va fè nasion nan ou, e roua yo va soti nan ou.

7 E Mouin va etabli aliens Mouin ant Mouin e ou e desandan ou apre ou nan jenerasion yo, pou you aliens etènèl, pou Mouin you Bondye pou ou e pou desandan ou apre ou.

8 E Mouin va ba ou, e desandans ou apre ou, tè a kote ou se you etranje, tout peyi Kanaan, pou you pozesion etènèl; e Mouin va Bondye yo.

9 E Bondye te di Abraam, Se pou tèt sa ou va kinbe aliens Mouin, ou, e desandan ou apre ou nan jenerasion yo.

10 Sa se aliens Mouin, ke ou va kinbe, ant mouin e ou e desandans ou apre ou; Chak pitit gason pami nou va vi-n sikonsi.

11 E nou va sikonsi chè prepis nou; e li va you sign sou aliens ant Mouin e nou.

12 E sa ki gin laj uit jou va vi-n sikonsi pami nou, tout pitit gason nan jenerasion nou yo, sa ki fèt nan lakay, ou byin achte avèk lajan nan ninpòt okinn etranje, ki pa nan desandans nan.

13 Sa ki fèt nan kay nou, e sa ki achte avèk lajan, fòk li sikonsi: e aliens Mouin va nan chè nou pou you aliens etènèl.

14 E pitit gason ki sikonsi, sila pa gin chè prepis li sikonsi va detouï pami pèp; li te viole aliens Mouin.

15 E Bondye te di Abraam, Kanta Sarai madanm ou, ou pap rele non li Sarai, min non li va Sara.

16 E Mouin va beni li, e ba ou you pitit gason pa li tou: oui, Mouin va beni li, e li va you manman nasion yo; roua yo va soti nan li.

17 Alò Abraam te tonbe sou fas li, e te ri, e te di nan kè li, Eskè you ti moun va fèt pou li ki gin san ane? e Sara ki gin katre-vin-diz ane, eskè li va anfanter?

18 E Abraam te di Bondye, O ke Ismaèl kapab viv devan Ou!

19 E Bondye te di, Sara madanm ou va fè you pitit gason vrèman; e ou va rele non li Izaak: e Mouin va etabli aliens Mouin avèk li, pou you aliens etènèl, e avèk desandan li apre li.

20 E kanta Ismaèl, Mouin te tan-de ou: Min ni, Mouin te beni li, e va fè li friktie, e va multiplie li anpil; douz prins li va fè, e Mouin va fè li you gran nasion.

21 Min aliens Mouin, Mouin va etabli avèk Izaak, ke Sara va fè pou ou nan lè fiks a nan ane prochin.

22 E Li te sispann pale avèk li, e Bondye te monte kite Abraam.

23 E Abraam te pran Ismaèl pitit gason li, e tout ki te nan kay li, e tout ki te achte avèk lajan li, tout mal pami lòm lakay Abraam; e li te sikonsi chè prepis yo nan minm jou a, jan Bondye te di li.

24 E Abraam te gin laj katra-vin-diznèf ane, lè li te sikonsi nan chè prepis li.

25 E Ismaèl pitit gason li te laj trèz ane, lè li te sikonsi nan chè prepis li.

26 Nan minm jou Abraam te sikonsi, e Ismaèl pitit gason li.

27 E tout lòm lakay li, fèt nan kay la, e ki te achte avèk lajan nan you etranje, te sikonsi avèk li.

Chapit 18

ELetènèl te parèt kote li nan plèn Mamre yo: e li te chita nan pòt tant li la nan chalè jou a;

2 E li te leve je li yo e te gade, e, min ni, toua lòm te kanpe bò li: e lè li te ouè yo, li te kouri soti nan pòt tant la pou kontre yo,

3 E te di, Segnè mouin, alò si mouin gintan jouinn favè nan je Ou, pase kite sèvitè Ou, mouin prie Ou:

4 Mouin prie Ou, pemèt nou pran kèk ti dlo, e lave pie Ou yo, e re-poze Nou minm anba pie boua a:

5 E mouin va pran you mòso pin, e konsole kè Nou yo; apre sa Nou va ale: paske se pou tèt sa Nou te vini kote sevité Ou. E Yo te di, Fè konsa, jan ou te di.

6 E Abraam te fè vit antre nan tant kote Sara, e te di, Fè vit pre-pare toua mezi farinn fin, petri li, e kuit gato sou fou a.

7 E Abraam te kouri kote troupou a e li te pran you ti vo mou e bon, e te bay you jinn òm li; e li te fè vit pou kòche li.

8 E li te pran bè, e lèt, e ti vo ke li te kòche, e te mete devan Yo; e li te kanpe bò kote Yo anba pie boua a, e Yo te manje.

9 E Yo te di li, Kote Sara madanm ou? E li te di, Min ni, nan tant la.

10 E Li te di, Mouin va retounin kote ou siman dapre tan lavi, e min ni, Sara madanm ou va fè you pitit gason. E Sara te tandè li nan pòt tant la, ki te dèyè li.

11 Alò Abraam e Sara te vie e te byin rive nan laj; e li te rete avèk Sara dapre fason fanm yo.

12 Se pou tet sa Sara te ri anndan li minm, tap di, Eskè mouin va gin plezi apre mouin te vi-n vie, segnè mouin vie tou?

13 E Letènèl te di Abraam, Pouki sa Sara te ri, tap di, Eskè mouin ki vie va fè you ti moun siman?

14 Eskè gin okinn bagay ki tro difisil pou Letènèl? Nan tan ekipe a Mouin va retounin kote ou, dapre tan lavi, e Sara va fè you pitit gason.

15 Alò Sara te nie, tap di, Mouin pa te ri; paske li te pè. E li te di, Non; min ou te ri.

16 E lò, Yo te leve nan plas la, e te gade nan derèksion Sodòm: e Abraam te ale avèk Yo pou minnin Yo sou chemin an.

17 E Letènèl te di, Eskè Mouin va kache Abraam bagay ke Mouin pral fè:

18 Paske Abraam va devni you gran nasion e puisan siman, e tout nasion sou latè va vi-n beni pa li?

19 Paske Mouin konnin li, ke li va kòmande ti moun li yo e lakay li apre li, e yo va obsève chemin Letènèl, pou fè jistis e jijman; ke Letènèl kapab fè pou Abraam sa ke Li te pale sou li.

20 E Letènèl te di, Piske kri Sodòm e Gomò gran, e piske peche yo grav anpil,

21 Mouin va desann koun-ye a, e ouè si yo te fè antièman dapre kri li a, ki vini kote Mouin, e si pa sa, Mouin va konnin.

22 E lòm yo te vire fas yo nan plas la, yo ale nan dirèksaion Sodòm: min Abraam te toujou kanpe devan Letènèl.

23 E Abraam te vini pre, e li te di, Eskè Ou va detoui jis la avèk mechan an?

24 Si se ginyin sinkant jis anndan vil la: eskè Ou va detoui li pa san Ou menaje plas la pou tèt sinkant jis ki ladan?

25 Sa louin Ou pou fè dapre fason sa, pou touye jis la avèk mechan an: e ke jis la tankou mechan an, sa louin Ou: Eskè Jij tout latè pap fè la jistis?

26 E Letènèl te di, Si Mouin jouinn nan Sodòm sinkant jis nan vil la, alò Mouin va menaje tout plas la pou tèt yo.

27 E Abraam te reponn e li te di, Alò min ni, mouin te pran li sou mouin pou pale nan Letènèl, Mouin ki se sèlman pousie e sann:

28 Si se konsa va manke sink nan sinkant jis la: eskè Ou va detoui tout vil la pou sink ki manke a? E

Li te di, Si Mouin jouinn la karant sink, Mouin pap detoui li.

29 E li te pale avèk Li toujou ankò, e li te di, Si se konsa Ou va jouinn karant la. E Li te di, Mouin pap fè sa pou tèt karant.

30 E li te di, O pa fache Letènèl, e mouin va pale: Si se trant Ou jouinn la. E li te di, Mouin pap fè sa, si Mouin jouinn trant la.

31 E li te di, Alò min ni, mouin te pran sou mouin pou pale avèk Letènèl: Si Ou va jouinn vin la. E Li te di, Mouin pap detoui li pou tèt vin.

32 E li te di, O pa fache Letènèl, e mouin pale toujou sou sa: si Ou va jouinn dis la. E Li te di, Mouin pap detoui li pou tèt dis.

33 E Letènèl te ale chemin Li, lè Li te fi-n pale avèk Abraam: e Abraam te retounin nan plas li.

Chapit 19

Ete gin de zanj ki te vini nan Sodòm nan souare a; e Lòt te chita nan pòtal Sodòm nan: e lè Lòt te ouè yo li te leve pou kontre yo; e li te bese li minm avèk fas li a tè;

2 E li te di, Alò min ni, segnè mouin yo, mouin prie, vire antre nan kay sevitàè nou, e rete tout nuit la, e lave pie nou yo, e nou va leve bonè, e ale chemin nou yo. E yo te di, Non; min nou va rete nan lari tout nuit la.

3 E li te pese sou yo anpil; e yo te vire antre kote li, e yo te antre la kay li; e li te fè you fèt pou yo, e li te kuit pin san ledvin, e yo te manje.

4 Min avan yo te kouche, lòm lavil la, minm lòm Sodòm yo, te anvironnin kay la tout otou, tou de anyin e jinn, tout pèp nan tout zonn nan:

5 E yo te rele Lòt, e te di li, Kote lòm yo ki te antre kote ou nan nuit sa? minnin yo soti kote nou, pou nou kapab konnin yo.

6 E Lòt te soti nan pòt la kote yo, e te fèmin pòt la apre li,

7 E li te di, Mouin prie nou, frè yo, pa fè mechanste sa.

8 Alò min ni, mouin ginyin de fi ki pat konnin okinn òm; mouin prie nou, kite mouin minnin yo soti kote nou, e fè yo jan li bon nan je nou yo: min pa fè òm sa yo anyin; paske se pou tèt sa yo te antre anba lombraj do kay mouin.

9 E yo te di, Kanpe dèyè. E yo te di ankò, You òm te vini pou sejourne, e li va bezouin you jij: koun-ye a nou va aji pi mal avèk ou pase avèk yo. E yo te prese rèd sou òm nan, minm Lòt, yo te vini pre pou kraze pòt la.

10 Min lòm yo te lonje min yo, e yo te rale Lòt antre nan kay la avèk yo, e yo te fèmin pòt la.

11 E yo te frape lòm yo ki te bò pòt kay la avèk avègleman, tou de pitit e gran: tèlman ke yo te fatige yo minm pou jouinn pòt la.

12 E lòm yo te di Lòt, Eskè ou gin kèk isit ankò? bò fis, e pitit gason ou, e ti fi ou yo, e ninpòt moun ou gin nan vil la, minnin yo soti nan plas sa;

13 Paske nou va detoui plas sa, paske kri yo vi-n gran devan fas Letènèl; e Letènèl te voye nou pou detoui li.

14 E Lòt te soti, e te pale nan bò fis li yo, ki te marie fi li yo, e te di, Leve, soti nan plas sa: paske Letènèl pral detoui vil sa. Min li te sanble you kap moke pou bò fis li yo.

15 E lè matin an te leve, alò zanj yo te prese Lòt, tap di, Leve, pran madanm ou, e de fi ou yo, ki la; pou krint ou va konsime nan inikite vil la.

16 E pandan li te mize, lòm yo te pran min li, e sou min madanm li, e sou min dife li yo; e Letènèl ap aje mizerikòdie nan li: e yo te minnin li soti, e te mete li deyò vil la.

17 E lè sa a, lè yo te gintan minnin yo soti, e li te di, Chape pou lavi nou; pa gade dèyè nou, ni nou

pa rete nan plèn ditou; chape nan mòn nan, pou krint nou vi-n konsime.

18 E Lòt te di yo, O, Pa konsa, se-gnè mouin:

19 Alò min ni, sevitàe ou te jouinn gras nan je ou, e ou te egzalte mize-rikòd ou, ke ou te montre nou pandan ou sove lavi mouin; e mouin pa kapab chape nan mòn nan pou krint kèk mal pran mouin, e mouin mouri:

20 Alò min ni, vil sa tou pre pou mouin evite antre, e li se you piti: O kite mouin chape la, (eskè li pa you piti?) e nanm mouin va viv.

21 E li te di li, Ouè, mouin te ak-sèpte ou konsènin bagay sa tou, ke mouin pa ranvèse vil sa, ke ou te pale sou li.

22 Fè vit, chape la; paske mouin pa kapab fè anyin jouk lè ou fi-n vini la. Se pou tèt sa non vil la te rele Tsoa.

23 Solèy te gintan leve sou latè lè Lòt te antre nan Tsoa.

24 Lè Letènèl te voye souf e dife sou Sodòm e sou Gomò soti nan Letènèl sièl nan sièl;

25 E li te ranvèse vil sa yo, e tout plèn nan, e tout abitan yo nan vil yo, e sa ki te grandì sou latè.

26 Min madanm li ki dèyè li te gade dèyè, e li te devni you potò sèl.

27 E Abraam te leve ale bonè nan matin an nan plas la kote li te kanpe devan Letènèl:

28 E li te gade nan dirèksion Sodòm e Gomò, e nan dirèksion tout peyi plèn nan, e te gade, e, min ni, la fimin peyi a te monte tankou la fimin you founèz.

29 E lè sa a, lè Bondye te detoui vil plèn yo, ke Bondye te sonje Abraam, e te voye Lòt soti nan mitan destriksion, lè Li te ranvèse vil yo kote Lòt te demere.

30 E Lòt te soti nan Tsoa, e te demere nan mòn nan, e de fi yo avèk li; paske ki te pè demere nan Tsoa:

e li te demere nan you kavo avèk de fi li yo.

31 E premie ne a te di pi jinn nan, Papa nou vie, e pa gin okinn òm sou latè pou antre kote nou dapre fason tout latè:

32 Vini, an nou fè papa nou bouè divin, e nou va kouche avèk li, ke nou kapab konsève desandan papa nou.

33 E yo te fè papa yo bouè divin nuit sa; e premie ne a te antre, e te kouche avèk papa li; e li pat konnin lè li te kouche, ni lè li te leve.

34 E li te vi-n pase nan matin an, ke premie ne a te di pi jinn nan, Min ni, mouin te kouche yè soua avèk papa mouin: kite nou fè li bouè divin nuit sa tou; e ou antre, e kouche avèk li, ke nou kapab konsève desandan pou papa nou.

35 E yo te fè papa yo bouè divin nuit sa a tou: e pi jinn nan te leve e kouche avèk li; e li pat konnin lè li te kouche, ni lè li te leve.

36 Konsa tou de fi Lòt yo te avèk pitit pou papa yo.

37 E premie ne a te fè you pitit gason, e te rele non li Moab: minm nan se papa Moabit you jouk nan jou sa.

38 E pi jinn nan, li te fè you pitit gason tou, e te rele non li Binn-Ami: minm nan se papa ti moun Amon jouk jou sa.

Chapit 20

E Abraam te vouyaje soti la nan dirèksion peyi sid la, e te demere ant Kadès e Chu, e te sejourne nan Gera.

2 E Abraam te di sou Sara madanm li, Li se sè mouin: e Abimelèk roua Gera te voye, e te pran Sara.

3 Min Bondye te vi-n kote Abimelèk nan you rèv nan nuit, e Li te di li, Min ni, ou se yo òm mouri, pou tèt fanm nan ke ou te pran; paske li se madanm you òm.

4 Min Abimelèk pat vini kote li: e li te di, Segnè, eskè Ou va frape you nasion jis tou?

5 Eskè li pat di mouin, Li se sè mouin? e li, minm li minm te di, Li se frè mouin: nan la douati kè mouin e inosans min mouin, mouin te fè sa.

6 E Bondye te di nan you rèv, Oui, Mouin konnin ke ou te fè sa nan la douati kè ou; paske Mouin te kinbe ou pou ou pa peche kont Mouin: se pou tèt sa Mouin pat pè-mèt ou touche li.

7 Alò se pou tèt sa restore òm nan madanm li; paske li se you profèt, e li va lapriè pou ou, e ou va viv: e si ou pa restore li, konnin ke ou va mourì, ou, e tout sa ki pou ou.

8 Se pou tèt sa Abimelèk te leve bonè nan matin an, e te rele sèvitè li yo, e te di yo tout bagay sa yo nan zorèy yo: e lòm yo te pè anpil.

9 Alò Abimelèk te rele Abraam, e te di li, Ki sa ou te fè sou nou? e ki sa mouin te ofanse ou, ke ou fè vini sou mouin e sou rouayom mouin you gran peche? ou te fè aksion you sou mouin ki pat douè fèt.

10 E Abimelèk te di Abraam, Ki sa ou te ouè, ke ou te fè bagay sa?

11 E Abraam te di, Paske mouin te panse, Siman la krint pou Bondye pa nan plas sa, e yo va touye mouin pou tèt madanm mouin.

12 E li toujou sè mouin vrèman; li se ti fi papa mouin, min pa te fi manman mouin; e li te devni madanm mouin.

13 E li te vi-n pase, lè Bondye te fè mouin soti nan kay papa mouin, mouin te di li, Sa se bonte ke ou va montre nan mouin; nan chak plas kote nou va vini, di sou mouin, Li se frè mouin.

14 E Abimelèk te pran mouton, e bèf, e sèvitè yo, sèvant yo, e te bay Abraam yo, e te restore li Sara madanm li.

15 E Abimelèk te di, Min ni, peyi mouin devan ou: demere kote li fè ou plezi.

16 E pou Sara li te di, Min ni, mouin te bay frè ou you mil piès

ajan: min ni, li se pou ou you kou-vèti pou je ou, e pou tout ki avèk ou, e avèk tout lòt: konsa li te re-prove li.

17 Alò Abraam te lapriè Bondye: e Bondye te geri Abimelèk, e madanm li, e sèvant li yo; e yo te fè ti moun.

18 Paske Letènèl te fèmin tout zantray yo nan lakay Abimelèk pou tèt Sara, madanm Abraam.

Chapit 21

E Letènèl te vizite Sara jan Li te di, e Letènèl te fè pou Sara jan Li te pale.

2 Paske Sara te vi-n ansint, e te fè pou Abraam you pitit gason nan vie laj li, nan tan fiks la, nan sa Bondye te pale li.

3 E Abraam te rele non pitit gason li ki te fèt pou li, sila Sara te fè pou li, Izaak.

4 E Abraam te sikonsi Izaak pitit gason li lè li gin laj uit jou, jan Bondye te kòmande li.

5 E Abraam te laj san ane, lè Izaak pitit gason li te fèt pou li.

6 E Sara te di, Bondye te fè mouin ri, pou tout ki tande va ri avèk mouin.

7 E li te di, Ki moun ki ta ka di Abraam, ke Sara ta bay ti moun tete? paske mouin te fè li you pitit gason nan vie laj li.

8 E pitit la te grandi, e te sevre: e Abraam te fè you gran fèt minm jou a ke Izaak te sevre.

9 E Sara te ouè pitit gason Aga Ejipsièn an, ke li te fè pou Abraam, ape moke.

10 Se pou koua li te di Abraam, Jete sèvant sa deyò e pitit li: paske pitit gason sèvant sa a pap eritie avèk pitit gason mouin, minm avèk Izaak.

11 E bagay la te douloure nan je Abraam pou tèt pitit gason li.

12 E Bondye te di Abraam, Pa kite li douloure nan je ou pou tèt ti gason an, e pou tèt sèvant ou;

nan tout Sara te pale ou, koute voua li; paske nan Izaak desandans ou va rele.

13 E nan pitit gason sèvant la Mouin va fè you nasion tou, paske li se desandan ou.

14 E Abraam te leve bonè nan matin an, e te pran pin, e you boutèy dlo, e te bay Aga li, mete sou zepol li, e pitit gason an, e te voye li ale: e li te pati, e te egare nan dezè Beè-Cheba a.

15 E dlo a te fini nan boutèy la, e li te jete pitit la anba youn nan touf boua yo.

16 E li te ale, e li te plase li minm you bon distans viz-a viz nan li, kòm mezi youn flèch ta kapab rive: paske li te di, Pa kite mouin ouè lamò pitit la. E li te chita viz-a viz li, e te leve voua li, e te krie.

17 E Bondye te tandè voua ti gason an; e zanj Bondye a te rele Aga depi nan sièl, e te di li, Ki sa ginyin, Aga? pa pè; paske Bondye te tandè voua ti gason an kote li ye.

18 Leve, leve ti gason an, e kinbe li nan min ou; paske Mouin va fè li you gran nasion.

19 E Bondye te ouvri je li yo, e li te ouè you pui dlo; e li te ale, e te plin boutèy la avèk dlo, e te bay ti gason an bouè.

20 E Bondye te avèk ti gason an; e li te grandi, e li te demere nan dezè a, e li te devni you tirè-de flèch.

21 E li te demere nan dezè Paran an: e manman li te pran li you madanm pou li nan Ejip.

22 E li te vi-n pase nan tan sa, ke Abimelèk e Pikòl chèf kapitèn lame li te pale avèk Abraam, tap di, Bondye avèk ou nan tout sa ou fè:

23 Alò se pou tèt sa sèmante ba mouin isit devan Bondye ke ou pap aji mal avèk mouin, ni avèk pitit gason mouin, ni avèk pitit pitit gason: min dapre bonte ke mouin te fè ou, ou va fè mouin, e pou peyi a kote ou tap sejourne.

24 E Abraam te di, Mouin va sèmante.

25 E Abraam te blanmin Abimelèk pou tèt you pui dlo, ke sèvitè Abimelèk yo te ouete avèk violans.

26 E Abimelèk te di, Mouin pa konnin ki moun li te fè bagay sa a; ou pat di mouin non plis, ni mouin pat tandè sa, jouk jodi a.

27 E Abraam te pran mouton e bèf, e li te bay Abimel yo; e you tou de te fè you aliens.

28 E Abraam te mete sèt ti femèl mouton nan troupo a pou kont yo.

29 E Abimelèk te di Abraam, Ki sa sèt ti femèl mouton sa yo signifie ke ou te mete pou kont yo?

30 E li te di, Pou sèt ti femèl mouton sa yo ou va pran min mouin, ke yo kapab you temouin pou ou, ke mouin te fouye pui sa a.

31 Se pou tèt sa li rele plas sa a Beè-Cheba; paske la yo tou de te sèmante.

32 Konsa yo te fè you aliens nan Beè-Cheba: lè Abimelèk te leve, e Pikòl chèf kapitèn lame li, e yo te retouni nan peyi Filistin yo.

33 E Abraam te plante you boske boua nan Beè-Cheba, e la li te invoque non Letènèl, Bondye Etènèl la.

34 E Abraam te sejourne mam peyi Filistin yo anpil jou.

Chapit 22

E lè sa a apre bagay sa yo, ke Bondye te eseye Abraam, e Li te di, Abraam: e li te di, Min mouin.

2 E Li te di, Alò pran pitit gason ou, sèl pitit gason ou Izaak, sila ou rinmin, e ale nan peyi Morija; e ofri li la pou you olokos sou youn nan mòn yo ke Mouin va di ou.

3 E Abraam te leve bonè nan matin an, e te mete sèl sou bourik li, e te pran de nan jinn òm yo avèk li, e Izaak pitit gason li, e li te fann boua a pou olokos la, e li te leve, e te ale nan plas la kote Bondye te di li.

4 Alò sou touazièm jou a Abraam te leve je li yo, e te ouè plas la loun.

5 E Abraam te di jinn òm li yo, Rete isit avèk bourik la; e mouin e ti gason an va ale laba e adore, e vini ankò kote nou.

6 E Abraam te pran boua pou olokos la, e te mete li sou Izaak pitit gason li; e li te pran dife nan min li, e you kouto e yo tou de te ale ansanm.

7 E Izaak te pale Abraam papa li, e li te di, Papa mouin; e li te di, Min mouin, pitit gason mouin. E li te di, Min dife, e boua: min kote agno a pou olokos la?

8 E Abraam te di, Pitit gason mouin, Bondye va prepare you agno pou Li minm pou olokos la: alò yo te tou de ale ansanm.

9 E yo te vini nan plas la ke Bondye te di li; a la Abraam te bati yo otèl, e li te mete boua a an òd, e li te mare Izaak pitit gason li, e li te mete li sou otèl la sou boua a.

10 E Abraam te lonje min li, e li te pran kouto a pou touye pitit gason li.

11 E zanj Letènèl te rele li soti nan sièl, e te di, Abraam, Abraam: e li te di, Min mouin.

12 E Li te di, Pa mete min ou sou ti gason an, ni pa fè li anyin: paske koun-ye a Mouin konnin ke ou krinn Bondye, paske ou pat refize Mouin pitit gason ou, sèl pitit gason ou nan.

13 E Abraam te leve je li yo, e li te gade, e min dèyè li you belie mou-ton ki kroke nan raje pa kòn li yo: e Abraam te ale e te pran belie mou-ton an, e te ofri li pou you olokos nan plas pitit gason li.

14 E, Abraam te rele non plas la Jehova-Jire: jan li di jouk jou sa a, Nan mòn Letènèl li va vi-n ouè

15 E zanj Letènèl la te rele Abraam soti nan sièl dezièm foua,

16 E Li te di, Pa Mouin minm Mouin te sèman, Letènèl te di,

paske, depi ou te fè bagay sa a, e pat refize pitit gason ou, sèl pitit gason ou,

17 Ke nan benediksjon Mouin va beni ou, e nan miltiplikasyon Mouin va miltiplie desandans ou kòm zetoual sièl la, e kòm sab ki sou bo lamè; e desandan ou va posede pòtal ènmi ou yo;

18 E nan desandan ou tou nasion sou latè va vi-n beni; paske ou te obeyi voua Mouin.

19 Alò Abraam te retouni kote jinn òm li yo, e yo te leve e te ale ansanm nan Beè-Cheba; e Abraam te demere nan Beè-Cheba.

20 E lè sa a apre bagay sa yo, ke yo te di Abraam, tap di, Min ni, Milka, li te fè ti moun pou frè ou Nakò tou;

21 Uts premie ne li, e Buz frè li, e Kemuèl papa Aram,

22 E Kesèd, e Azò, e Pildach, e Jidlaf, e Betuèl,

23 E Betuèl te fè Rebeka: uit sa yo Milkò te fè pou Nakò, frè Abraam nan.

24 E kokibinn li tou, sila non li te Reuma, li te fè Tebak, e Gaham, e Taach, e Maaka.

Chapit 23

ESara te ginyin san vinnsèt ane: sa yo se ane lavi Sara

2 E Sara te mouri nan Kijat-Aba; li minm se Ebron nan peyi Kanaan: e Abraam te vini pou lamante pou Sara, e pou krie pou li.

3 E Abraam te kanpe devan lamò li, e te pale nan pitit gason Et, tap di,

4 Mouin se you etranje e you sejourne avèk nou: ban mouin you posesion you tonm avèk nou, ke mouin kapab antere lamò mouin loun je mouin yo.

5 E pitit Et yo te reponn Abraam, tap di li,

6 Koute nou, mèt mouin: ou se you prins puisan pami nou: antere lamò ou nan choua tonm nou yo;

okinn nan nou pa refize ou tonm li, min pou ou kapab antere lamò ou.

7 E Abraam te kanpe, e te bese li minm nan pèp peyi a, minm nan pitit Et yo.

8 E li te pale avèk yo, tap di, Si li dezi nou ke mouin ta antere lamò mouin louin je mouin yo, koute mouin, e prie Efron pitit gason Tso-ka pou mouin,

9 Ke li kapab ban mouin kav Makpela a, ke li ginyin, ki nan bout chan li: pou valè lajan li vo li va ban mouin li pou posesion you tonm pami nou.

10 E Efron te demere pami pitit Et: E Efron nan Etyin yo te reponn Abraam devan pitit Et yo, minm devan tout ki te antre nan pòtal vil li, tap di,

11 Non, mèt mouin, koute mouin: mouin ba ou chan an, e kav la ki ladann, mouin ba ou li; nan prezans pitit gason pèp mouin, mouin ba ou li: antere lamò ou.

12 E Abraam te bese li minm devan pèp peyi a.

13 E li te pale e di li nan Efron devan pèp peyi a, tap di, Min si ou va ba li, mouin prie ou, koute mouin: mouin va ba ou lajan pou chan an; pran li nan mouin, e mouin va antere lamò mouin la.

14 E Efron te reponn Abraam, tap di,

15 Mèt mouin, koute mouin: tè a vo kat san sik ajan; ki sa sa ye ant mouin e ou? se pou tèt sa antere lamò ou.

16 E Abraam te koute Efron; e Abraam te peze lajan an pou Efron, ke li te pale devan pitit gason Et yo, kat san sik lajan, sikilision lajan avèk machan yo.

17 E chan Efron an, ki se nan Makpela, ki devan Mamre, chan an, e kav la ki ladann, e tout pie boua yo ki nan chan an, ki nan tout limit ape anvironnin, te byin fèmin.

18 Pou Abraam kòm you posesion nan prezans pitit Et yo, devan tout sa ki te antre nan pòtal lavil.

19 E apre sa, Abraam te antere Sara madanm li nan kavo a nan chan Makpela devan Mamre: minm nan se Ebron nan peyi Kanaan.

20 E chan an, e kavo a ki ladann, te byinn fèmin pou Abraam pou you posesion pa pitit gason Et yo pou you tonm.

Chapit 24

E Abraam te vie, e byin rive an laj: e Letènèl te beni Abraam nan tout bagay.

2 E Abraam te di pi gran nan kay li, ki te gouvène sou tout sa li te ginyin, Mete, mouin prie ou, min ou anba kuis mouin:

3 E mouin va fè ou sèmante pa Letènèl, Bondye sièl la, e Bondye sou latè, ke ou pa pran you madanm pou pitit gason mouin nan fi Kanaan yo, pami sila mouin demere:

4 Min ou va ale nan peyi mouin, e nan fanmi mouin, e pran you madanm pou pitit gason mouin Izaak.

5 E sèvitè a te di li, Si se konsa fanm nan pap dakò suiv mouin nan peyi sa a: eskè fòk mouin minnin pitit gason ou nan peyi ankò kote ou te soti?

6 E Abraam te di li, Pinga ou minnin pitit gason mouin la ankò.

7 Letènèl Bondye sièl, Sila ki te pran mouin nan kay papa mouin, e nan peyi a fanmi mouin, e ki te pale nan mouin, e ki te sèmante mouin, tap di, Pou desandans ou Mouin va bay peyi sa a; Li va voye zanj Li devan ou, e ou va pran you madanm pou pitit gason mouin nan sa.

8 E si fanm nan pap dakò suiv ou, alò ou va kit nan sèman mouin: sèlman pa minnin pitit gason mouin la ankò.

9 E sèvitè a te mete min li anba kuis Abraam mèt li, e li te sèmante li konsènin zafè sa a.

10 E sèvitè a te pran dis chamo nan chamo mèt li, e li te pati; paske tout byin mèt li te nan min li: e li te leve, e li te ale nan Mezopotami, nan vil Nakò a.

11 E li te fè chamo li yo ajenou deyò lavil bò you pui dlo nan lè souare a, minm lè ke fanm yo soti pou tire dlo.

12 E li te di, O Letènèl Bondye mèt mouin Abraam, mouin prie Ou, voye mouin rive jodi a, e montre mèt mouin Abraam mizerikòd.

13 Min ni, mouin kanpe isit bò pui dlo a; e fi lòm lavil yo vi-n soti pou tire dlo:

14 E kite li vi-n rive, ke jinn fi a sila mouin va di, Desann krich ou, mouin prie ou, ke mouin kapab bouè; e li va di, Bouè, e mouin va bay chamo ou yo pou bouè tou: kite minm nan devni li ke Ou te ekipe pou sèvitè Ou Izaak; e konsa mouin va konnin ke Ou te montre mizerikòd anvè mèt mouin.

15 E li te vi-n rive, avan li te fi-n pale, ke, min ni, Rebeka te soti, sila ki te fèt pou Betuèl, pitit gason Milka, madanm Nakò, frè Abraam, avèk krich li sou zepol li.

16 E jinn fi a te bèl anpil pou ouè, you vièj, okinn òm pat konnin li non plis: e li te desann nan pui a, e te plin krich li, e te monte.

17 E sèvitè a te kouri pou kontre li, e te di, Mouin prie ou, kite mouin bouè inpe nan krich ou.

18 E li te di, Bouè, mèt mouin: e li te fè vit, e te desann krich li sou min li, e te ba li bouè.

19 E lè li te fi-n ba li bouè, li te di, Mouin va tire dlo pou chamo ou yo tou, jouk yo fi-n bouè,

20 E li te fè vit, e te vide krich li nan basin an, e te kouri ankò nan pui a pou tire dlo, e te tire pou tout chamo li yo.

21 E òm nan ap etone avèk li te kinbe la pè li, pou ouè si Letènèl te fè vouyaj li prospere ou byin non.

22 E li te vi-n pase, lè chamo yo te fi-n bouè, ke lòm nan te pran you zanno ann ò ki te peze you demi sik, e de brasle pou min li yo ki te peze dis sik ann ò;

23 E li te di, Pitit fi ki moun ou ye? di mouin, mouin prie ou: eskè gin plas nan kay papa ou pou nou rete?

24 E li te di, Mouin se ti fi Betuèl pitit gason Milka, ke li te fè anfante pou Nakò.

25 Plis ke sa li te di, Nou gin ase tou de pay e manje, e plas pou rete.

26 E lòm nan te bese tèt li, e te adore Letènèl.

27 E li te di, Byinn-ere Letènèl Bondye mèt mouin Abraam, ki pat kite mèt mouin manke mizerikòd Li, e verite Li: pandan mouin te nan chemin an, Letènèl te minnin mouin nan kay frè mèt mouin yo.

28 E jinn fi a te kouri, e te di moun lakay manman li bagay sa yo.

29 E Rebeka te gin you frè, e non li te Laban: e Laban te kouri soti kote lòm nan, kote pui a.

30 E li te vi-n pase, lè li te ouè zanno a e brasle yo sou min sè li yo, e lè li te tandè paròl yo Rebeka sè li, tap di, Konsa lòm nan te pale mouin, ke li te vini kote lòm nan; e, min ni, li te kanpe bò chamo yo nan pui a.

31 E li te di, Antre, ou ki byinn-ere pa Letènèl; pouki sa ouap kanpe deyò? paske mouin te prepare kay la, e plas pou chamo yo.

32 E lòm nan te antre nan kay la e li te debride chamo li yo, e te bay chamo yo pay e manje, e dlo pou lave pie li yo, e pie lòm yo ki te avèk li.

33 E manje te mete devan li pou manje: min li te di, Mouin pap manje, jouk mouin fi-n di kòmision mouin. E li te di, Pale toujou.

34 E li te di, Mouin se sèvitè Abraam.

35 E Letènèl te beni mèt mouin anpil, e li devni gran: e Li te ba li troupo e bann yo, e ajan, e lò, sèvitè yo, e sèvant yo, e chamo yo, e bourik yo.

36 E Sara madanm mèt mouin te fè you pitit gason pou mèt mouin lè li te vie: e pou li li te bay tout sa li ginyin.

37 E mèt mouin te fè mouin sè-mante, tap di, Ou pap pran you madanm pou pitit gason mouin nan fi Kananeyin yo, nan sila peyi mouin rete:

38 Min ou va ale nan lakay papa mouin, e nan fanmi mouin, e pran you madanm pou pitit gason mouin.

39 E mouin te di mèt mouin, Si se konsa fanm nan pap suiv mouin.

40 E li te di mouin, Letènèl, devan Sila mouin mache a, va voye zanj li avèk ou, e prospere chemin ou; e ou va pran you madanm pou pitit gason mouin nan fanmi mouin, e nan lakay papa mouin.

41 Alò ou va kit nan sèman sa, lè ou vini kote fanmi mouin; e si yo pa ba ou youn, ou va kit nan sèman mouin.

42 E mouin te vini nan pui a jodi a, e mouin te di, O Letènèl Bondye mèt mouin Abraam, alò si Ouap prospere chemin mouin ke mouin prale:

43 Min ni, mouin kanpe bò pui dlo a; e li va vi-n pase, ke lè vièj la vi-n soti pou tire dlo, e mouin di li, Ban mouin, mouinprie ou, inpe dlo nan krich pou pou bouè;

44 E li di mouin, Bouè, tou de ou, e mouin va tire pou chamo ou yo tou: kite minm nan minm fanm nan sila Letènèl te ekipe pou pitit gason mèt mouin.

45 E avan mouin te fi-n pale nan kè mouin, min ni, Rebeka te vi-n soti avèk krich li sou zepol li; e li te desann nan pui a, e te tire dlo: e mouin te di li, Kite mouin bouè, mouin prie ou.

46 E li te fè vit, e te desann krich li nan zepol li, e te di, Bouè, e mouin va bay chamo ou yo pou bouè tou: alò mouin te bouè, e li te fè chamo yo bouè tou.

47 E mouin te mande li, e mouin te di, Fi ki moun ou ye? E li te di, Fi Betuèl, pitit gason Nakò a, sila Milka te fè pou li: e mouin te mete zanno a nan nin li, e brasle yo sou min li yo.

48 E mouin te bese tèt mouin, e te adore Letènèl, e te beni Letènèl Bondye mèt mouin Abraam, ki te minnin mouin nan vre chemin an pou pran jinn ti fi frè mèt mouin pou pitit gason li.

49 E alò, si ou va aji avèk bonte e vrèman avèk mèt mouin, di mouin: e si non, di mouin; ke mouin kapab vire sou min douat, ou byin sou min gòch.

50 Alò Laban e Betuèl te reponn e te di, Bagay la te prosede soti nan Letènèl: nou pa kapab pale ou mal ou byin.

51 Min ni, Rebeka devan ou; pran li, e ale, e kite li madanm pitit gason mèt ou, jan Letènèl te pale.

52 E li te vi-n pase, ke, lè sèvitè Abraam te tande paròl yo, li te adore Letènèl, ape bese li minm a tè.

53 E sèvitè a te pote bijou ann ajan, e bijou ann ò, e vètman, e te bay Rebeka yo: li te bay frè li, e manman li bagay presie yo tou.

54 E yo te manje a bouè, li e lòm yo ki te avèk li, e te rete tout nuit la; e yo te leve nan matin an, e li te di, Voye mouin ale kote mèt mouin.

55 E frè li e manman li te di, Kite jinn fi a rete avèk nou kèk jou, a mouins ke di jou; apre sa li va ale.

56 E li te di yo, Pa anpeche mouin, piske Letènèl te prospere chemin mouin; voye mouin ale ke mouin kapab ale kote mèt mouin.

57 E yo te di, Nou va rele jinn fi, e mande pa bouch li.

58 E yo te rele Rebeka, e te di li, Ou prale avèk òm sa a? E li te di, Mouin prale.

59 E yo te voye Rebeka sè yo ale, e nouris li, e sèvitè Abraam, e lòm li yo.

60 E yo te beni Rebeka, e te di li, Ou se sè nou; se pou ou manman mil yo, e milion yo, e kite desandan ou yo posede pòtal sa yo ki rayi yo.

61 E Rebeka te leve, e fi li yo, e yo te monte chamo yo, e te suiv lòm nan; e sèvitè a te pran Rebeka, e te ale chemin li.

62 E Izaak te vini nan dirèksion pui Lachai-roi; paske li te demere nan peyi sid la.

63 E Izaak te soti pou medite nan chan nan souare a: e li te leve je li yo, e te ouè, e, min ni, chamo yo tap vini.

64 E Rebeka te leve je li yo, e lè li te ouè Izaak, li te desann nan chamo a.

65 Paske li te di sèvitè a, Ki òm sa ye kap mache nan chan an pou kontre nou? E sèvitè a te di, Se mèt mouin: se pou tèt sa li te pran you voual, e te kouvri li minm.

66 E sèvitè a te di Izaak tout bagay, ke li te fè.

67 E Izaak te minnin li nan tant Sara, manman li, e te pran Rebeka, e li te devni madanm li; e li te rinmin li: e Izaak te konsole apre lamò manman li.

Chapit 25

A lò Abraam te pran you madanm ankò, e non li te Katura.

2 E li te fè Zimran, e Jokchan, e Medan, e Madian, e Jichbak, e Chuak.

3 E Jokchan te fè Seba, e Dedan. E pitit gason Dedan te Achurim, e Letuchim, e Lemim.

4 E pitit gason Madian; Efa, e Enòk, e Abida, e Eldaa. Tout sa yo te ti moun Ketura.

5 E Abraam te bay Izaak tout sa li te ginyin.

6 Min pou pitit gason konkibinn yo, ke Abraam te ginyin, Abraam te bay kado yo, e te voye yo soti

kote Izaak pitit gason li pandan li te toujou viv, nan dirèksion ès la, nan peyi ès yo.

7 E sa yo se jou e ane yo lavi Abraam ke li te viv, san sousann-kinz ane.

8 Alò Abraam te rann lespri a, e te mouri nan you bon gran laj, e you gran òm, e plin ane yo; e te rasanble kote pèp li yo.

9 E pitit gason li yo Izaak e Ismaèl te antere li nan kavò Makpela, nan chan Efron an pitit gason Tsoka Etyin an, ki devan Mamre;

10 Chan an ke Abraam te achte nan pitit gason Et yo: se la yo te antere Abraam, e Sara madanm li.

11 E li te vi-n pase apre lamò Abraam, ke Bondye te beni Pitit gason li Izaak; e Izaak te demere bò pui Lahai-roi.

12 Alò sa yo se jenerasion Ismaèl, pitit gason Abraam, sila Aga Ejiptiyin an, sèvant Sara, te fè pou Abraam:

13 E sa yo se non pitit gason Ismaèl yo, dapre non yo, dapre jenerasion yo: premie nè Ismaèl la, Nebajòt; e Keda, e Adbeèl, e Mibsam.

14 E Michma, e Duma, e Masa, 15 Adad, e Tema, Jetu, Nafich, e Kedma:

16 Sa yo se pitit gason Izmaèl yo, e sa yo se non yo, pa lavil yo, e pa chato yo; douz prins dapre nasion yo.

17 E sa yo se ane lavi Izmaèl, san tran-sèt ane: e li te rann lespri a e li te mouri, e te rasanble kote pèp li yo.

18 E yo te demere depi Avila jouk nan Chu, ki devan Ejipt, pandan ou ale nan dirèksion Lasiri: e li te mouri nan prezans tout frè li yo.

19 E sa yo se jenerasion Izaak, pitit gason Abraam: Abraam te fè Izaak:

20 E Izaak te ginyin karant ane lè li te pran Rebeka pou madanm li, pitit fi Betuèl nan Siryin an nan Padan-Aran, sè Laban Siryin an.

21 E Izaak te lapriè Letènèl pou madanm li, paske li te esteril: e Le-

tènèl te koute li, e Rebeka madanm li te vi-n ansint.

22 E ti moun yo te goumin an-sanm andedann li: e li te di, Si se konsa, pouki sa mouin konsa? E li ale mande Letènèl.

23 E Letènèl te di li, Gin de nasyon nan vant ou, e de kalite pèp va separe nan zantray ou yo; e you pèp va pi fò pase lòt pèp; e pi gran an va sèvi pi jinn nan.

24 E lè jou li yo te akonpli pou li akouche, min ni, te gin marasa nan vant li.

25 E premie ki te soti te rouj, kòm you toual poual; e yo te rele non li Ezau,

26 E apre sa frè li soti, a min li te kinbe talon Ezau; e non li te rele Jakòb: e Izaak te souasant ane lè li te fè yo.

27 E pitit gason yo te grandi: e Ezau te you chasè abil, e you òm chan an; e Jakòb te you òm trankil, ki demere nan tant yo.

28 E Izaak te rinmin Ezau paske li te manje nan viann la chas li: min Rebeka te rinmin Jakòb.

29 E Jakòb te bouye soup: e Ezau te vi-n soti nan chan an, e li te fèb:

30 E Ezau te di Jakòb, Ban mouin manje, mouin prie ou, nan minm soup rouj sa; paske mouin fèb: se pou tèt sa non li te rele Edom.

31 E Jakòb te di, Vann mouin doua nesans ou jodia a.

32 E Ezau te di, Min ni, Mouin nan point pou mouri: e ki profi doua nesans sa a va fè mouin?

33 E Jakòb te di, Sèmante mouin jodia a; e li te sèmante ba li: e li te vann doua nesans li bay Jakòb.

34 Alò Jakòb te bay Ezau pin e soup nan lintil yo; e li te ale chemin li. Konsa Ezau te meprize doua nesans li.

Chapit 26

E te gin you grangou nan peyi a, La pa lòt grangou ki te nan jou Abraam yo. E Ezaak te antre kote

Abimelèk roua Filistin yo jouk nan Gera,

2 E Letènèl te parèt kote li, e Li te di, Pa desann nan Ejip; demere nan peyi ke Mouin va di ou:

3 Sejoune nan peyi sa a, e Mouin va avèk ou, e Mouin va beni ou; paske se ou minm avèk desandan ou, Mouin va bay tout peyi sa yo, e Mouin va akonpli sèman an ke Mouin te sèmante bay Abraam papa ou.

4 E Mouin va fè desandans ou multiplie tankou zetoual yo nan sièl la, e Mouin va bay desandans ou peyi sa yo; e nan desandans ou tout nasyon yo sou latè va beni.

5 Piske Abraam te obeyi voua Mouin, e li te obsève instriksion Mouin, e kòmandman Mouin yo, e òdonans Mouin yo, e loua Mouin yo.

6 E Izaak te demere nan Gera.

7 E lòm plas sa a te pale avèk li sou madanm li; e li te di, Li se sè mouin: paske li te pè pou di, Li se madanm mouin; pou krint, li te di, Lòm nan plas sa a va touye li pou tèt Rebeka; paske li te bèl pou gade li.

8 E lè sa a, lè li te la lontan, ke Abimelèk roua Filistin yo te gade nan you fenèt, e li te ouè, e, min ni, Izaak tap joue avèk Rebeka madanm li.

9 E Abimelèk te rele Izaak, e li te di, Min ni, siman li se madanm ou: e ki jan ou te di, Li se sè mouin? E Izaak te di li, Paske mouin te di, Pou krint mouin va mouri pou tèt li.

10 E Abimelèk te di, Ki sa li ye ke ou te fè nou? youn nan pèp la te kapab kouche avèk madanm ou lejèman, e ou ta kapab fè nou koupab.

11 E Abimelèk te kòmande tout pèp li, li te di yo, Ninpòt moun ki touche òm sa a ou byin madanm li va resevoua lamò siman.

12 Alò Izaak te siman nan tè a, e li te resevoua nan minm ane san fousa plis: e Letènèl te beni li.

13 E òm nan te vi-n gran, e li te avanse, e li te grandi e te vi-n gran anpil.

14 Paske li te gin pozesion trou-po yo, e pozesion betay yo, e gran kantite sèvitè: e Filistin yo te jalou pou tèt li.

15 Paske tout pui sèvitè Abraam papa li yo te fouye nan jou Abraam, Filistin yo te bouche yo, e yo te pin yo avèk tè.

16 E Abimelèk te di Izaak, Soti kote nou; paske ou pi puisan pase nou.

17 E Izaak te soti la, e li te leve tant li nan vale Gera, e li te rete la.

18 E Izaak te fouye pui dlo yo ankò, ke yo te fouye nan jou Abraam papa li; paske Filistin yo te bouche yo apre lamò Abraam: e li te rele non yo dapre non yo ke papa li te rele yo.

19 E sèvitè Izaak yo te fouye nan vale a, e yo te jouinn you pui dlo ap koule.

20 E gadyin Gera yo te diskite avèk gadyin Izaak yo, yo tap di, Dlo sa a se pou nou: e li te rele non li Esèk; paske yo te diskite avèk li.

21 E yo te fouye you lòt pui, e yo te diskite pou sa tou: e li te rele non li Sitna.

22 E li te deplase soti la, e te fouye you lòt pui; e yo pat diskite pou sa: e li te rele non li Reobòt; e li te di, Paske koun-ye a Letènèl te fè plas pou nou e nou va frikrite nan peyi a.

23 E li te monte soti la nan Beè-Cheba.

24 E Letènèl te parèt kote li minm nuit la, e li te di, Mouin se Bondye Abraam papa ou: pa krinn, paske Mouin avèk ou, e Mouin va beni ou, e multiplie desandans ou pou tèt sèvitè Mouin Abraam.

25 E li te bati you otèl la, e te invoque non Letènèl, e li te leve tant li la: e la sèvitè Izaak te fouye you pui.

26 Alò Abimelek te soti Gera ale kote li, e Auzat youn nan zanmi li yo, e Pikòl chèf kapitèn lame li.

27 E Izaak te di yo, Pouki sa nou vini kote mouin, nou te rayi mouin, e nou te voye mouin ale kote nou?

28 E yo te di, Nou te ouè sètènman ke Bondye te avèk ou: e nou te di, Alò kite ginyin you alians ant nou e ou, minm ant nou e ou, e kite nou fè you alians avèk ou;

29 Ke ou pa fè nou okinn mal, nou pat touche ou, e nou pat fè ou anyin sòf byin e nou te voye ou ale nan la pè: koun-ye a ou se byinn-ere Letènèl.

30 E li te fè you fèt pou yo e yo te manje e bouè.

31 E yo te leve bonè nan matin an, e te yo sèmante youn avèk lòt: e Izaak te voye yo ale, e yo te pati nan li an pè.

32 E nan minm jou a, ke sèvitè Izaak yo te vini, e yo te di li konsènin pui a ke yo te fouye, e yo te di li, Nou te jouinn dlo.

33 E li te rele li Chibe: se pou tèt sa non vil la se Beè-Cheba jouk jodi a.

34 E Ezau te ginyin karant ane lè li te pran Judit fi Beeru Etyin an pou madanm li, e Basmat fi Elon Etyin an pou madanm li:

35 Ki te you tristès de tèt pou Izaak e Rebeka.

Chapit 27

E lè sa a, ke lè Izaak te vie, e je li yo te fèb, tèlman ke li pat kapab ouè, li te rele Ezau pi gran pitit gason li, e li te di li, Min ni, min mouin.

2 E li te di, Alò min ni, mouin vie, mouin pa konnin jou lamò mouin.

3 Alò se pou tèt sa pran, mouin prie ou, zanm ou yo, kakoua ou e ak ou, e ale nan chan an, tire kèk zibie;

4 E fè pou mouin viann avèk gou, minm jan mouin rinmin li, e pòte li ban mouin, ke mouin kapab man-

je; ke nanm mouin kapab beni ou avan mouin mouri.

5 E Rebeka te tandè lè Ezaak te pale avèk Ezau pitit gason li. E Ezau te ale nan chan an pou chase zribie, e pou pòte li vini.

6 E Rebeka te di Jakòb pitit gason li, li di li, Min ni, mouin te tandè papa ou pale avèk Ezau frè ou, li di li,

7 Pòte mouin jibie, e fè viann avèk gou, ke mouin kapab manje, e mouin va beni ou devan Letènèl avan mouin mouri.

8 Alò se pou tèt sa, pitit gason mouin, obei voua mouin dapre sa ke mouin kòmande ou.

9 Alò ale nan troupou a, e pòte de ti kabrit nan kabrit yo pou mouin; e mouin va fè viann avèk gou avèk yo pou papa ou, minm jan li rinmin:

10 E ou va pòte li bay papa ou, ke li kapab manje, e ke li kapab beni ou avan li mouri.

11 E Jakòb te di Rebeka manman li, Min ni, Ezau se you òm veli, e mouin se you òm soua:

12 Pètèt papa mouin va touche mouin, e mouin va sanble tankou you troupè pou li; e mouin va rapòte you malediksyon sou mouin, olie you benediksyon.

13 E manman li te di li, Malediksyon ou sou mouin, pitit gason mouin: sèlman obei voua mouin, e ale pran yo pou mouin.

14 E li te ale, e li te pran yo, e li te pòte yo kote manman li: e manman li te fè viann avèk gou, minm jan papa li te rinmin.

15 E Rebeka te pran nan bèl rad pi gran pitit gason li Ezau, ki te avèk li nan kay li. E li te mete yo sou Jakòb pi piti gason li.

16 E li te mete po ti kabrit yo sou min li yo, e sou pati kou li ki te soua:

17 E li te bay viann avèk gou e pin a, ke li te prepare, nan min pitit gason li Jakòb.

18 E li te vini kote papa li, e li te di, Papa mouin: e li te di, Min mouin; ki lès ou ye, pitit gason mouin?

19 E Jakòb te di papa li, Mouin se Ezau premie ne ou; mouin te fè dapre sa ou te di mouin: leve, mouin prie ou, chite e manje nan zibie mouin, ke nanm ou kapab beni mouin.

20 E Izaak te di pitit gason li, Ki jan ou te gintan jouinn li si vit, pitit gason mouin? E li te di, Paske Letènèl Bondye ou te minnin li kote mouin.

21 E Izaak te di Jakòb, Vini pre, mouin prie ou, ke mouin kapab touche ou, pitit gason mouin, si ou se minm pitit gason mouin Ezau ou byin non.

22 E Jakòb te ale tou pre Izaak papa li; e li te manyin li, e te di, Voua a se voua Jakòb, min, min yo se min Ezau.

23 E li pat rekonèt li, paske min li yo te ginyin plim-m, tankou min frè li Ezau: alò li te beni li.

24 E li te di, Eskè ou se pitit gason mouin Ezau minm? E li te di, Se mouin oui.

25 E li te di, Pòte li tou pre mouin, e mouin va manje zibie pitit gason mouin, ke nanm mouin kapab beni ou. E li te bay li, e li te manje: e li te pòte divin, e li te bouè.

26 E Izaak papa li te di li, Vini tou pre, e bo mouin, pitit gason mouin.

27 E li te vini tou pre, e li te bo li: e li te santi sant rad li, e li te beni li, e te di, Ouè, sant pitit gason mouin an se sant chan an ke Letènèl te beni:

28 Se pou tèt sa Bondye ba ou serin sièl, e grès latè, e anpil ble e divin:

29 Se pou pèp yo sèvi ou, e nasyon yo bese devan ou: vi-n mèt sou frè ou yo, e se pou pitit gason manman ou yo bese devan ou: malediksyon pou tout moun ki modi ou, e byinn-ere sa kap beni ou.

30 E lè sa a, minm tan Izaak te fi-n beni Jakòb, e Jakòb te fèk soti nan prezans Izaak papa li, ke Ezau frè li te vi-n soti nan la chas li.

31 E li te fè viann avèk gou tou, e te pòte li kote papa li, e li te di papa li, Kite papa mouin leve, e manje nan zibie pitit gason li, ke nam ou kapab beni mouin.

32 E Izaak papa li te di li, Li lès ou ye? E li te di, Mouin se pitit gason ou, premie ne ou, Ezau.

33 E Izaak te tranble anpil anpil, e li te di, Ki mouin? kote moun ki te pran zibie, e li te pòte pou mouin, e mouin te manje nan tout avan ou te vini, e te beni li? oui, e li va vi-n beni.

34 E lè Ezau te tande paròl papa li yo, li te krie avèk you gran kri e anmè anpil, e li te di papa li, Beni mouin, mouin minm tou, O papa mouin.

35 E li te di, Frè ou te vini avèk riz, e li te pran benediksjon ou.

36 E li te di, Eskè Jakòb pa non-min byin? paske li te tronpe mouin de foua: e, min ni, koun-ye a li te ouete benediksjon mouin. E li te di, Eskè ou pat rezève you benediksjon pou mouin?

37 E Izaak te reponn, e li te di Izau, min ni, mouin te fè li mèt ou, e mèt tout frè ou yo mouin te ba li kòm sèvitè li yo; e avèk ble e divin mouin te soutni li: e ki sa mouin va fè koun-ye a pou ou, pitit gason mouin?

38 E Izau te di papa li, Ou gin you sèl benediksjon, papa mouin? beni mouin, mouin minm tou, O papa mouin. E Izau te leve voua li, e te krie.

39 E izaak papa li te reponn e li te di li, Min ni, dème ou va grès latè, e nan serin soti nan sièl anro;

40 E ou va viv pa nepe ou, e ou va sèvi frè ou: e li va vi-n pase lè ou va gin dominasion, ou va kase jouk soti nan kou ou.

41 E Ezau te rayi Jakòb pou tèt benediksjon ke papa a te beni li: e

Ezau te di nan kè li, Jou plere pou papa mouin prèt rive; apre mouin va touye Jakòb frè mouin.

42 E yo te di Rebeka paròl sa you sou Ezau pi gran pitit gason li: e li te voye e li te rele Jakòb pi jinn pitit gason li, e te di li, Min ni konsènin ou, Ezau frè ou ape fè pou li minm, ape fè lide touye ou.

43 Alò se pou tèt sa, pitit gason mouin, obei voua mouin; e leve, avite ale kote Laban frè mouin nan Karan;

44 E rete avèk li kèk jou avèk li, jouk furè frè ou vire ale;

45 Jouk kòlè frè ou vire ale, e li blie sa ou te fè li; lè sa mouin va voye, e pran ou nan kote sa: pouki sa mouin ta manke nou tou de nan you sèl jou?

46 E Rebeka te di Izaak, Mouin bouke pou lavi mouin pou tèt fi Et yo: si Jakòb pran you madanm nan fi Et yo, tankou sa yo ki se fi peyi a, ki byin lavi mouin va fè mouin?

Chapit 28

E Izaak te rele Jakòb, e li te beni li, e li te kòmande li, li te di li, Ou pap pran you madanm nan fi Kanaan yo.

2 Leve, ale nan Padan-Aram, nan lakay Betuèl papa manman ou; e pran you madanm pou ou nan sa nan fi Laban frè manman ou.

3 E Bondye Tou Puisan va beni ou, e fè ou friktie, e miltiplie ou, ke ou kapab vi-n you miltitid pèp;

4 E ba ou benediksjon Abraam, pou ou, e desandans ou avèk ou; ke ou kapab eritie peyi a kote ou se you etranje ladan, ke Bondye te bay Abraam nan.

5 E Izaak te voye Jakòb ale: e li te ale nan Padan-Aram kote Laban, pitit gason Betuèl Siryin an, frè Rebeka, manman Jakòb e Ezau.

6 Lè Izau te ouè ke Izaak te beni Jakòb, e te voye li ale nan Padan-Aram, pou pran you madanm ki soti la; e ke pandan li te beni li li

te kòmande li, tap di, Ou pap pran you madanm nan fi Kanaan;

7 E ke Jakòb te obei papa li e manman li, e te ale nan Padan-Aram;

8 E Ezau tap ouè ke fi Kanaan yo pap fè Izaak papa li plezi;

9 Alò Ezau te ale kote Ismaèl, e li te pran madanm yo li te ginyin, Maalat fi Ismaèl, pitit gason Abraam, sè Nebajòt, pou madanm li.

10 E Jakòb te soti nan Beè-Cheba, e li te ale nan dirèksion Karan.

11 E li te rive nan you sètèn plas, e li te rete la tout nuit, paske solèy te kouche; e li te pran ròch yo nan plas sa, e mete you kòm zorie li yo, e li te kouche nan plas sa pou dòmi.

12 E li te fè you rèv, e min ni you echèl te kanpe sou latè, e tèt la te rive nan sièl: e min nin zanj Bondye yo tap monte e tap desann sou li.

13 E, min ni, Letènèl te kanpe anro echèl la, e te di, Mouin se Letènèl Bondye Abraam papa ou, e Bondye Izaak la: tè kote ou kouche, Mouin va ba ou li, e pou desandans ou;

14 E desandan ou va tankou pousie latè; e ou va gaye nan louès, e nan ès, e nan nò, e nan sid: e nan ou e desandan ou tout fanmin sou latè va vi-n beni.

15 E, min ni, Mouin avèk ou, e Mouin va proteje ou nan tout kote ou prale, e Mouin va minnin ou anre nan peyi sa ankò; paske Mouin pap kite ou, jouk tan Mouin fi-n fè sa Mouin te pale ou la.

16 E Jakòb te reveye nan dòmi li, e li te di, Siman Letènèl se nan plas sa; e mouin pat konnin sa.

17 E li te pè, e li te di, Ala plas sa mande respè! sa pa lòt bagay min lakay Bondye, e sa se pòtal sièl la.

18 E Jakòb te leve bonè nan matin an, e li te pran ròch la ke li te mete pou zorie li yo, e te kanpe li pou you moniman, e te vide luil sou point tèt roch la.

19 E li te rele non plas sa a Be-tèl: min non vil sa a te Luz premièman.

20 E Jakòb te promèt you vè, tap di, Si Bondye va avèk mouin, e va proteje mouin nan chemin an ke mouin prale, e va ban mouin pin pou manje, e rad pou mete,

21 Pou mouin kapab vini nan lakay papa mouin an pe ankò; alò Letènèl va Bondye mouin:

22 E ròch sa a, ke mouin te kanpe pou moniman an, va lakay Bondye: e nan tout ke Ou va ban mouin, mouin va ba Ou la dim siman.

Chapit 29

Alò Jakòb te ale nan vouayaj li, e li te vini nan peyi pèp ès la.

2 E li te gade, e min ni you pui nan chan an, e, min ni, te gin toua troupo mouton yo kouche bò li; paske nan pui sa a yo te bay troupo yo dlo: e you gro ròch te sou bouch pui a.

3 E se la tout troupo yo te rasanble: e yo te roule ròch la soti nan bouch pui a, e yo te bay mouton yo dlo, e te mete ròch la nan plas li sou bouch pui a.

4 e Jakòb te di yo, Frè mouin yo, kote nou soti? E yo te di, Nou soti nan Karan.

5 E li te di yo, Eskè nou konnin Laban pitit gason Nakò? E yo tedi, Nou konnin li.

6 E li te di yo, Li byin? E yo te di, Li byin: e, min ni, Rachèl fi li ape vini avèk mouton yo.

7 E li te di, Min ni, se chalè jounin an toujou, e pa lè ke bann yo ta rasanble ansanm non plis: bay mouton yo dlo, e ale bay yo manje.

8 E yo te di, Nou pa kapab, jouk tan tout troupo yo vi-n rasanble ansanm, e jouk tan yo roule ròch la soti nan bouch pui a; lè sa nou kapab bay mouton yo dlo.

9 E pandan li tap pale avèk yo toujou, Rachèl te vini avèk mouton papa li yo: paske li te okipe yo.

10 E li te vi-n pase, lè Jakòb te ouè Rachèl fi Laban, frè manman li, e mouton Laban frè manman li, ke Jakòb te ale pre, e te roule ròch la soti nan bouch pui a, e li te bay troupo Laban frè manman li dlo.

11 E Jakòb te bo Rachèl, e te leve voua li, e te krie.

12 E Jakòb te di Rachèl ke li se frè Papa li, e ke li se pitit gason Be-beka: e li te kouri di papa li.

13 E li te vi-n pase, lè Laban te tandè nouvèl sou Jakòb pitit gason sè li, ke li te kouri pou kontre li, e te anbrase li, e te bo li, e te minnin li nan kay li. E li te di Laban tout bagay sa yo.

14 E Laban te di li, Siman ou se zo mouin e chè mouin. E li te rete avèk li pou you moua.

15 E Laban te di Jakòb, Piske ou se frè mouin, eskè ou ta doue sèvi mouin pou anyin pou tèt sa? di mouin, ki sa salè ou va ye?

16 E Laban te gin de fi: non pi gran an te Lea, e non pi jinn nan te Rachèl.

17 Lea te gin je fèb; min Rachèl te bèl pou ouè.

18 E Jakòb te rinmin Rachèl; e li te di, Mouin va sèvi ou sèt ane pou Rachèl pi jinn fi ou.

19 E Laban te di, Se pi bon ke mouin ba ou li, pase ke mouin ta bay you lòt òm: rete avèk mouin.

20 E Jakòb te sèvi sèt ane pou Rachèl; e yo te sanble kèk jou pou li, pou tèt amou li te gin pou li.

21 E Jakòb te di Laban, Ban mouin madanm mouin, paske jou mouin yo gintan akonpli, pou mouin kapab antre kote li.

22 E Laban te rasanble tout moun nan plas sa ansanm, e li te fè you fet.

23 E li te vi-n pase nan souare a, ke li te pran Lea fi li, e te minnin li kote li; e li te antre kote li.

24 E Laban te bay Lea fi li Zilpa sèvant li pou you sèvant.

25 E li te vi-n pase, ke nan matin an, min ni, se te Lea: e li te di Laban, Ki sa ou te fè mouin la? eskè mouin pat sèvi avèk ou pou Rachèl? Alò se pou koua ou te tronpe mouin?

26 E Laban te di, Fòk li pa fèt konsa nan peyi nou, pou bay pi jinn nan avan premie ne a.

27 Akonpli siminn pou li, e nou va ba ou sa pou sèvis ke ou va sèvi avèk mouin pou sèt lòt ane toujou.

28 E Jakòb te fè sa, e li te akonpli siminn pou li a: e li te bay Rachèl fi li pou madanm tou.

29 E Laban te ba Rachèl fi li sèvant li pou sèvant li.

30 E li te antre kote Rachèl, e li te rinmin Rachèl tou plis pase Lea, e li te sèvi li sèt lòt ane toujou.

31 E lè Letènèl te ouè ke Lea te vi-n rayi, Li te fè li vi-n ansint: min Rachèl te esteril.

32 E Lea te vi-n ansint, e li te fè you pitit gason; e li te rele non li Rubin: paske li te di, Siman Letènèl te gade sou afliksion mouin; alò se pou tèt sa mari mouin va rinmin mouin.

33 E li te vi-n ansint ankò, e te fè you pitit gason; e te di, Paske Letènèl te tandè ke mouin te vi-n rayin, se pou tèt sa Li te ban mouin pitit gason sa a tou: e li te rele non li Simeon.

34 E li te vi-n ansint ankò, e li te fè you pitit gason, e li te di,

Alò foua sa mari mouin va atache avèk mouin, paske mouin te fè toua pitit gason pou li: se pou tèt sa li te rele non li Levi.

35 E li te vi-n ansint ankò, e li te fè you pitit gason, e li te di, Koun ye a mouin va louanje Letènèl: se pou tèt sa li te rele non li Juda; e li te kite fè pitit.

Chapit 30

E lè Rachèl te ouè ke li pat fè Jakòb okinn ti moun, Rachèl te anvie sè li; e li te di Jakòb, Ban mouin ti moun ou byin map mouri.

2 E kòlè Jakòb te anflanme kont Rachèl; e li te di, Eskè mouin nan plas Bondye, ki te refize ou fui nan vant la?

3 E li te di, Min sèvant mouin Bilha, antre kote li, e li va anfante sou jenou mouin yo, ke mouin kapab ginyin ti moun pa li tou.

4 E li te ba li Bilha sèvant li pou madanm: e Jakòb te antre kote li.

5 E Bilha te vi-n ansint, e li te fè Jakòb you pitit gason.

6 E Rachèl te di, Bondye te jije mouin, e Li te tandè mouin tou, e li te ban mouin you pitit gason: se pou tèt sa li te rele non li Dan.

7 E Bilha sèvant Rachèl te vi-n ansint ankò, e li te fè pou Jakòb you dezièm pitit gason.

8 E Rachèl te di, Avèk gran lit mouin lite avèk sè mouin, e mouin te domine e li te rele non li Nef-tali.

9 Lè Lea te ouè ke li te sispann anfante, li te pran Zilpa sèvant li a, e li te bay Jakòb pou madanm,

10 E Zilpa sèvant Lea te fè pou Jakòb you pitit gason.

11 E Lea te di, You troup ap vini: e li te rele non li Gad.

12 E Zilpa sèvant pou Lea te fè Jakòb you dezièm pitit gason.

13 E Lea te di, Mouin kontan, paske ti fi yo va rele mouin byinn-ere: e li te rele non li Asè.

14 E Rubin te ale nan jou rekòt yo, e te jouinn mandragò nan chan an, e te pòte yo kote Lea manman li. Alò Rachèl te di Lea, Ban mouin, mouin prie ou, nan mandragò yo pitit gason an.

15 E li te di, Eskè se you ti kòz piti ke ou te pran mari mouin? e ou ta vleouete mandragò pitit gason mouin yo tou. E Rachèl te di, Se pou tèt sa li va kouche avèk ou asouè pou tèt mandragò pitit gason ou yo.

16 E Jakòb te vi-n soti nan chan an nan soure a, e Lea te soti pou kontre li, e te di, Fòk ou antre kote mouin;

paske siman mouin te loue ou avèk mandragò pitit gason mouin an. E li te kouche avèk li nuit sa.

17 E Bondye te koute Lea, e li te vi-n ansint, e te fè pou Jakòb sin-kièm pitit gason.

18 E Lea te di, Bondye te ban mouin salè mouin, paske mouin te bay mari mouin sèvant mouin: e li te rele non li Isaka.

19 E Lea te vi-n ansint ankò, e li te fè pou Jakòb sizièm pitit gason an.

20 E Lea te di, Bondye te founi mouin avèk you bon kado; koun ye a mari mouin va demere avèk mouin, paske mouin te anfante sis pitit gason pou li: e li te rele non li Zabulon.

21 E apre sa li te fè you ti fi, e li te rele non li Dian.

22 E Bondye te sonje Rachèl, e Bondye te koute li, e li te fè li vi-n ansint.

23 E li te vi-n ansint, e li te fè you pitit gason: e li te di, Bondye te ouete reporch mouin.

24 E li te rele non li Jozèf; e li te di, Letènèl va ajoute you lòt pitit gason pou mouin.

25 E li te vi-n pase, lè Rachèl te fè Jozèf, ke Jozèf te di Laban, Voye mouin ale, pou mouin kapab ale nan pròp plas mouin, e nan peyi mouin.

26 Ban mouin madanm mouin yo, e ti moun mouin yo, pou sila mouin te sèvi ou, e kite mouin ale: paske ou konnin sèvis mouin te fè ou.

27 E Laban te di li, Mouin prie ou, si mouin te jouinn favè nan je ou yo, rete: paske mouin te aprann pa eksperians ke Letènèl te beni mouin pou tèt ou.

28 E li te di, Di mouin salè ou, e mouin va ba li.

29 E li te di li, Ou konnin kouman mouin te sèvi ou, e jan betay you te avèk mouin.

30 Paske se you ti bagay ou te gin avan mouin te vini, e koun ye a li

te ogmante jouk nan you miltitid: e Letènèl te beni ou depi mouin te vini: e koun ye a, ki lè mouin va fè pou pròp kay mouin tou?

31 E li te di, Ki sa mouin va ba ou? E Jakòb te di, Ou pap ban mouin anyin: sèlman si ou va fè bagay sa a pou mouin, mouin va bay manje e okipe troupou a ankò.

32 Mouin va pase nan tout troupo ou jodi a, ape retire nan sa tout nan betay ki tache e ki make pami kabrit yo: e nan sa va salè mouin.

33 Konsa jistis mouin va reponn pou mouin nan tan kap vini, lè li va vini pou salè mouin devan fas ou: tout ki pa tache e make pami kabrit to, e maron pami mouton, sa va konte kòm vòlè avèk mouin.

34 E Laban te di, Min ni, mouin ta vle li dapre paròl ou.

35 E jou sa li te retire bouk kabrit yo ki te trase e make, e tout femèl kabrit ki te tache e make, e chak ki te gin kèk blan sou li, e tout mouton pami yo ki maron, e li te ba yo nan min pitit gason li yo.

36 E li te mete espas vouayaj toua jou ant li minm e Jakòb: e Jakòb te bay rès troup Laban yo manje.

37 E Jakòb te pran pou li branch vèt nan pie peplie, e nan zamann e pie platann: e li te kale tras nan yo e te fè blan parèt ki te nan branch yo.

38 E yo te mete branch yo ke li te kale devan troupou yo nan tout kote, pou lè troupou yo vini pou bouè, ke yo ta vi-n ansint lè yo vini pou bouè.

39 E troupou yo ta vi-n ansint devan branch yo, e te anfante bèt trase, tache, e make.

40 E Jakòb te separe agno yo, e te mete fas troupou yo nan dirèksion tras la, e tout maron nan troup Laban; e li te mete pròp troupou li pou kont yo, e pat mete yo nan betay Laban.

41 E li te vi-n pase, ninpòt lè betay pi fò te vi-n ansint, ke Jakòb te

mete branch yo devan je betay yo nan tou yo, ke yo kapab vi-n ansint pami branch yo.

42 Min lè betay te fèb, li pat mete yo andan: konsa pi fèb te pou Laban, e pi fò pou Jakòb.

43 E òm nan te ogmante anpil, e te gin anpil betay, e sèvant, e sèvitè, e chamo yo, e bourik yo.

Chapit 31

E li te tandé paròl pitit gason Laban yo, tap di, Jakòb té ouété tout ki té pou papa nou; é nan sa ki té pou papa nou li ginyin tout gloua sa.

2 E Jakòb té gada aparans Laban, e, min ni, li pat anvè li tankou avan.

3 E Latènèl te di Jakòb, Retouni nan peyi papa ou yo, e nan fanmi ou; e Mouin avèk ou.

4 E Jakòb te voye e te rele Rachèl e Lea nan chan an kote troupou li,

5 E te di yo, Mouin ouè aparans papa nou, ke li pat anvè mouin jan li te ye avan; min Bondye mouin te avèk mouin.

6 E nou konnin ke mouin te sèvi papa nou avèk tout fòs mouin,

7 E papa nou te tronpe mouin, e te chanje salè mouin di foua; min Bondye pa pèmèt li fè mouin mal.

8 Si li te di konsa tache va salè ou; alò tout betay te anfante tache: e si li te di konsa, trase va salè ou; alò yo te anfante trase.

9 Konsa Bondye te ouete betay nan you rèv, e te ban mouin yo.

10 E li te vi-n pase nan tan ke betay yo ansint ke mouin te leve je mouin yo, e te ouè nan you rèv, e, min ni, belie bouk yo ki te monte sou betay te trase, tache, e make.

11 E zanj Bondye a te pale mouin nan you rèv, tap di, Jakòb: E mouin te di, Min mouin.

12 E Li te di, Alò leve je ou yo, e ouè, tout bouk yo trase, tache, e make ki monte sou betay: paske Mouin te ouè tout sa Leban apè fè ou.

13 Mouin se Bondye Betèl kote ou te oin poto a, e kote ou te sèman te you sèman nan Mouin: koun ye a leve, e retounin nan peyi a fanmi ou.

14 E Rachèl e Lea te reponn e te di li, Eskè gin okinn pòsion ou byin eritaj pou nou nan kay papa nou?

15 Eskè nou pa konte kòm etranjé pou li? paske li te vann nou, e te devore lajan nou nèt tou.

16 Paske tout richès ke Bondye te pran nan papa nou, se pou nou, e pou pitit nou yo: alò koun ye a, ninpòt sa Bondye te di ou, fè sa.

17 Alò Jakòb te leve, e te mete pitit gason li yo e madanm li yo sou chamo yo;

18 E li te minnin betay li yo ale, e tout byin li ke li te pran, e betay li te pran, ke li te pran nan Padan-Aram, pou ale kote Izaak papa li nan peyi Kanaan.

19 E Laban te ale pou tonn mouto li yo: e Rachèl te vòlè imaj yo ki pou papa li.

20 E Jakòb te kite Laban Siryin an an kachèt, piske li pat di li ke lap pati.

21 Alò li te pati avèk tout li te ginnyin; e li te leve, e te janbe riviè, e li te mete fas li nan dirèksion Galaad.

22 E yo te di Laban nan touazièm jou ke Jakòb te evite.

23 E li te pran frè li yo avèk li, e te pousuiv apre li distans vouayaj sèt jou; e yo te siprann li nan mòn Galaad la.

24 E Bondye te vini kote Leban Siryin an nan nuit nan you rèv, e te di li, Pran prekosion ke ou pa pale Jakòb ni byin ou mal.

25 Alò Laban te siprann Jakòb. Alò Jakòb te leve tant li nan mòn nan: e Laban te leve tant avèk frè li yo nan mòn Galaad.

26 E Laban te di Jakòb, Ki sa ou te fè, ke ou te kite mouin an kachèt, e ou te minnin fi mouin yo ale, kòm kaptif ki pran avèk nepe a?

27 Pouki sa ou te pati an sekrè, e kite mouin an kachèt; e ou pat di mouin, ke mouin te kapab voye ou ale avèk joua, e avèk chan yo, avèk tambourin, e avèk harp?

28 E ou pat pèmèt mouin bo pitit gason mouin yo e fi mouin yo? alò ou te aji folman konsa,

29 Li te nan puisans min mouin pou fè ou mal: min Bondye papa ou te pale mouin yè soua, tap di, Pran prekosion ke ou pa pale Jakòb ni byin ou mal.

30 E koun ye a, minm si ou bezouin ale, paske ou te byin sonje lakay papa ou, min pouki sa ou te vòlè dye mouin yo?

31 E Jakòb te reponn e li te di Laban, Paske mouin te pè: paske mouin te di, Sipoze ou ta pran fi ou yo pa fòs.

32 Avèk ninpòt sa ou jouinn dye ou yo, kite li pa viv: devan frè nou yo detèmine sa ki pou ou ki avèk mouin. Paske Jakòb pat konnin ke Rachèl te vòlè yo.

33 E Laban te antre nan tant Jakòb, e nan tant Lea, e nan tant de sèvant yo; min li pat jouinn yo. Alò li te soti nan tant Lea, e te antre nan tant Rachèl.

34 Alò Rachèl te pran imaj yo, e li te mete yo nan sèl chamo a, e li te chita sou yo. E Laban te rechèche tout tant la, min pat jouinn yo.

35 E li te di papa li, Pa kite li deple mèt mouin ke mouin pa leve devan ou; paske koutim fanm yo se sou mouin. E li te rechèche, min pat jouinn imaj yo.

36 E Jakòb te fache, e li te reproche Laban: e Jakòb te reponn e li te di Laban, Ki sa mouin ofans ou? ki peche mouin, ke ou pousuiv mouin si firie?

37 Piske ou te rechèche tout byin mouin, ki sa ou te jouinn nan tout bagay lakay ou? mete li isit devan frè mouin yo, ke yo kapab jije ant nou tou de.

38 Vin ane sa a mouin te avèk ou; femèl mouton ou yo e femèl kabrit ou yo pat anvòte, e mouin pat manje belie nan troupou ou yo.

39 Sa ke bèt yo te chire mouin pat pòte kote ou; Mouin te soufri pèd; nan pròp min mouin ou te mande li, minm si li te vòlè lajounnin, ou byin vòlè nan nuit la.

40 Mouin te konsa; pandan lajounnin chalè te konsime mouin, e glas nan nuit la; a dòmi mouin te nan je mouin yo.

41 Konsa mouin te ye nan lakay ou pou vin ane; Mouin te sèvi ou pou katòz ane pou de fi ou yo, sis ane pou betay ou yo: e ou te chanje salè mouin di foua.

42 Eksèpte Bondye papa mouin, e Bondye Abraam, e la krint Izaak, te avèk mouin, siman ou tap voye mouin ale vid koun ye a. Bondye te ouè afliksion mouin e travay min mouin yo, e te reproche ou yè soua.

43 E Laban te reponn e te di Jakòb, Fi sa yo se fi mouin yo, e ti moun sa yo se ti moun mouin yo, e betay sa yo se betay mouin yo, e tout sa ke ou ouè se pou mouin; e ki sa mouin kapab fè pou fi mouin sa yo, ou ti moun yo ke yo te anfanter?

44 Alò se pou tèt sa vini, kite nou fè you aliens, mouin minm e ou; e kite li sèvi kòm temouin ant mouin e ou.

45 E Jakòb te pran you ròch, e li te mete li pou you poto.

46 E Jakòb te di frè li yo, Ranmase ròch yo; e yo te pran ròch yo, e yo te fè you pil: e yo te manje la sou roch yo.

47 E Laban te rele li Jega-Saadu: min Jakòb te rele li Galèd.

48 E Laban te di, Pil sa a se you temouin ant mouin e ou jou sa a. Se pou tèt sa non li te rele Galèd;

49 E Mitspa; paske li te di, Lètènèl veye ant mouin e ou, lè nou absan youn avèk lòt.

50 Si ou va aflije fi mouin yo, ou byin si ou va pran lòt madanm plis ke fi mouin yo; ouè, Bondye se temouin ant mouin e ou.

51 E Laban te di Jakòb, Gade pil sa a, e gade poto sa a, ke mouin te mete ant mouin e ou;

52 Pil sa se you temouin, e poto sa a you temouin, ke mouin pap pase pil sa a kote ou, e ke ou pap pase pil sa a sou mouin, pou mal.

53 Bondye Abraam nan, e Bondye Nakò a, Bondye papa yo, jije ant nou. E Jakòb sèman pa la krint Izaak papa li.

54 Alò Jakòb te ofri you sakrifis sou mòn nan, e li te rele frè li yo pou manje pin: e yo te manje pin, e te rete tout nuit nan mòn nan.

55 E bonè nan matin an Laban te leve, e li te bo pitit gason li yo e pitit fi li yo, e te beni yo, e te retounin nan plas li.

Chapit 32

E Jakòb te ale chemin li, e zanj Bondye yo te kontre li.

2 E lè Jakòb te ouè yo, li te di, Sa se lame Bondye: e li te rele non plas sa a Maanaim.

3 E Jakòb te voye mesajè yo devan li nan peyi Seï kote Ezau frè li, nan peyi Edom.

4 E li te kòmande yo, tap di, Konsa ou va pale mèt mouin Ezau; Jakòb sèvitè ou di konsa, Mouin te rete avèk Laban, e mouin te rete la jouk koun ye a:

5 E mouin gin bèf yo, e bourik yo, e trupo yo, e sèvitè yo, e sèvant yo: e mouin te voye pou di mèt mouin, ke mouin kapab jouinn gras nan je ou.

6 E mesajè yo te retounin kote Jakòb, tap di, Nou te vini kote frè ou Ezau, e lap vini pou kontre ou tou, e kat san òm avèk li.

7 Alò Jakòb te krinn anpil e li te nan detrès: e li te divize pèp la ki te avèk li, e trupo yo, e bann yo, e chamo yo, nan de bann;

8 E te di, Si Ezau vini kote youn group, e frape li, alò lòt group ki rete va chape.

9 E Jakòb te di, O Bondye papa mouin Abraam, e Bondye papa mouin Izaak, Letènèl ki te di mouin, Retounin nan peyi ou, e kote fanmi ou, e Mouin va aji byin avèk ou:

10 Mouin pa dign pi piti nan tout mizerikòd yo, e tout verite a, ke Ou te montre sèvitè Ou; paske avèk baton mouin mouin te pase janbe Joudin sa a; e koun ye a mouin devni de bann.

11 Delivre mouin, mouin prie Ou, nan min frè mouin, nan min Ezau: paske mouin krinn li, pou krint li va vini frape mouin, e manman an avèk ti moun yo.

12 E Ou te di, Mouin va fè ou byin siman, e fè desandans ou yo kòm sab lamè a, ki pa kapab konte pou tèt militid.

13 E li te rete la minm nuit la; e li te pran sa ki te vini nan min li pou you kado pou frè li Ezau;

14 De san femèl kabrit, e vin bouk kabrit, de san femèl mouton, e vin belie,

15 Trant chamo ki bay lèt avèk pitit yo, karant vach, e dis toro, vin femèl bourik, e dis pitit.

16 E li te delivre yo nan min sèvitè li yo, tout bann apa; e li te di sèvitè li yo, Ale pase devan mouin, e mete you espas ant bann e bann.

17 E li te kòmande premie a, tap di, Lè Ezau frè mouin ap kontre nou, e ape mande nou, tap di, Pou ki moun nou ye? e kote nou prale? e ki lès moun sa ki devan nou?

18 Alò nou va di, Yo pou sèvitè ou Jakòb; se you kado li voye pou mèt mouin Ezau: e, min ni, Li dèyè nou tou.

19 E konsa li te kòmande dezièm nan, e touazièm nan, e tout sa ki tap suiv bann yo, tap di, Nan maniè nou va pale Ezau, lè nou jouinn li.

20 E di plis ke sa, Min ni, sèvitè ou Jakòb ou dèyè nou. Paske li te

di, Mouin va apeze li avèk kado a ki ale devan mouin, e apre mouin va ouè fas li; si pètèt li va aksèpte mouin.

21 Konsa kado a te ale devan li: e li minm te rete nuit sa a nan kan an.

22 E li te leve nan nuit sa, e li te pran de madanm li, e de sèvant, e onz pitit gason li yo, e te pase janbe pas Jabòk la.

23 E li te pran yo, e te voye yo janbe rigòl la, e li te voye sa li giyin pase.

24 E Jakòb te rete sèl; e you òm te lite avèk li jouk tan jou tap parèt.

25 E lè li te ouè ke li pat vinkè sou li, li te touche fon kuis li; e fon kuis Jakòb te deplase, pandan li te lite avèk li.

26 E li te di, Kite mouin ale, paske jou a ape parèt. E li te di, Mouin pap kite ou ale, sòf si ou beni mouin.

27 E li te di li, Ki jan ou rele? E li te di, Jakòb.

28 E li te di, Yo pap rele ou Jakòb ankò, min Izraèl: paske tankou you prins ou gin puisans avèk Bondye e avèk lòm yo, e te vinkè.

29 E Jakòb te mande li, e li te di, Di mouin non ou, mouin prie ou. E li te di, Pouki sa ou mande non mouin? E lè sa li te beni li.

30 E Jakòb te rele plas sa Penièl: Paske mouin te ouè Bondye fas a fas, e lavi mouin presève.

31 E pandan li te pase janbe Penièl solèy la te leve sou li, e li te bouate sou kuis li.

32 Se pou tèt sa pitit Israèl la pa manje tandon an ki te retresi, ki sou fon rin an, jouk jou sa: paske li te touch fon rin Jakòb la nan tandon an ki te retresi.

Chapit 33

E Jakòb te leve je li yo, e li te gade, e, min ni, Ezau tap vini, e avèk li kat san zòm. E li te divize ti moun Lea, e Rachèl, e de sèvant yo.

2 E li te mete sèvant yo e ti moun yo devan, e Lea avèk ti moun li yo apre, e Rachèl e Josèf dènie.

3 E li te pase janbe devan yo, e li te bese li min a tè sèt foua, jouk li te vini pre frè li.

4 E Ezau te kouri pou kontre li, e te anbrase li, e li te tonbe sou kou li, e li te bo li: e yo te krie.

5 E li te leve je li yo, e te ouè madanm yo e ti moun yo; e li te di, Ki lès yo ye ki avèk ou? E li te di, Ti moun yo ke Bondye te ba sèvitè ou favorabman.

6 Alò sèvant yo te vini pre, yo e ti moun yo, e te bese yo minm.

7 E Lea tou avèk ti moun li te vini pre, e li te bese yo minm: e apre Jesèf te vini pre e Rachèl, e yo te bese yo minm.

8 E li te di, Ki intansion ou pou tè tout bann moun te kontre? E li te di, Sa yo se pou jouinn gras nan je mèt moun.

9 E Ezau te di, Mouin gin ase, frè mouin; kinbe sa ou ginyin pou ou minm.

10 E Jakòb te di, Non, mouin prie ou, si mouin te jouinn gras nan je ou, alò resevoua kado mouin nan min mouin: paske se pou tè sa mouin te ouè fas ou, kòm mouin te ouè fas Bondye, e ou te kontan avèk mouin.

11 Pran, mouin prie ou, benedik-sion mouin ki minnin pou ou; paske Bondye te aji favorabman avèk mouin, e paske mouin gin ase. E li te pouse li, e li te pran li.

12 E li te di, Kite nou fè vouayaj nou, e kite nou ale, e mouin va ale devan ou.

13 E li te di, Mèt moun konnin ke ti moun yo delika, e troupou e bann yo avèk jinn avèk mouin: e si lòm yo ta fòse yo tròp you jou, tout troupou va mouri.

14 Kite mèt moun, pase devan sèvitè li, mouin prie ou: e mouin va kondui dousman, dapre betay yo ki ale devan mouin e ti moun yo

kapab sipòte, jouk mouin vini kote mèt moun nan Sei.

15 E Ezau te di, Alò pèmèt mouin kite kèk nan moun yo ki avèk mouin. E li te di, Ki kòz sa? kite mouin jouinn gras nan je mèt moun.

16 Alò Ezau te retounin jou sa a nan chemin li nan Sei.

17 E Jakòb te vouayaje nan Sukòt, e li te bati you kay, e te fè kay pou bèt li yo: se pou tè sa non plas la rele Sukòt.

18 E Jakòb te vini nan Chaalèm, you vil nan Sichèm, ki nan peyi Kanaan, lè le vini nan Padan-Aram; e te leve tant li devan vil la.

19 E li te achte you pòsion you chan nan min ti moun Amò, papa Sichèm, pou san piès lajan, kote li te ouvri tant li.

20 E li te leve you otèl, e li te rele li Elèloimm-Izraèl.

Chapit 34

EDina ti fi Lea, ke li te anfanse pou Jakòb, li te soti ale ouè fi peyi yo.

2 E lè Sichèm, prins peyi a, pitit gason Amò, Evyin an, te ouè li, li te pran li, e te kouche avèk li, e te dezonore li.

3 E nanm li te atache nan Dian fi Jakòb, e li te rinmin fi a, e te pale byin nan fi a.

4 E Sichèm te pale nan Amò papa li, tap di, Pran fi sa pou madanm mouin.

5 E Jakòb te tandè ke li te dezonore fi li: alò pitit gason li yo te nan chan avèk betay li yo: e Jakòb te kinbe la pe li jouk yo te vini.

6 E Amò papa Sichèm te ale kote Jakòb pou pale avèk li.

7 E pitit gason Jakòb yo te vi-n soti nan chan an lè yo te tandè li: e lòm yo te tris e yo te fache anpil, paske li te fè dezòd nan Izraèl piske li te kouche avèk ti fi Izraèl; ki bagay pa te douè fèt.

8 E Amò te pale avèk yo, tap di, Nanm pitit gason mouin dezire fi

nou: mouin prie nou ba li pou madanm li.

9 E nou va fè mariaj avèk nou, e bay nou fi nou yo, e pran fi nou pou nou.

10 E nou va demere avèk nou: e peyi a va devan nou; demere e fè kòmès ladan, e pran posesion nou yo ladan.

11 E Sichèm te mande papa li e frè li yo, Kite mouin jouinn gras nan je nou you, e sa nou va mande mouin, mouin va bay.

12 Mandé mouin anpil, anpil pri mariaj e kado, e mouin va bay dapre jan nou va di mouin: min ban mouin fi a pou madanm.

13 E pitit gason Jakòb te reponn Sichèm e Amò papa li avèk riz, paske li te dezonore Dina sè yo:

14 E yo te di yo, Nou pa kapab fè bagay sa a, pou bay you ki pa sikonsi sè nou; paske sa se you reprox pou nou:

15 Min nan sa nou va dakò avèk nou: si nou va jan nou ye, ke tout mal va vi-n sikosi;

16 Alò nou va ban nou fi nou yo, e nou va pran fi nou yo pou nou, e nou va demere avèk nou, e va devni youn pèp.

17 Min si nou pap koute nou, pou vi-n sikonsi; alò nou va pran fi nou, e nou va prale.

18 E paròl yo te fè Amò, e Sichèm, pitit gason Amò, plezi.

19 E jinn òm nan pat manke fè bagay sa a, paske li te gin plezi nan fi Jakòb la: e li te pi ororab pase tout nan lakay papa li.

20 Amò e Sichèm pitit gason li te vini nan pòtal lavil yo, e yo te pale avèk lòm lavil yo, tap di,

21 Lòm sa yo an pe avèk nou; se pou tèt sa kite yo demere nan peyi a, e fè kòmès ladan; paske min ni, peyi a ase laj pou yo; an nou pran fi yo pou madanm nou yo, e an nou ba yo fi nou yo.

22 Se sèlman konsa lòm yo va dakò demere avèk nou, e fè youn

sèl pèp, si tout mal pami nou vi-n sikonsi, jan yo sikonsi.

23 Eske betay yo e sibstans yo, e tout bèt pa pou nou? sèlman an nou dakò avèk yo, e yo va demere avèk nou.

24 E tout ki te antre nan pòtal lavil li te koute Amò e Sichèm; e tout mal te sikonsi, tout ki te soti nan pòtal lavil li.

25 E lè sa a sou touazièm jou, lè yo te fè mal, ke de nan pitit gason Jakòb, Simeon e Levi, frè Dina yo, te chak pran nepe li, e te vini sou vil la karima e te touye tout mal yo.

26 E yo te touye Amò e Sichèm pitit gason li avèk bò nepe a, e te pran Dina nan lakay Sechèm, e te soti.

27 E pitit gason Jakòb yo te vini kote mò yo, e te piye vil la, paske yo te dezonore sè yo.

28 Yo te pran mouton yo, e bèf yo, e bourik yo, e sa ki te nan lavil, e sa ki te nan chan an.

29 E tout richès yo, e tout ti moun yo, e madanm yo yo te pran kòm kaptif, e te piye minm tout sa ki te nan lakay.

30 E Jakòb te di Simeon e Levi, Nou gintan trouble mouin pou fè mouin santi pami abitan peyi a, pami moun Kananeyin yo e Ferezzyin yo: e mouin ki kèk nan nomb, yo va rasanble yo minm ansanm kont mouin, e touye mouin; e mouin va detoui, mouin e lakay mouin.

31 E yo te di, Eskè li ta douè aji avèk sè nou tankou avèk you prostitie?

Chapit 35

EBondye te di Jakòb, Leve, ale monte Betèl, e demere la: e fè you otèl la pou Bondye, ki te parèt kote ou lè ou te kite nan fas Ezau frè ou.

2 Alò Jakòb te di moun lakay li, e tout sa ki te avèk li, Ouete dye etranj yo ki pami nou, e vi-n pròp, e chanje rad nou yo:

3 E kite nou leve, e ale monte Betèl; e mouin va fè you otèl pou Bondye, Sila ki te reponn mouin nan jou detrès mouin, e te avèk mouin nan chemin an ke mouin te ale.

4 E yo te bay Jakòb tout dye etranj yo ki te nan min yo, e tout zanno ki te nan zorèy yo; e Jakòb te kache yo anba pie bouad chinn ki te bò Sichèm.

5 E yo te vouyaje: e tèrè Bondye te sou tout vil ki te anvironnin yo, e yo pat chase dèyè pitit gason Jakòb yo.

6 Alò Jakòb te vini nan Luz, ki nan peyi Kanaan, sa vle di, Betèl, li e tout pèp ki te avèk li.

7 E li te bati you otèl, e te rele plas la El-Betèl: paske se la Bondye te parèt kote li, lè li te chape nan fas frè li.

8 Min Debora, bòn Rebeka te mouri, e li te antere anba Betèl anba you bouad chinn: e non li te rele Alonbekot.

9 E Bondye te parèt kote Jakòb ankò, lè li te soti nan Padan-Aram, e li te beni li.

10 E Bondye te di li, Non ou se Jakòb: non ou pap rele Jakòb ankò, min Izraèl va non ou.

11 E Bondye te di li, Mouin se Bondye Tou Puisan: vi-n friktie e miltiplie; you nasion e you group nasion va nan ou, e roua yo va soti nan rin ou yo.

12 E peyi a ke Mouin te bay Abraam e Izaak, pou ou Mouin va ba li, e apre Mouin va ba desandan ou peyi a.

13 E Bondye te monte kite li nan plas kote Li te pale avèk li.

14 E Jakòb te leve you poto nan plas la kote li te pale avèk Li, minm you poto ròch: e te vide you ofrann bouason sou li, e li te vide luil sou li.

15 E Jakòb te rele plas kote Bondye te pale avèk li, Betèl.

16 E yo te vouyaje nan Betèl; e te gin you ti distans pou vini

nan Efrata: e Rachèl te akouche, e akouchman li te rèd.

17 E li te vi-n pase, pandan li te nan akouchman rèd, ke fanm saj la te di li, Pa pè; ou va fè pitit gason sa a tou.

18 E li te vi-n pase, pandan nanm li te pati (paske li te mouri) ke li te rele non li Binnoni: min papa li te rele li Benjamin.

19 E Rachèl te mouri, e te antere nan chemin an nan Efrara, ki se Betleèm.

20 E Jakòb te mete you poto sou tonm li: se poto a ki sou tonm Rachèl jouk jodi a.

21 E Izraèl te vouyaje, e te leve tant li lòt bò tou Edè.

22 E lè sa, lè Izraèl te demere nan peyi a, ke Rubin te antre kouche avèk Bilha konkibinn papa li: e Izraèl te tande sa. Alò pitit gason Jakòb te douz:

23 Pitit gason Lea yo; Rubin, premie ne Jakòb, e Simeon, e Levi, e Juda, e Isaka, e Zabulon:

24 Pitit gason Rachèl yo; Jozèf, e Benjamin:

25 Pitit gason Bilha yo; Dan, e Neftali:

26 Pitit gason Zilpa yo, sèvant Lea; Gad e Asè: sa yo se pitit gason Jakòb, ki te fèt pou li nan Padan-Aram.

27 E Jakòb te vini kote Iazzk papa li nan Mamre, nan lavil Aba, ki se Ebron, kote Abraam e Izaak te rete.

28 E jou Izaak yo te san katre-vin ane.

29 E Izaak te rann lespri a, e te mouri, e te rasanble nan pèp li, vie e plin jou yo: e pitit gason li yo Ezau e Jakòb te antere li.

Chapit 36

Alò sa yo se jenerasion Ezau yo, ki se Edom.

2 Ezau te pran madanm yo nan fi Kanaan yo; Ada pitit fi Elon Etyin a, e Oholibama pitit fi Ana pitit fi Tsibeon, Evyin an;

3 E Basmat fi Ismaël, sè Naanjòt.

4 E Ada te anfanter Elifaz pou Ezau; e Basmat te anfanter Reuèl;

5 E Oholibma te anfanter Jeuch, e Zaelam, e Kore: sa yo se pitit gason Ezau, ki te fèt pou li nan peyi Kanaan.

6 E Ezau te pran madanm li yo, e pitit gason li yo, e pitit fi li yo, e tout moun nan lakay li, e betay li, e tout bèt li yo, e tout sibstans li, ke li te ginyin nan peyi Kanaan; e te ale antre nan peyi soti nan fas frè Jakòb.

7 Paske richès yo te plis pase sa ke yo kapab rete ansanm; e peyi kote yo te etranje pat kapab sipòte yo pou tèt betay yo.

8 Konsa Ezau te demere nan Sei: Ezau se Edom.

9 E sa yo se jenerasyon Ezau papa moun Edom yo nan mòd Sei:

10 Sa yo se non pitit gason Ezau; Elifaz pitit gason Ada madanm Ezau, Reuèl pitit gason Basmat madanm Ezau.

11 E pitit gason Elifaz yo se te Teman, Oma, Tsefo, e Gaetan, Kenaz.

12 E Timna te konkibinn pou Elifaz pitit gason Ezau; e li te anfanter Amalèk pou Elifaz: sa yo se pitit gason yo pou madanm Ezau.

13 E sa yo se te pitit gason pou Reuèl; Nahat, e Zerak, Chama, e Miza: sa yo se te pitit gason yo pou Basmat madanm Ezau,

14 E sa yo se te pitit gason yo pou Oholibama, pitit fi Ana pitit fi Tsibeon, madanm Ezau: e li te anfanter Jeuch, e Jaelam, e Kore pou Ezau.

15 Sa yo se te chèn pitit gason yo pou Ezau: pitit gason Elifaz yo premie nan gason pou Ezau; chèn Teman, chèn Oma, chèn Tsefo, chèn Kenaz,

16 Chèn Kore, chèn Gaetan, e chèn Amalèk: sa yo se chèn yo ki te soti nan Elifaz nan peyi Edom; sa yo se te pitit gason Ada.

17 E sa yo se pitit gason yo pou Reuèl pitit gason Ezau; chèn Nahat, chèn Zerak, chèn Chama, chèn Miza: sa yo se chèn yo ki te soti nan Reuèl nan peyi Edom; sa yo se pitit gason Basmat madanm Ezau.

18 E sa yo se pitit gason yo pou Oholibama madanm Ezau; chèn Jeuch, chèn Jaelam, chèn Kore: sa yo se te chèn yo ki te soti nan Oholibama pitit fi Ana, Madanm Ezau.

19 Sa yo se pitit gason yo pou Ezau, ki se Edom, e sa yo se chèn yo.

20 Sa yo se pitit gason yo pou Sei Oryin an, ki te abite peyi a; Lotan, e Chobal, e Tsibeon, e Ana,

21 E Dichon, e Etsè, e Dichan: sa yo se chèn Oryin yo, ti moun Sei nan peyi Edom.

22 E ti moun Lotan se te Ori e Eman; e sè Lotan se te Timna.

23 E ti moun Chobal se te sa yo; Alvan, e Manaat, e Ebal, Chefo, e Onam.

24 E sa yo se ti moun Tsibeon; tou de Aja e Ana: se te Ana ki te jouinn milèt yo nan dezè a, pandan li te bay bourik Tsibeon papa li manje.

25 E ti moun Ana se te sa yo; Dichon, e Oholibama pitit fi Ana.

26 E sa yo se ti moun Dichon; Emdan, e Echban, e Jitran, e Keran.

27 Ti moun Etsè yo se te sa yo; Bihan, e Zaavan, e Akan.

28 Ti moun Dichon yo se sa yo; Uts, e Aran.

29 Sa yo se chèn yo ki te soti nan Oryin yo; chèn Lotan, chèn Chobal, chèn Tsibeon, chèn Ana,

30 Chèn Dichon, chèn Etsè, chèn Dichan: sa yo se chèn li te soti nan Oryin, pami chèn yo nan peyi Sei.

31 Sa yo se roua yo ki te regne nan peyi Edom, avan okinn roua te regne sou pitit Izraèl yo.

32 E Bela pitit gason Beò te regne nan Edom: e non vil li te Dinaba.

33 E Bela te mouri, e Jobab pitit gason Zerak nan Botsra te regne nan plas li.

34 E Jobab te mouri, e Hucham nan peyi Temanit te regne nan plas li.

35 E Hucham te mouri, e Hadad pitit gason Bedad, ki te touye Madianit nan you chan nan Moab, te regne nan plas li: e non vil li te Avit.

36 E Hadad te mouri, e Samla nan Masreka te regne nan plas li.

37 E Samla te mouri, e Saul nan Reobòt bò rivie a te regne nan plas li.

38 E Saul te mouri, e Baal-Anan pitit gason Akbò te regne nan plas li.

39 E Baal-Anan pitit gason Akbò te mouri, e Ada te regne nan plas li: e non vil li te Paou; e non madanm li te Meetabeèl, pitit fi Matrèd, pitit fi Mezaab.

40 E sa yo se non chèf yo ki soti nan Ezau, dapre fanmi yo, dapre plas yo, pa non yo; chèf Timna, chèf Alva, chèf Jetèt,

41 Chèf Oholibama, chèf Ela, chèf Pinon,

42 Chèf Kenaz, chèf Teman, chèf Mibtsa,

43 Chèf Magdièl, chèf Iram: sa yo se chèf Edom, dapre abitasyon yo nan peyi posesion yo: Li se Ezau papa moun Edom yo.

Chapit 37

E Jakòb te demere nan peyi kote papa li te you etranje, nan peyi Kanaan.

2 Sa yo se jenerasion Jakòb la. Jozèf, ki te disèt ane, tap pran souin troupou a avèk frè li yo; e ti gason an te avèk pitit gason Bilha, e avèk pitit gason Zilpa, madanm papa yo: e Jozèf te pòte bay papa li move rapòte frè li yo.

3 Alò Izraèl te rinmin Jozèf plis pase tout ti moun li yo, paske li te pitit gason li nan vie lag li: e li te fè li you tunik avèk anpil koulè.

4 E lè frè li yo te ouè ke papa yo te rinmin li plis pase tout frè li yo,

yo te rayi li, e pat kapab pale avèk li an pe.

5 E Jozèf te fè you rèv, e te di frè li yo: e yo te rayi li plis toujou.

6 E li te di yo, Koute, mouin prie nou, rèv sa ke mouin te fè:

7 Paske, min ni, nou tap mare pakèt yo nan chan an, e, min ni, pakèt mouin te leve, e te kanpe tou douat; e, min ni, pakèt nou yo te kanpe otou, e te a tè devan pakèt mouin.

8 E frè li yo te di li, Eskè ou va regne sou nou vrèman? ou byin ou va gin dominion sou nou vrèman? E yo te rayi li plis pou tèt rèv li yo, e pou tèt paròl li yo.

9 E li te fè you lòt rèv, e te di frè li yo, e te di, Min ni, mouin te fè you rèv ankò; e, min ni, solèy la e la lin e douz zetoual te a tè devan mouin.

10 E li te di Papa li sa, e frè li yo: e papa li te reproche li, e te di li, Ki sa rèv sa a ke ou te fè? Eskè mouin e manman ou e frè ou yo va bese a tè devan ou vrèman?

11 E frè li yo te jalou avèk li; min papa li te obvève paròl la.

12 E frè li yo te ale pran souin troupou papa yo nan Sichèm.

13 E Izraèl te di Jozèf, Eskè frè ou yo ape pran souin troupou a nan Sichèm? vini, e mouin va voye ou kote yo. E li te di, Min mouin.

14 E li te di, Ale, mouin prie ou, pou ouè si frè ou yo byin, e si troupou yo byin; e vinn di mouin ankò. Alò li te voye li soti nan vale Ebron, e te vini nan Sichèm.

15 E you sètèn òm te jouinn li, e, min ni, li te egare nan chan an: e òm nan te mande li, te di, Ki sa ouap chache?

16 E li te di, Map chache frè mouin yo: di mouin, mouin prie ou, kote yo ap pran souin troupou yo.

17 E òm nan te di, Yo te pati ale; paske mouin te tandè yo di, An ale nan Dotan. E Jozèf te ale dèyè frè li yo, e te jouinn yo nan Dotan.

18 E lè yo te ouè li louin, minm avan li te vini tou pre yo, yo te konspire kont li pou touye li.

19 E yo te youn di lòt, Min ni, fèzè-d rèv la ape vini.

20 Se pou tèt sa vini koun ye a, an nou touye li, e jete li nan kèk tou, e nou va di, Kèk bèt te devore li: e nou va ouè ki sa rèv li yo va devni.

21 E Rubin te tandè sa, e li te delivre li nan min yo: e te di, An nou pa touye li.

22 E Rubin te di yo, Pa vèsè san, min jete li nan tou sa a nan dèzè a, e pa mete okinn min sou li; ke li kapab retire li nan min yo, pou li kapab delivre li ba papa li ankò.

23 E li te vi-n pase ke lè Jozèf te vini kote frè li yo, ke yo te retire Jozèf nan tinik anpil koulè ki te sou li;

24 E yo te pran li, e te jete li nan you tou: e tou a te vid, pat gin okinn dlo nan li.

25 E yo te chita pou manje pin: e yo te leve je yo e te gade, e, min ni, you bann Ismaelit yo te vini soti nan Galaad avèk chamo yo ape pòte epis e parfin e mir, tap desann Ejip.

26 E Juda te di frè li yo, Ki profi li ye si nou touye frè nou, e kache san li?

27 Vini, an nou vann li nan Ismaelit yo, e pa kite min nou sou li; paske li se frè nou e chè nou. E frè li yo te kontan.

28 Alò te gin machan Madianit yo ki tap pase; e yo te leve e te retire Jozèf soti nan tou a, e te vann Jozèf nan Ismaelit yo pou vin piès ajan: e yo te minnin Jozèf nan Ejip.

29 E Rubin te retounin nan tou a; e, min ni, Jozèf pat nan tou a; e li te dechire rad li.

30 E li te retounin kote frè li yo, e te di, Ti gason an pa la; e mouin, kote mouin prale?

31 E yo te pran tinik Jozèf e te touye you ti kabrit nan kabrit yo, e te tranpe tounik la nan san an;

32 E yo te voye tinik anpil koulè, e te pòte li nan papa yo; e te di, Nou te jouinn sa; alò konnin si se tounik pitit gason ou, ou byin non.

33 E li te konnin li, e te di, Sa se tounik pitit gason mouin; you move bèt gintan devore li; Jozèf gintan dechire an mòso.

34 E Jakòb te dechire rad li, e te mete sak toual sou rin li, e te an dèy pou pitit gason li pou anpil jou.

35 E tout pitit gason li e tout fi li yo te leve pou konsole li; min li te refize konsolasion; e li te di, Paske mouin va desann nan tonm pitit gason mouin an dèy. Konsa papa li te krie pou li.

36 E Mìdianit yo te vann li nan Ejip bay Potifa, you ofisie pou Faraon, e chèf gad la.

Chapit 38

E li te vi-n pase nan tan sa a, ke Juda te desann kite frè li yo, e li te antre kote you sètìn moun Adu-lam yo, sila non li te Ira.

2 E Juda te ouè you fi ki te fi you sètìn Kananeyin, sila non li te Chua; e li te pran li, e te antre kote li.

3 E li te vi-n ansint, e te fè you pitit gason; e li te rele non li Er.

4 E li te vi-n ansint ankò, e li te fè you pitit gason; e li te rele non li Onan.

5 E li te vi-n ansint minm ankò, e li te fè you pitit gason; e li te rele non li Chela: e li te nan Kezib, lè li te fè li.

6 E Juda te pran you madanm pou Er premie ne li, sila non li te Tama.

7 E Er, premie ne Juda te mechan nan je Letènèl; e Letènèl te touye li.

8 E Juda te di Onan, Antre kote madanm frè ou, e marie avèk li, e leve desandans pou frè ou.

9 E Onan te konnin ke desandan pa ta pou li; e li te vi-n pase, ke lè li te antre kote madanm frè li, ke li te lage li a tè, pou krint li ta bay frè li desandans.

10 E bagay ke li te fè pat bay Letènèl plezi: se pou tèt sa Li te touye li tou.

11 Alò Juda te di Tama bèl fi li, Rete you vèv nan lakay papa ou, jouk Chela pitit gason mouin fi-n grandi: paske li te di, Pou krint li ta mouri tou, jan frè li yo. E Tama te ale e te demere nan lakay pap li.

12 E apre plis tan pitit fi Chua, Madanm Juda te mouri; e Juda te konsole, e te monte kote moun li kap tonn mouton nan Timna, li e zanmi li Ira Adulamit la.

13 E yo te di Tama, tap di, Min ni bò pè ou ape monte nan Timna pou tonn mouton li.

14 E li te retire rad vèv li, e te kouvri li minm avèk you voual, e li te vlope li minm, e te chita nan you plas ouvri, ki te nan chemin an nan Timna; paske li te ouè ke Chela te fi-n grandi, e li pa te bay li pou madanm.

15 Lè Juda te ouè li, li te panse li te you prostitie; paske li te kouvri fas li.

16 E li te vire kote li bò chemin an, e te di, Vini, mouin prie ou, kite mouin antre kote ou; (paske li pat konnin ke li te bèl fi li.) E li te di, Ki sa ou va ban mouin, ke ou kapab antre kote mouin?

17 E li te di, Mouin va voye youn nan ti kabrit nan troupo a. E li te di, Ou va ban mouin you garanti, jouk ou voye li?

18 E li te di, Ki garanti mouin va ba ou: E li te di, So ou, e braslè ou yo, e baton ou ki nan min ou. E li te ba li sa, e li te antre kote li, e li te vi-n ansint.

19 E li te leve, e te soti, te mete voual li nan li, e te mete rad vèv li yo.

20 E Juda te voye ti kabrit la pa mouayin min zanmi li Adulamit la, pou resevoua garanti li nan min fanm nan; min li pat jouinn li.

21 Alò li te mande lòm yo nan plas la, tap di, Kote prostitie a, ki

te chita ouvètman bò chemin an? E yo te di, Pa gin okinn prostitie nan plas sa.

22 E li te retounin kote Juda, e te di, Mouin pa kapab jouinn li; e lòm yo nan plas la te di tou, ke pa gin okinn prostitie nan plas la.

23 E Juda te di, Kite li pran sa pou li, pou krint nou vi-n ront: min ni, mouin te voye ti kabrit sa, e ou pat jouinn li.

24 E apre toua moua konsa, ke yo te di Juda, tap do, Tama bèl fi ou te aji you prostitie; e li avèk pitit pa mouayin ak prostitie. E Juda te di, Minnin li devan, e fè li boule.

25 Lè yo te minnin li devan, li te voye pou bò pè li, tap di, Pa mouayin òm nan, sila ki mèt bagay sa yo, mouin asint: Gade, mouin prie ou, pou ki moun yo ye, so a, e braslè yo, e baton.

26 E Juda te rekonèt yo, e li te di, Li te pi jis pase mouin; paske mouin pat ba li Chela pitit gason mouin. E li pat konnin li ankò.

27 E lè rive, nan tan doulè li, ke, min ni, marasa te nan vant li.

28 E li te vi-n pase, lè li te nan akouchman, ke youn te mete min li dèyò: e fanm saj la te pran e te mare you fil rouj sou min li, tap di, Sa te soti premie.

29 E li te vi-n pase, pandan li te retire min li, ke, min ni, frè li te soti: e li te di, Ki jan ou te soti? brèch sa a sou ou: se pou tèt sa non li te rele Perèts.

30 E apre sa frè li te soti, ki te gin fil skalat sou min li: e non li te rele Zerak.

Chapit 39

E yo te minnin Jozèf nan Ejipt; e Potifa, you ofisye Faraon, chèf gad la, you Ejiptsièn, te achte li nan min Ismaelit yo, ki te minnin li desann la.

2 E Letènèl te avèk Jozèf, e li te you òm prospere; e li te nan lakay mèt li Ejiptsièn an.

3 E mèl li te ouè ke Letènèl te avèk li, e ke Letènèl te fe tout bagay prospere nan min li.

4 E Jozèf te jouinn gras nan je li, e li te sèvi li: e li te fè li koutremèt lakay li, e li te mete tout bagay li ginyin nan min li.

5 E li te vi-n pase depi nan tan li te fè li koutremèt lakay li, e sou tout bagay li te ginyin, Letènèl te beni lakay Ejiptièn an pou tèt Jozèf; e benediksiyon Letènèl te sou tout bagay li te gin nan lakay li, e nan chan an.

6 E li te kite tout bagay li te ginyin nan min Jozèf; e li pat konnin anyin li te ginyin, sòf pin an ke li te manje. E Jozèf te you òm byin, e byin bèl.

7 E li te vi-n pase apre bagay sa yo, ke madanm mèl li te voye je li yo sou Jozèf; e li te di li, Kouche avèk mouin.

8 Min li te refize, e li te di madanm mèl li, Min ni, mèl mouin pa konnin ki sa avèk mouin nan kay la, e li te konmèt tout bagay li ginyin nan min mouin;

9 Pa ginyin anyin nan lakay sa pi gran pase mouin; e li pat refize mouin anyin sòf ou, paske ou se madanm li: ki jan mouin kapab fè gro mechansti sa, e peche kont Bondye?

10 E li te vi-n pase, pandan li te pale avèk Jozèf jou pa jou, ke li pat koute li, pou kouche avèk li, ou byin pou li avèk li.

11 E li te vi-n pase nan tan konsa, ke Jozèf te antre nan kay la pou okipie zafè li; e pat gin okinn nan lòt yo andan kay la.

12 E li te pran li nan rad li, li tap di, Kouche avèk mouin: e li te kite rad li nan min li, e li te kouri, e li te soti.

13 E li te vi-n pase, lè li te ouè ke li te kite rad li nan min li, e li te kouri,

14 Ke li te rele lòm lakay li, e te pale yo, tap di, Ouè, li te minnin

Ebre a kote nou pou moke nou; li te vini kote mouin pou kouche avèk mouin, e mouin te krie avèk you voua fò:

15 E li te vi-n pase, lè li te tandè ke mouin te leve voua mouin e mouin te krie, ke li te kite rad li avèk mouin, e li te kouri soti.

16 E li te mete rad li bò li, jouk mèl li te vini lakay.

17 E li te pale li, dapre paròl sa yo, tap di, Sèvitè Ebre a, ke ou te minnin kote nou, te antre kote mouin pou moke mouin:

18 E li te vi-n pase, pandan mouin te leve voua mouin e mouin te krie, ke li te kouri kite rad li avèk mouin, e kouri soti.

19 E lè mèl li te tandè paròl madanm li, ke li te di li, tap di, Se konsa sèvitè ou te fè mouin; ke kòlè li te anflame.

20 E mèl Jozèf te pran li, e te mete li nan prizon, you plas kote prizonnie roua yo te mare: e li te la nan prizon.

21 Min Letènèl te avèk Jozèf, e te montre mizrekòd Li, e li te ba li favor nan je chèf prizon an.

22 E mèl prizon a an te konmèt nan min Jozèf tout prizonnie ki te nan prizon an; e ninpòt sa yo te fè la, li te fè li.

23 Mèt prizon an pat gade anyin ki te anba min li; paske Letènèl te avèk li, e sa li te fè, Letènèl te fè li prospire.

Chapit 40

E apre bagay sa yo, ke chèf kanbiz roua Ejipt la e chèf boulanje a te ofanse mèl yo roua Ejipt la.

2 E Faraon te fache kont de nan chèf ofisier li yo, kont chèf kanbiz la, e kont chèf boulanje a.

3 E li te mete yo anba gad nan lakay kapitèn gad la, nan prizon an, plas la kote Jozèf te fèmin.

4 E chèf gad la te mete yo sou kont Jozèf: e yo te kontinie anba gad pou you sezon.

5 E yo tou de te fè you rèv, chak òm te fè rèv li nan youn nuit, chak òm dapre intèpretasion rèv li, chèf kanbiz la e chèf boulanje roua Ejjip la, ki te anba gad nan prizon an.

6 E Jozèf te antre kote yo nan matin an, e li te gade sou yo, e, min ni, yo te tris.

7 E li te mande ofisie Faraon ki te avèk li anba gad nan lakay mèt li, tap di, pouki sa visij nou tris jodi a?

8 E yo te di li, Nou te fè you rèv, e pa gin okinn intèpretè pou li. E Jozèf te di yo, Eskè intèpretasion yo pa pou Bondye? di mouin yo, mouin prie nou.

9 E chèf kanbiz la te di Jozèf rèv li, e li te di li, Nan rèv mouin, min ni, you vign te devan mouin;

10 E nan vign nan te gin toua branch: e li te tankou li te flere, e flè li te pouse soti; e grap la te fè rezin yo ki te mi:

11 E koup Faraon an te nan min mouin: e mouin te pran rezin yo, e mouin te peze yo nan koup Faraon, e mouin te bay Faraon koup la nan min li.

12 E Jozèf te di li, Sa se intèpretasion sou li: Toua branch yo se toua jou:

13 Ankò nan toua jou Faraon va leve tèt ou, e va restore ou nan plas ou: e ou va delivre koup Faraon nam min li, dapre manie avan, lè ou te chèf kanbiz li.

14 Min sonje mouin lè li va vi-n byin avèk ou, e montre bonte pou mouin, mouin prie ou, e pale pou mouin avèk Faraon, e fè mouin soti nan kay sa.

15 Paske mouin te anleve vrèman soti nan peyi Ebre yo: e isit mouin pat fè anyin ni pou yo mete mouin nan prizon an.

16 Lè chèf boulanje a te ouè ke intèpretasion an te bon, li te di Jozèf, Mouin te fè you rèv tou, e, min ni, mouin te gin toua panie blan sou tèt mouin:

17 E nan panie pi ro a te gin tout kalite manje ki kuit nan fou a pou Faraon; e zouazo yo te manje yo nan panie sou tèt mouin.

18 E Jozèf te reponn e te di, Sa se intèpretasion sou li: Toua panie yo se toua jou:

19 Ankò nan toua jou Faraon va leve tèt ou nan ou, e va pandie ou sou you pie boua; e zouazo yo va manje chè ou nan ou.

20 E li te vi-n pase sou touazièm jou, ki te fèt nesans Faraon, ke li te fè you fèt pou sèvitè li yo: e li te leve tèt chèf kanbiz la e chèf boulanje a pami sèvitè li yo.

21 E li te restore chèf kanbiz la ankò kòm kanbiz li; e li te bay koup la nan min Faraon ankò:

22 Min li te pandie chèf boulanje a: jan Jozèf te intèprete pou yo.

23 Min chèf kanbiz la pat sonje Jozèf, min te blie li.

Chapit 41

E nan la fin de ane, ke Faraon te fè you rèv: e, min ni, li te kanpe bò riviè.

2 E, min ni, te gin sèt vach ki te soti nan rivi a ki te parèt bèl e gra.

3 E, te ginyin, sèt lòt vach te soti monte apre yo nan riviè a, parèt lèd e yo mèg; e te kanpe bò lòt vach yo bò riviè a.

4 E vach lèd e mèg yo te manje sèt vach ki bèl e gra. Alò Faraon te reveye.

5 E li te dòmi e li te fè rèv la de-zièm foua a: e, min ni, sèt zepi te vini sou you pie, gra e bon.

6 E, min ni, sèt zepi mèg e brile te leve apre yo.

7 E sèt zepi mèg yo te devore sèt zepi ki gra e plin yo. E Faraon te reveye, e, min ni, li te you rèv.

8 E li te vi-n pase nan matin an ke lespri li te trouble; e li te voye rele tout mejisyin nan Ejjip, e tout lòm saj yo: e Faraon te di yo rèv li; min pat gin okinn ki kapab intèprete yo pou li.

9 Alò chèf kanbiz la te pale Faraon, tap di, Mouin sonje fòt mouin jodi a:

10 Faraon te fache avèk sèvitè li yo, e te mete mouin anba gad nan lakay kapitèn gad la, tou de mouin e chèf boulanje a:

11 E nou te fè you rèv nan youn nuit, mouin minm e li minm; nou te fè rèv dapre intèpretasion rèv yo.

12 E te gin avèk nou you jinn òm, you Ebre, sèvitè kapitèn gad la; e nou te di li e li te intèprete rèv yo pou nou; pou nou chak dapre rèv li yo li te intèprete pou nou.

13 E li te pase, jan li te intèprete pou nou, konsa li te ye; li te restore mouin nan pozision mouin e li te pandie lòt la.

14 Alo Faraon te voye rele Jozèf, e yo te minnin li an vitès soti nan prizon an: e li te fè bab, e li te chanje rad li, e li te antre kote Faraon an.

15 E Faraon te di Jozèf, Mouin te fè you rèv, e pa gin okinn ki kapab intèprete li: e mouin te tandè yo di, ke ou kapab konprann you rèv pou intèprete li.

16 E Jozèf te reponn Faraon, li te di, Se pa nan mouin minm: Bondye va bay Faraon you repons an pe.

17 E Faraon te di Jozèf, Nan rèv mouin, min ni, mouin te kanpe sou bò riviè a:

18 E, min ni, te ginyin sèt vach ki te soti nan riviè a, gra e te parèt bèl; e yo te manje bò riviè a:

19 E, min ni, sèt lòt vach te monte soti apre yo, fèb e te parèt lèd e mèg, jan mouin pat jam ouè mal konsa nan peyi Ejip la:

20 E vach mèg e lèd yo te devore premie sèt yo:

21 E lè yo te fi-n devore yo, li pa kapab vi-n konnin ke yo te manje yo; min yo te lèd toujou, kòm nan kòmansman. Alò mouin te reveye.

22 E mouin te ouè nan rèv mouin, e, min ni, sèt zepi te vi-n monte nan you sèl pie, plin e bon:

23 E, min ni, sèt zepi te monte apre yo, finni, mèg, e brile avèk van ès la:

24 E zepi finni yo te devore sèt bon zepi yo: e mouin te di majisyin yo sa; min pa gin okinn ki kapab deklare mouin sa.

25 E Jozèf te di Faraon, Rèv Faraon tou de se sèl rèv: Bondye te montre Faraon sa Li prèt pou fè.

26 Sèt bon vach yo se sèt ane; e sèt zepi yo se sèt ane: rèv la yo se youn sèl.

27 E sèt vach mèg e vach lèd yo ki te monte apre a se sèt ane; e sèt zepi ki vid e brile avèk van ès la va sèt ane grangou.

28 Sa se bagay ke mouin te pale Faraon: Sa Bondye prèske prèt pou fè Li tape montre Faraon.

29 Min ni, ginyin sèt ane gran abondans kap vini nan tout peyi Ejip la:

30 E va ginyin apre sa yo sèt ane grangou; e nou va blie tout abondans nan peyi Ejip; e grangou a va konsime peyi a;

31 E nou pap konnin abondans la pou tèt grangou a kap suiv; paske li va rèd anpil.

32 E piske rèv la te double pou Faraon de foua; se paske bagay sa fi-n etabli pa Bondye, e Bondye va fè li pase talè.

33 Alò se pou tèt sa kite Faraon chache you òm pridan e saj, e mete li sou peyi Ejip la.

34 Kite Faraon fè sa, e kite li eki-pe ofisie yo sou peyi a, e pran you sinkièm pati nan peyi Ejip pandan sèt ane abondans la.

35 E kite yo ranmase tout manje nan bon ane sa yo kap vini an, e konsève ble a anba min Faraon, e kite yo konsève manje nan vil yo.

36 E manje sa a va an resèv pou peyi a kont sèt ane grangou, ki va nan peyi Ejip la; ke peyi a pap peri pandan grangou a.

37 E bagay la te bon nan je Faraon, e nan je tout sèvitè li yo.

38 E Faraon te di sèvitè li yo, Eskè nou kapab jouinn youn konsa, you òm nan sila Lèsprì Bondye ye?

39 E Faraon te di Jozèf, Piske Bondye te montre ou tout sa, pa gin okinn ki pridan e saj tankou ou:

40 Ou va sou kay mouin, e dapre paròl ou tout pèp mouin yo va gouvènè: nan tron sèlman mouin minm va pi gran pase ou.

41 E Faraon te di Jozèf, Ouè, mouin te mete ou sou tout peyi Ejip la.

42 E Faraon te retire bag nan min li, e li te mete li nan min Jozèf, e li te abiye li nan rad lin fin, e te mete you chinn an lò sou kou li;

43 E li te fè li monte nan dezièm cha a ke li te ginyin; e yo te krie devan li, A jenou: e li te fè li chèf sou tout peyi Ejip.

44 E Faraon te di Jozèf, Mouin se Faraon, e san ou okinn òm pap leve min ou byin piè li nan tout peyi Ejip.

45 E Faraon te rele non Jozèf Safna-Paneak; e li te bay li Asnat, pitit fi Potifera, prèt On, pou madanm. E Jozèf te ale pase tout peyi Ejip la.

46 E Jozèf te trant ane lè li te kanpe devan Faraon roua Ejip la. E Jozèf te soti nan prezans Faraon, e te ale pase nan tout peyi Ejip la.

47 E nan sèt ane abondans la latè te rapòte an abondans.

48 E li te ranmase tout manje pou sèt ane, ki te nan peyi Ejip la, e li te sere manje a nan vil yo: e manje a ke li te jouinn nan chan an, ki te anvironin vil la, li te sere li nan minm vil.

49 E Jozèf te ranmase ble tankou sab lamè, anpil anpil, jouk li te kite kontrole li; paske se te san mezi.

50 E pou Jozèf de pitit gason te fèt avan ane grangou yo, ke Asnat pitit fi Potifera prèt On te anfanste pou li.

51 E Jozèf te rele non premie ne a Manase: paske Bondye, li te di, te

fè mouin blie travay mouin, e tout lakay papa mouin.

52 E non dezièm nan te rele Efraim: Paske Bondye te fè mouin friktie nan peyi afliksion mouin an.

53 E sèt ane abondans yo, ki te nan peyi Ejip la, te fini.

54 E sèt ane grangou te komanse vini, jan Jozèf te di: e grangou a te nan tout peyi yo; min te gin pin nan tout peyi Ejip la.

55 E lè tout peyi Ejip te grangou, pèp la te krie nan piè Faraon pou pin: e Faraon te di tout Ejipsyin yo, Ale kote Jozèf; sa li di nou, fè.

56 E grangou a te sou tout fas latè: e Jozèf te ouvri tout gremie yo, e te vann Ejipsyin yo; e grangou a te nan peyi Ejip la.

57 E tout lòt peyi yo te antre nan Ejip pou achte ble; paske grangou a te rèd nan tout peyi yo.

Chapit 42

A lè lè Jakòb te ouè ke ginyin ble nan Ejip, Jakòb te di pitit gason li yo, Pouki sa nou youn ape gade sou lòt?

2 E li te di, Min ni, mouin te tande ke ginyin ble nan Ejip: desann la, e achte pou nou; ke nou kapab viv e pa mourì.

3 E dis frè Jozèf yo te desann Ejip pou achte mai.

4 Min Binjamin, frè Jozèf, Jakòb pat te voye avèk frè li yo, paske li te di, Pou krint mal anyin pa rive li.

5 E pitit gason Izraèl te vini pami sa yo ki tap achte ble: paske grangou te nan peyi Kanaan.

6 E Jozèf te gouvènè sou peyi a, e se te li ki te vann tout pèp peyi a: e frè Jozèf yo te vini, e yo te bese you minm devan li avèk fas yo a tè.

7 E Jozèf te ouè frè li yo, e li te konnin yo, min te fè li minm etranj pou yo, e li te pale sevè avèk yo; e li te di yo, Kote nou soti? E yo te di, Nan peyi Kanaan pou achte manje.

8 E Jozèf te konnin frè li yo, min yo pat konnin li.

9 E Jozèf te sonje rèv li yo li te fè sou yo, e li te di yo, Nou se espion; pou ouè nidite peyi a nou te vini.

10 E yo te di li, Non, mèt nou, sèlman vini pou achte manje sèvitè ou yo te vini.

11 Nou tou se pitit gason youn sèl òm; nou se lòm vrè, sèvitè ou yo pa espion.

12 E li te di yo, Non, min pou ouè nidite peyi a nou te vini.

13 E yo te di, Sèvitè ou yo se douz frè, pitit gason youn sèl òm nan peyi Kanaan; e min ni, pi jinn nan li avèk papa nou jou sa, e youn pa ankò.

14 E Jozèf te di yo, Se sa ke mouin te pale nou, mouin tap di, Nou se espion:

15 Konsa nou va vi-n prove: Pa mouayin lavi Faraon nou pap soti isit, sòf pi jinn frè nou vini isit.

16 Voye youn nan nou, ale e nou va nan prizon, ke paròl nou yo kapab vi-n prove, si ginyin verite nan nou: ou byin pa mouayin lavi Faraon nou se espion vrèman.

17 E li te mete yo ansanm anba gad pou toua jou.

18 E Jozèf te di yo nan touazièm jou, Fè sa, e viv; paske mouin krinn Bondye:

19 Si nou se lòm vrè, kite youn nan frè nou anba gad nan kay prizon an nou: e nou minm ale, pòte ble lakay nou pou grangou a:

20 Min minnin pi jinn frè nou kote mouin; konsa paròl nou yo va vi-n verifie, e nou pap mouri. E yo te fè sa.

21 E youn te di lòt, Nou koupab vrèman konsènin frè nou an, ke nou te ouè doulè nanm li, lè li te invoke nou, e nou pat tandè; li se pou tèt sa detrès sa te vini sou nou.

22 E Rubin te reponn yo, tap di, Eskè mouin pat di nou, Pa peche kont pitit gason an; e nou pat tan-

de? se pou tèt sa, min ni, nap peye san li.

23 E yo pat konnin ke Jozèf te konprann yo; paske li te pale avèk yo pa you intèpretè.

24 E li te vire li kite yo, e te krie; e li te retounin kote yo ankò, e li te pale avèk yo, e li te pran Simeon, e te mare li devan je yo.

25 Alò Jozèf te kòmande pou yo plin sak yo avèk ble, e pou remèt chak lajan li nan sak yo, e pou ba yo provizion pou chemin yo: e konsa li te fè yo.

26 E yo te chaje bourik yo avèk ble, e yo te pati la.

27 E pandan youn nan yo te ouvri sak li pou bay bourik li manje kote otèl la, li te ouè lajan li; paske, min ni, li te nan bouch sak la.

28 E li te di frè li yo, Lajan mouin restore; e, min ni, li minm nan sak mouin: e kè yo te tonbe, yo te pè, youn ape di lòt, Ki sa li ye ke Bondye te fè nou?

29 E yo te vini kote Jakòb papa yo nan peyi Kanaan, e yo te di li tout sa ki te rive yo; tap di,

30 Om nan, sila ki mèt peyi a, te pale nou sevè, e te pran nou kòm espion nan peyi a.

31 E nou te di, Nou se vrè lòm; nou pa espion.

32 Nou se douz frè, pitit gason papa nou; youn pa la ankò, e pi jinn nan avèk papa nou jodi a nan peyi Kanaan.

33 E òm nan, mèt peyi a, te di nou, Konsa mouin va konnin ke se vrè lòm nou ye; kite youn nan frè nou isit avèk mouin, e pòte manje pou grangou lakay nou yo, e ale.

34 E minnin pi jinn frè nou an kote mouin: lè sa mouin va konnin ke nou pa espion yo, min ke se vrè lòm nou ye: konsa mouin va delivre frè nou, e nou va trafike nan peyi a.

35 E li te vi-n pase pandan yo te vid sak yo, ke, min ni, pakèt lajan chak òm te nan sak li: e lè yo

minm e papa yo te ouè pakèt lajan yo, yo te pè.

36 E Jakòb papa yo te di yo, Nou te fè mouin pèdi ti moun mouin yo: Jozèf pa la, e Simeon pa la, e nou va ouete Binjamin: tout bagay sa yo kont mouin.

37 E Rubin te pale papa li, li tap di, Touye de pitit gason mouin, si mouin pa minnin li bay ou ankò: delivre li nan min mouin, e mouin va minnin li kote ou ankò.

38 E li te di, Pitit gason mouin pap prale avèk ou; paske frè li mouri, e li la sèl: si mal tonbe sou li nan chemin an ke nou prale, alò nou va minnin cheve blan mouin yo desann avèk tristès nan tonm nan.

Chapit 43

E grangou a te rèd nan peyi a.

2 E li te vi-n pase, lè yo te fi-n manje ble a ke yo te pòte soti nan Ejipt la, ke papa yo te di yo, Ale ankò, achte nou kèk manje.

3 E Juda te pale li, tap di, Om nan te egzòte nou kareman, tap di, Nou pap ouè fas mouin, sòf frè nou avèk nou.

4 Si ou va voye frè nou avèk nou, nou va ale desann e achte manje pou ou:

5 Min si ou pa voye li, nou pap desann: paske òm nan te di nou, Nou pap ouè fas mouin, sòf frè nou avèk nou.

6 E Izraèl te di, Pouki sa nou te aji konsa avèk mouin, ke nou te di òm nan ke nou te ginyin you frè?

7 E yo te di, Om nan te mande nou dirèk sou eta nou, e sou fanmin nou, tap di, Eskè papa nou toujou vivan? gin you lòt frè? e nou te di li dapre diskou paròl sa yo: eksè nou te kapab konnin ke li ta di, Minnin frè ou desann?

8 E Juda te di Izraèl papa li, Voye pitit gason an avèk mouin, e nou va leve e ale; ke nou kapab viv, e pa mouri, tou de nou, e ou, e ti moun nou yo tou.

9 Mouin va garanti pou li; nan min mouin ou va mande li: si mouin pa minnin li kote ou, e mete li devan ou, alò kite mouin pòte fòt pou toutan:

10 Paske si nou pat mize, vrèman nou ta gintan retounin dezièm foua sa a.

11 E Izraèl papa yo te di yo, Si li douè konsa koun ye a, fè sa; pran nan pi bon foui peyi a nan veso nou yo, e pòte òm nan you kado desann, e kèk ti siro mièl, e mir, e pistache, e zanmann yo:

12 E pòte de foua lajan nan min nou; e lajan nan ki te pòte ankò nan bouch sak nou yo, pòte li ankò nan min nou; si pètèt se te minm you fòt.

13 Minnin frè nou tou, e leve, ale kote òm nan:

14 E Bondye Letènèl ban nou mizerikòd devan òm nan, ke li kapab voye frè nou soti, e Binjamin. Si mouin pèdi ti moun mouin, mouin pèdi yo.

15 E lòm yo te pran kado a, e yo te pòte de foua lajan nan min yo, e Binjamin; e te leve, e te ale desann Ejipt, e te kanpe devan Jozèf.

16 E lè Jozèf te ouè Binjamin avèk yo, li te di mèl lakay li, Minnin lòm sa yo lakay, e touye, e prepare; paske lòm sa yo va manje avèk mouin a midi.

17 E òm nan te fè jan Jozèf te di; e òm nan te minnin lòm yo nan kay Jozèf.

18 E lòm yo te pè, paske yo te minnin nan kay Jozèf; e yo te di, Se pou tèt lajan ki te retounin nan sak nou yo premie foua a yo minnin nou antre; ke li kapab chache okasion kont nou, e tonbe sou nou, e pran nou kòm esklav, e bourik nou yo.

19 E yo te vini pre kay Jozèf, e yo te pale avèk li nan pòt kay la,

20 E te di, O msie, nou te vini desann premie foua a vrèman pou achte manje:

21 E li te vi-n pase, lè nou te vini kote otèl la, ke lè nou te ouvri sak nou yo, e, min ni, lajan chak òm te nan bouch sak li, lajan nou nan tout mezi: e nou te pòte li nan min nou yo ankò.

22 E nou te pòte lòt lajan desann nan min nou yo tou pou achte manje: nou pa kapab di ki moun ki te mete lajan nan sak nou yo.

23 E li te di, La pe pou nou, pa frinn: Bondye nou, e Bondye papa nou, te ban nou trezò nan sak nou yo: mouin te gin lajan nou. E li te minnin soti Simeon kote yo.

24 E òm nan te minnin lòm yo nan lakay Jozèf, e te ba yo dlo, e yo te lave pie yo; e li te bay bourik yo pay.

25 E yo te fè kado a prèt pou Jozèf lè li vini a midi: paske yo te tandè ke se la yo ta manje pin.

26 E lè Jozèf te vini lakay, yo te pòte kado a ki te nan min yo antre kay la, e te bese yo minm nan li a tè.

27 E li te mande yo sou zafè yo, e te di, Eskè papa nou byin, vie òm nan ke nou te pale la? Eskè li toujou vivan?

28 E yo te di, Sèvitè ou papa nou nan bon sante, li toujou vivan. E yo te bese tèt yo, e te bese a tè.

29 E li te leve je li yo, e te ouè Benjamin frè li, pitit gason manman li, e te di, Eskè se pi jinn frè nou, sou sila nou te pale mouin? E li te di, Bondye grasie pou ou, pitit gason mouin.

30 E Jozèf te fè vit; paske zantray li yo te anvi sou frè li: e li te chache kotè pou krie; e li te antre nan chanm li, e te krie.

31 E li te lave figi li, e li te kontrole li minm, e li te di, Mete pin.

32 E yo te mete pou li minm sèl, e pou sa yo pou yo minm sèl, e pou Ejipsyin yo, ki te manje avèk li, pou yo minm: paske Ejipsyin yo pa kapab manje pin avèk Ebre yo; paske sa se you abominasion pou Ejipsyin yo.

33 E yo te chita devan li, premie ne dapre doua nesans li, e pi jinn dapre jinnès: e lòm yo te sezi youn nan lòt.

34 E li te pran e te voye pòsion an yo ki soti devan li: min pòsion Benjamin te sink foua plis pase ke yo. E yo te bouè, e te jouaye avèk li.

Chapit 44

E li te kòmande jeran lakay li, tap di, Plin sak mesie yo avèk manje, kantite yo kapab pòte, e mete lajan chak lòm nan bouch sak li.

2 E mete koup mouin an, koup ajan an, nan bouch sak pi jinn nan, e lajan mai. E li te fè dapre paròl Jozèf te pale.

3 E minm lè matin an te klere, yo te voye lòm yo e bourik yo.

4 E lè yo te fi-n soti nan vil la, e poko louin, Jozèf te di jeran li, Leve, suiv dèyè lòm yo; e lè ou depase yo, di yo, Pouki sa nou te rekòmpanse mal pou byin?

5 Eskè sa pa nan sa ke mèt mouin bouè, e pa sa li divinin? nou te fè mal piske nou fè sa.

6 E li te li te depase yo, e te pale yo minm paròl yo.

7 E yo te di li, Pouki sa mèt nou di paròl sa yo? Louin de la ke sèvitè ou yo ta fè bagay sa a:

8 Min ni, lajan nan, ke nou te jouinn nan bouch sak nou yo, nou te pòte tounin ankò soti nan peyi Kanaan: alò kouman nou va vòlè nan kay mèt nou lajan ou byin lò?

9 Avèk ninpòt moun nan sèvitè ou yo ou jouinn li, tou de kite li mouri, e nou va esklav pou mèt nou tou.

10 E li te di, Alò kite li dapre paròl nou yo tou: avèk li sila nou jouinn li, li va sèvitè mouin; e nou va san fòt.

11 Alò yo te desann sak chak òm a tè vitman, e te ouvri sak chak òm.

12 E li te chache, e te kòmanse nan pi gran an, e te fini nan pi jinn

nan: e yo te jouinn koup la nan sak Binjamin.

13 Alò yo te chire rad yo, e tout lòm te chaje bourik li, e te retounin nan vil la.

14 E Juda e frè li yo te vini nan kay Jozèf: paske li te la toujou: e yo te tonbe a tè devan li.

15 E Jozèf te di yo, Ki sa li ye ke nou te fè? nou pa konnin ke you nòm tankou mouin kapab devinin vrèman?

16 E Juda te di, Ki sa nou va di mèt nou? ki sa nou va pale? ou byin ki jan nou va jistifie nou minm? Bondye te sonde inikite sèvitè ou yo: min ni, nou se sèvitè mèt nou, tou de nou, e li avèk sila yo jouinn koup la.

17 E li te di, Louin de la ke mouin va fè sa: min òm nan nan sila yo jouinn koup la, li va sèvitè mouin; e kanta nou, monte an pe nan lakay papa nou.

18 E Juda te vini pre li, e te di, O mèt mouin, mouin prie ou, kite sèvitè ou pale you paròl nan zorèy mèt mouin, e pa kite kòlè ou boule kont sèvitè ou: paske ou minm se minm jan Faraon.

19 Mèt mouin te mande sèvitè ou yo, li te di, Eskè nou gin you papa, ou byin you frè?

20 E nou te di mèt nou, Nou gin you papa, you vie òm, e you pitit vie laj li, you ti mouin; e frè li te mouri, e se li sèl manman li, e papa li rinmin li.

21 E ou te di sèvitè ou yo, Minnin li desann kote mouin, ke mouin kapab ouè sou li.

22 E nou te di mèt nou, Pitit gason an pa kapab kite papa li: paske si li ta kite papa li, papa li ta mouri.

23 E ou te di sèvitè ou yo, Sòf pi jinn frè nou desann avèk nou, nou pap ouè fas mouin ankò.

24 E li te vi-n pase lè nou te monte kote sèvitè ou papa nou, nou te di li paròl mèt mouin.

25 E papa nou te di, Ale ankò, e achte nou you ti manje.

26 E nou te di, Nou pa kapab desann: si pi jinn frè nou pa avèk nou, alò nou va desann: paske nou pa kapab ouè fas msie a, sòf pi jinn frè a avèk nou.

27 E sèvitè ou papa mouin te di nou, Nou konnin ke madann mouin te fè de pitit gason:

28 E youn te soti nan mouin, e mouin te di, Siman li chire an mòso; e mouin pat ouè li depi sa:

29 E si nou pran sa tou, e mal tonbe sou li, nou va minnin cheve blan mouin yo desann avèk tristès nan tonm nan.

30 Alò se pou tèt sa lè mouin vini kote sèvitè ou papa mouin, e pitit gason an pa avèk nou; piske lavi li mare nan lavi pitit gason an;

31 Li va vi-n pase, lè li ouè ke pitit gason an pa avèk nou, ke li va mouri: e sèvitè ou va minnin cheve blan sèvitè ou papa nou desann nan tonm nan.

32 Paske sèvitè ou te devni se-kirite pou pitit gason papa mouin, tap di, Si mouin pa minnin li kote ou, mouin va pòte reproch nan papa mouin pou toujou.

33 Alò se pou tèt sa, mouin prie ou, kite sèvitè ou rete you esklav olie ke pitit gason an pou mèt mouin; e kite pitit gason an monte avèk frè li yo.

34 Paske ki jan mouin kapab monte kote papa mouin, e pitit gason an pa avèk mouin? pou krint ke mouin pa ouè mal ki va vini sou papa mouin.

Chapit 45

Alò Jozèf pat kapab mintni li Aminm devan tout yo ki te kanpe bò li; e li te krie, Fè tout moun soti kote mouin. E okinn òm pat kanpe avèk li, pandan Jozèf te fè li minm konnu nan frè li yo.

2 E li te krie fò: e Ejipsyin yo e lakay Faraon te tande.

3 E Jozèf te di frè li yo, Mouin se Jozèf; eskè papa mouin viv toujou? E frè li yo pat kapab reponn li; paske yo te trouble nan prezans li.

4 E Jozèf te di frè li yo, Vini pre mouin, mouin prie nou. E yo te vini pre. E li te di, Mouin se Jozèf frè nou, sila nou te vann nan Ejip.

5 Alò se pou tèt sa nou pa bezouin tris, ni fache avèk nou minm, ke nou te vann mouin isit: paske Bondye te voye mouin devan nou pou prezève lavi.

6 Pou de ane sa yo te gin grangou nan peyi a: e gin sink ane toujou, nan sa pap gin ni travay la tè ni rekòt.

7 E Bondye te voye mouin devan nou pou prezève desandans sou la tè, e pou sove lavi nou pa you gran delivrans.

8 Inbyin se pa nou ki te voye mouin isit, min Bondye: e li te fè mouin you papa pou Faraon, e mèt tout lakay li, e chèf nan tout peyi Ejip la.

9 Fè vit, e monte kote papa mouin, e di li, Pitit gason ou Jozèf di konsa, Bondye te fè mouin mèt nan tout Ejip: desann kote mouin, pa mize.

10 E nou va demere nan peyi Gossin, e nou va tou pre mouin, nou, e ti moun nou yo, e pitit ti moun nou yo, e troupo nou yo, e bann nou yo, e tout sa ke nou ginyin:

11 E mouin va pran souin nou la; pou krint nou, e lakay nou, e tout sa nou ginyin vi-n pov; paske gin sink ane grangou toujou;

12 E, min ni, je nou yo ouè, e je frè mouin Benjamin ouè, ke se bouch mouin kap pale nou.

13 E nou va di papa mouin sou tout gloua mouin nan Ejip, e sou tout sa ke nou te ouè; e nou va fè vit e minnin papa mouin isit.

14 E li te tonbe sou kou frè li Benjamin, e li te krie; e Benjamin te krie sou kou li.

15 Plis ke sa li te bo tout frè li yo, e li te krie sou yo: e apre sa frè li yo te pale avèk li.

16 E renomin sou sa te tandè nan kay Faraon, tap di, Frè Jozèf yo te vini: e se te bon plezi pou Faraon, e sèvitè li yo.

17 E Faraon te di Jozèf, Di frè ou yo, Fè sa, chaje bèt nou yo, e ale, antre nan peyi Kanaan;

18 E pran papa nou yo e fanmi nou yo, e vini kote mouin: e mouin va ban nou pi bon nan kote peyi Ejip, e nou va manje grès peyi a.

19 Alò nou gin kòmandman, nou fè konsa; pran wagon yo nan peyi Ejip pou pitit nou yo, e pou madanm nou yo, e minnin papa nou, e vini.

20 Ni pa regrèt bagay nou yo; paske byin tout peyi Ejip se pou nou.

21 E pitit Izraèl yo te fè sa: e Jozèf te ba yo wagon yo, dapre kòmandman Faraon, e li te ba yo provizion pou chemin an.

22 Pou tout nan yo li te bay chak òm you rad de rechanj rad; min pou Benjamin li te bay toua san piès ajan, e sink rad rechanj rad.

23 E pou papa li, li te voye dapre fason sa; dis bourik chaje avèk bon bagay nan Ejip, e dis femèl bourik chaje avèk ble e pin e viann pou papa li nan chemin an.

24 Alò li te voye frè li yo ale, e yo te pati: e li te di yo, Pinga nou fè kont nan chemin an.

25 E yo te monte soti nan Ejip, e yo te vini nan peyi Kanaan kote Jakòb papa yo.

26 E te di li, Jozèf toujou vivan, e li se gouvènè sou tout peyi Ejip la. E kè Jakòb te vi-n fèb, paske li pat kouè yo.

27 E yo te di li tout paròl Jozèf yo, ke li te di yo: e lè li te ouè wagon yo ke Jozèf te voye pou pòte li, lespri Jakòb papa yo te refè:

28 E Izraèl te di, Se ase; Pitit gason mouin Jozèf toujou vivan: mouin va ale ouè li avan mouin mouri.

Chapit 46

E Izraël te fè vouayaj li avèk tout sa li te ginyin, e li te vini nan Beè-Chiba, e te ofri sakrifis yo pou Bondye a papa li Izaak la.

2 E Bondye te pale nan Izraël nan you vizion nan nuit la, e te di, Jakòb, Jakòb. E li te di, Min mouin.

3 E li te di, Mouin se Bondye, Bondye papa ou: pa krinn pou desann nan Ejip; paske se la Mouin va fè avèk ou you gran nasion :

4 Mouin va desann nan Ejip avèk ou; e Mouin va minnin ou monte ankò tou: e Jozèf va mete min li sou je ou yo.

5 E Jakòb te leve nan Beè-Cheba: e pitit gason Izraël yo te minnin Jakòb papa yo, e pitit yo, e madanm yo, nan wagon yo ke Faraon te voye pou pòte li.

6 E yo te minnin betay yo, e byin yo, ke yo te pran nan peyi Kanaan, e yo te vini nan Ejip, Jakòb, e tout desandan li avèk li:

7 Pitit gason li yo, e madanm pitit gason li yo avèk li, pitit fi li yo, e fi pitit fi li yo, e tout desandan li yo li te minnin avèk li nan Ejip.

8 E sa yo se non pitit Izraël yo, ki te antre nan Ejip, Jakòb e pitit gason li yo: Rubin, Premie ne Jakòb.

9 E pitit gason Rubin yo; Enòk, Palu, Etsron, e Kami.

10 E pitit gason Simeon yo; Jemuèl, Jamin, Ohad, e Jakin, e Tsoka, e Saul pitit gason you fi Kanaan.

11 E pitit gason Levi yo; Gèsou, Kehat, e Zerak.

12 E pitit gason Juda yo; Er, Onan, Chela, Perèts e Zerak: e Er e Onan te mouri nan peyi Kanaan. E pitit gason Perèts yo te Etsron e Amul.

13 E pitit gason Isaka yo ; Tola, Puva, Jòb, e Chimron.

14 E pitit gason Zabulon yo; Serèd, Elon e Jaleèl.

15 Sa yo se pitit gason Lea yo, ke li te anfanter pou Jakòb nan Padan-Aram, avèk pitit fi li Dina: tout

nanm pitit gason li e pitit fi li yo te trann toua.

16 E pitit gason Gad yo; Tsifjon, Agi, Chuni, Tesbon, Eri, Arodì, e Areeli.

17 E pitit gason Asè yo; Jimna, Jichva, Jichvi, e Beria, e Serak sè yo: e pitit gason Beria; Ebè, e Malkièl.

18 Sa yo se pitit gason Zilpa, ke Laban te bay Lea pitit fi li, e sa yo li anfanter pou Jakòb, minm sèz nanm.

19 Pitit gason Rachèl yo madanm Jakòb; Jozèf e Binjamin.

20 E Manase e Efraim te fèt pou Jozèf nan peyi Ejip la, ke Asnat pitit fi Potifer a prèt On nan te anfanter pou li.

21 E pitit gason Binjaim yo te Bela, e Bekè, e Achbèl, Gera, Naaman, Ehi, Ròch, Mupim, e Upim, e Ad.

22 Sa yo se pitit gason Rachèl, ki te fèt pou Jakòb: tout nanm yo te katòz.

23 E pitit gason Dan yo; Uchim.

24 E pitit gason Neftali yo; Jatsèl, Guni, Jetsè, e Chilèm.

25 Sa yo se pitit gason Bilha, ke Laban te bay Rachèl pitit fi li, e li te anfanter sa yo pou Jakòb: tout nanm yo te sèt.

26 Tout nanm ki te vini avèk Jakòb nan Ejip, ki te soti nan rin li yo, san konte madanm pitit gason li yo, tout nanm te souasann-sis;

27 E pitit gason Jazèf yo ki te fet pou li nan Ejip la, te de nanm: tout nan nan kay Jakòb, ki te vini nan Ejip, te souasann-dis.

28 E li te voye Juda devan li kote Jozèf, pou dirije fas li nan Gosin; e yo te antre nan peyi Gosin.

29 E Jozèf te fè cha li prèt, e te monte pou kontre Izraël papa li, nan Gosin, e te prezante li minm nan li; e te tonbe sou kou li, e te krie sou kou li you bon tan.

30 E Izraël te di Jozèf, Koun ye a kite mouin mouri, depi mouin te ouè fas ou, paske ou toujou vivan.

31 E Jozèf te di frè li yo, e nan lakay papa li, Mouin va monte, e montre Faraon, e di li, Frè mouin yo, e lakay papa mouin ki te nan peyi Kanaan, gintan vini kote mouin;

32 E lòm yo se gadyin mouton, paske metie yo se pou bay betay yo manje; e you te minnin troupo yo, e bann yo, e tout sa yo ginyin.

33 E li va vi-n pase, lè Faraon va rele nou, e va di, Ki metie nou?

34 Ke nou va di, Metie sèvitè ou yo te avèk betay depi nan jinnès nou jouk koun ye a, tou de nou, e papa nou yo tou: ke nou kapab demere nan peyi Gosin; paske tout gadyin se you abominasion pou Ejiptsin yo.

Chapit 47

Alò Jozèf te vini e li te di Faraon, A te di, Papa mouin e frè mouin yo, e troupo yo, e bann yo, e tout sa yo ginyin, gintan soti nan peyi Kanaan; e, mìn ni, yo nan peyi Gosin.

2 E li te pran kèk nan frè li yo, minm sink lòm, e te prezante yo bay Faraon.

3 E Faraon te di frè li yo, Ki sa ki metie nou? E yo te di Faraon, Sèvitè ou yo se gadyin yo, tou de nou, e papa nou yo tou.

4 Plis ke sa yo te di Faraon, Pou rete nan payi Gosin nou te vini; paske sèvitè ou yo pa gin paturaj pou troupo kote nou; paske grangou a rèd nan peyi Kanaan: alò se pou tèt sa, nou prie ou, kite sèvitè ou yo demere nan peyi Gosin.

5 E Faraon te pale Jozèf, te di, Papa ou e frè ou yo gintan vini kote ou:

6 Peyi Ejipt devan ou; nan pi bon peyi fè papa ou e frè ou yo demere; nan peyi Gosin kite yo rete: e si ou konnin okinn lòm ki kapab pami yo, alò fè yo mèt sou betay mouin.

7 E Jozèf te minnin Jakòb papa li, e te mete li devan Faraon: e Jakòb te beni Faraon.

8 E Faraon te di Jakòb, Ki laj ou ginyin?

9 E Jakòb te di Faraon, Jou nan ane yo sejourne mouin se san trant ane: inpe e move jou nan ane lavi mouin yo te ye, e pat rive jou nan ane lavi papa mouin yo nan jou sejourne yo.

10 E Jakòb te beni Faraon, e te soti devan Faraon.

11 E Jozèf te plase papa li e frè li yo, e te ba yo you pozesion nan peyi Ejipt, nan peyi Ramsès, jan Faraon te kòmande.

12 E Jozèf te pran souin pap li e frè li yo, e tout lakay papa li, avèk manje, dapre fanmi yo.

13 E tout peyi a pat gin manje; paske grangou a te rèd anpil, tèlman ke tout Ejipt e tout peyi Kanaan te kagou pou tèt grangou.

14 E Jozèf te renmase tout lajan ki te la nan peyi Ejipt, e nan peyi Kanaan, pou ble ke yo te achte: e Jozèf te pote lajan nan lakay Faraon.

15 E lè lajan te manke nan peyi Ejipt, e nan peyi Kanaan, tout Ejiptsin yo te vini kote Jozèf, e te di, Bay nou manje: paske pouki sa nou ta mouri nan prezans ou? paske lajan nan manke.

16 E Jozèf te di, Bay betay nou; e mouin va ban nou pou betay, si lajan manke.

17 E yo te minnin betay yo bay Jozèf: e Jozèf te bay yo manje an boukantay pou choual, e pou troupo yo, e betay nan bann yo, e pou bourik yo: e li te pran souin yo avèk manje pou betay yo ane sa a.

18 Lè ane sa a te fini, yo te vini kote li dezièm ane, e te di li, Nou pa kache sa louin mèt nou, kouman lajan nou fini; mèt mouin gin bann betay nou yo tou; pa gin anyin nan je mèt mouin, sòf kò nou yo, e tè nou yo.

19 Pouki sa nou va mouri devan je ou yo, tou de nou e tè nou? achte nou e tè nou pou manje, e nou e

tè nou va sèvitè nan Faraon: e ban nou grinn, ke nou kapab viv, e pa mouri, ke tè a pa dezole.

20 E Jozèf te achte tout tè Ejip la pou Faraon; paske Ejipstin yo te vann chak òm chan li, paske gran-gou te domine sou yo: alò tè yo te pou Faraon.

21 E kanta pèp la, li te antre yo nan vil yo depi nan fontie Ejip minm nan lòt bout li.

22 Se sèlman tè prèt yo li pat achte; paske prèt yo te gin you pòsion asiye pou yo pa Faraon, e yo te manje pòsion ke Faraon te ba yo: se pou tè sa yo pat vann tè yo.

23 Alò Jozèf te di pèp la, Min ni, Mouin te achte nou jou sa a e tè nou pou Faraon: gade, min grinn pou nou, e nou va simin tè a.

24 E li va vi-n pase nan rekòt, ke nou va bay Faraon sinkièm pati, e kat pòsion va pou nou, pou grinn pou chan an, e pou manje nou, e pou sa yo nan lakay nou, e pou manje pou ti pitit yo.

25 E yo te di, Ou te sove lavi nou yo; kite nou jouinn gras nan je mèt mouin, e nou va sèvitè Faraon.

26 E Jozèf te fè li you loua sou peyi Ejip jouk nan jodi a, ke Faraon ta gin you sinkièm pati; sòf tè prèt yo sèlman, ki pat vini pou Faraon.

27 E Izraèl te demere nan peyi Ejip, nan peyi Gosin; e yo te gin pozesion yo ladann, e te ogmante, e te multiplie anpil.

28 E Jakòb te vin nan peyi Ejip disèt ane: alò tout laj Jakòb te san karann-sèt ane.

29 E lè a te rive tou pre ke fòk Izraèl ta mouri: e li te rele pitit li Jozèf, e li te di li, Alò si mouin te jouinn gras nan je ou yo, mete, mouin prie ou, min ou anba kuis mouin, e aji bonte e onètman avèk mouin; pa antere mouin, mouin prie ou, nan Ejip:

30 Min mouin va kouche avèk papa mouin yo, e ou va pòte mouin soti nan Ejip, e antere mouin nan

tonm yo. E li te di, Mouin va fè jan ou te di.

31 E li te di, Sèmante nan mouin. E Izraèl te bese li minm sou tè kabann nan.

Chapit 48

E li te vi-n pase apre bagay sa yo, ke youn te di Jozèf, Min ni, Papa ou malad: e li te pran de pitit gason li yo avèk li, Manase e Efraim.

2 E youn te di Jakòb, e li te di, Min ni, pitit gason ou Jozèf ap vini kote ou: e Izraèl te fòtifie li minm, e te chita sou kabann nan.

3 E Jakòb te di Jozèf, Bondye Tou Puisan an te parèt kote mouin nan Luz nan Peyi Kanaan, e li te beni mouin.

4 E li te di mouin, Min ni, Mouin va fè ou friktie, e multiplie ou, e Mouin va fè you miltitid pèp pa ou; e va bay peyi sa a pou desandans ou ki apre ou pou you pozesion etènèl.

5 E koun ye a de pitit gason ou yo, Efraim e Manase, ki te fèt pou ou nan peyi Ejip avan mouin te vini kote ou nan Ejip, se pou mouin; tankou Rubin e Simeon, yo va pou mouin.

6 E desandans ou, ke ou va fè apre yo, va pou mouin, e yo va rele yo apre non frè yo nan eritaj yo.

7 E kanta mouin, lè mouin te vi-n soti nan Padan Aram, Rachèl te mouri bò kote mouin nan peyi Kanaan nan chemin an, lè te gin you ti distans pou antre Efrata: e mouin te antere li la nan chemin an Efrata; min nan se Betleèm.

8 E Izraèl te gade pitit gason Jozèf yo, e te di, Ki lès sa yo ye?

9 E Jozèf te di papa li, Yo se pitit gason mouin yo, ke Bondye te ban mouin nan plas sa a. E li te di, Min ni yo, mouin prie ou, kote mouin, e mouin va beni yo.

10 Alò je Izraèl yo te diminie pou tè laj, tèlman ke li pat kapab ouè.

E li te minnin yo pre li; e li te bo yo, e te anbrase yo.

11 E Izraèl te di Jozèf, Mouin pat te panse pou ouè fas ou: e, min ni, Bondye te montre mouin desandans ou yo tou.

12 E Jozèf te minnin yo soti ant jenou li yo, e li te bese li minm avèk fas li sou la tè.

13 E Jozèf te pran yo tou de, Efraim nan min douat li anfas min gòch Izraèl, e Manase nan min gòch anfas min douat Izraèl, e te minnin yo kote li.

14 E Izraèl te lonje min douat li, e te poze li sou tèt Efraim, e min gòch li sou tèt Manase, ape gide min li avèk espre; paske Manase te premie ne.

15 E li te beni Jozèf, e li te di, Bondye, devan Sila Papa mouin yo Abraam e Izaak te mache, Bondye a ki te ban mouin manje tout lavi mouin jouk jodi a,

16 Zanj la ki te rachte mouin nan tout mal, beni pitit gason yo; e kite non mouin nomin sou yo, e non papa mouin yo Abraam e Izaak; e kite yo grandi nan you miltitid nan mitan la tè.

17 E lè Jozèf te ouè ke min douat papa li te poze sou tèt Efraim, sa te deple li: e li te leve min papa li, pou retire li sou tèt Efraim mete li sou tèt Manase.

18 E Jozèf te di papa li, Pa konsa, papa mouin: paske sa se premie ne a; mete min douat ou sou tèt li.

19 E papa li te refize, e te di, Mouin konnin sa, pitit mouin, mouin konnin sa: li va gran tou: min vrèman pi jinn frè li va pi gran pase li, e desandans li va devni you miltitid nasion.

20 E li te beni yo jou sa, li tap di, Nan ou Izraèl va beni, tap di, Bondye fè ou tankou Efraim e tankou Manase: e li te mete Efraim devan Manase.

21 E Izraèl te di Jozèf, Min ni, mouin mourì: min Bondye va avèk

ou, e minnin ou nan peyi papa ou yo ankò.

22 Plis ke sa mouin te ba ou youn pòsion pase frè ou yo, ke mouin te pran nan min Amoreyin yo avèk nepe e avèk ak mouin.

Chapit 49

EJakòb te rele pitit gason li yo, e te di, Rasanble nou minm ansanm, ke mouin kapab di nou ki sa ki va rive nou nan denie jou yo.

2 Rasanble nou minm ansanm, e koute, nou pitit gason Jakòb yo; e koute Izraèl papa nou.

3 Rubin, ou se premie ne mouin, fòs mouin, e kòmansman puisans mouin, distinktion diyite a, e distinktion puisans la:

4 Inkonstan tankou dlo, ou pap depase; paske ou te monte kabann papa ou; alò ou te dezonore li: li te monte kabann mouin.

5 Simeon e Levi se frè; instriman ki krièl se nan abitasion yo.

6 O namn mouin, pa antre nan sekre yo; pa reini nan asanble yo, onè mouin: paske nan kòlè yo te touye you òm, e nan pròp volonte yo te dechouke you miray.

7 Malediksion sou kòlè yo, paske li te feros; e furè yo paske li te krièl: mouin va separe yo nan Jakòb, e gaye yo nan Izraèl.

8 Juda, se ou minm sila frè ou yo va louanje: min ou va sou kou ènmi ou yo; ti moun papa ou yo va bese devan ou.

9 Juda se you pitit lion: depi nan piyaj, pitit gason mouin, ou te monte: li te bese, li te kouche tankou you vie lion; ki lès ki va fè li leve?

10 Sèp pap pati nan Juda, ni souvèrin ant pie li, jouk tan Chilo vini; e kote li pèp la va rasanble.

11 Apè mare ti bourik sou vign nan, e ti bourik li sou you pi bon vign; li te lave rad li nan divin, e manto li yo nan san razin yo:

12 Je li yo va rouj avèk divin, e dan li yo blan avèk lèt.

13 Zebulon va demere nan pòt nan lamè; e li va you pòt pou bato yo, e frontie li va jouk nan Sidon.

14 Isaka se you bourik fò ape kouche ant de chaj:

15 E li te ouè repo sa te bon, e peyi a ke li te agreab; e te bese zepòl li pou pòte, e te devni you sèvitè tribi.

16 Dan va jije pèp li yo, tankou youn nan tribi Izraèl.

17 Dan va you koulèv bò chemin an, you vipè nan rout la, ki mode talon choual yo, pou kavalie a ka tonbe pa dèyè.

18 Mouin te tann salu Ou, O Etènèl.

19 Gad, you troup va domine li: min li va domine a la fin.

20 Soti nan Asè pin li va bon, e li va rapòte delika rouayal yo.

21 Neftali se you femèl sèf ki lage: li bay bon paròl yo.

22 Jozèf se you branch friktie, minm you brach friktie bò you pui; sila branch li yo lonje depase miray la:

23 Moun tire ak yo ap provoke li anpil, e yo te tire sou li e yo te rayi li:

24 Min ak li te rete fò, e bra li yo e min li yo te fèt fò pa min fò Bondye Jakòb yo; (nan sa se gadyin an, ròch Izraèl la):

25 Minm pa Bondye papa ou yo, Sila ki va ede ou; e pa Tou Puisan a, Sila va beni ou avèk benediksyon yo ki soti nan sièl an ro, benediksyon yo kap kouche anba, benediksyon yo nan tete yo, e nan vant la:

26 Benediksyon yo pa papa ou te domine plis pase benediksyons paran mouin yo jouk nan ti mòn etènèl yo pi louin: yo va sou tèt Jozèf la, e sou an ro tèl li ki te separe nan frè li yo.

27 Benjamin va chire kòm you loup: nan matin an li va devore piyaj la, e nan nuit li va separe piyaj la.

28 Tout sa yo se douz tribi Izraèl: e se sa ke papa yo te pale yo, e te

beni yo; chak dapre benekidsion li, li te beni yo.

29 E li te kòmmande yo, e te di yo, Mouin va ranmanse kote pèp mouin: antere mouin avèk papa mouin yo nan kavò ki nan chan Efron Etyin an.

30 Nan kavò ki nan chan Makpela, ki devan Mamre, nan peyi Kanaan, ke Abraam te achte avèk chan an Efron Etyin an pou you pozesion pou antere.

31 Se la yo te antere Abraam e Sara madanm li; la yo te antere Izaak e Rebeka madanm li; e la mouin te antere Lea.

32 Achan chan an e kavò a ki ladan te nan pitit Et yo.

33 E lè Jakòb te fè you fin kòmmande pitit gason li yo, li te rasanble pie li yo nan kaban nan, e te rann lespri a, e te ransanble kote pèp li yo.

Chapit 50

E Jozèf te tonbe sou fas papa li, e li te krie sou li, e te bo li.

2 E Jozèf te kòmmande sèvitè li yo doktè yo pou anbonmin papa li: e doktè yo te anbonmin Izraèl.

3 E karant jou te akonpli pou li; paske konsa jou yo akonpli pou sa yo ki anbonmin: e Ejiptin yo te krie pou li souasann-di jou.

4 E lè jou dèy yo te fi-n pase, Jozèf te pale nan lakay Faraon, tap di, Si mouin te jouinn gras nan je ou yo, pale, mouin prie ou, nan zorèy Faraon, di,

5 Papa mouin te fè mouin sèman-te, tap di, Gade, mouin mouri: nan tonm ke mouin te fouye pou mouin nan peyi Kanaan, la ou va antete mouin. Alò se pou tèt sa kite mouin monte, mouin prie ou, e antere papa mouin, e mouin va vini ankò.

6 E Faraon te di, Monte, e antere papa ou, dapre jan li te fè ou sèman-te.

7 E Jozèf te monte pou antere papa li: e tout sèvitè Faraon te mon-

te avèk li, ansyin yo nan lakay li, e tout ansyin nan peyi Ejip la,

8 E tout lakay Jozèf, e frè li yo, e lakay papa li: sèlman ti pitit yo, e troupou yo, e bann yo, yo te kite nan peyi Gosin an.

9 E te gin ki te monte avèk li tou de cha yo e kavalie: e se te you gran foul moun.

10 E yo te vini nan glasi Atad la, ki lòt bò Joudin an, e la yo te krie avèk you gran e fò lamantasion: e li te fè you dèy pou papa li pou sèt jou.

11 E lè abitan peyi a, Kananeyin yo, te ouè dèy la sou glasi Atad la, yo te di, Sa se you gran dèy nan Eijpsyin yo: se pou tèt sa non li te rele Abèl-Dèy, ki lòt bò Joudin.

12 E pitit gason li yo te fè pou li dapre jan li te kòmande yo:

13 Paske pitit gason li yo te pòte li nan peyi Kanaan, e te antere li nan kavou a nan chan Makpela, ke Abraam te achte avèk chan an pou you pozesion pou antete nan Efron Etyin an, ki devan Mamre.

14 E Jozèf te retounin nan Ejip, li, e frè li yo, e tout sou ki te monte avèk li pou antere papa li, apre li te fi-n antere papa li.

15 E lè frè Jozèf yo te ouè ke papa yo te mouri, yo te di, Pètèt Jozèf va rayi nou, e va rekònpanse nou pou tèt tout mal nou te fè li.

16 E yo te voye you mesajè kote Jozèf, tap di, Papa ou te kòmande avan li te mouri, tap di,

17 Konsa nou va mande Jozèf, Padon, mouin prie ou koun ye a,

transgresion frè ou yo, e peche yo; paske yo te fè ou mal: e alò, nou prie ou, padon transgresion sèvitè Bondye e papa ou. E Jozef te krie lè yo te pale li.

18 E frè li yo te ale tou e te tonbe devan fas li; e yo te di, Min ni, nou se sèvitè ou yo.

19 E Jozèf te di yo, Pa krinn: paske èske mouin nan plas Bondye?

20 Min kanta nou, nou te panse mal kont mouin; min Bondye te panse li pou byin, pou fè li rive jan li ye jou sa, pou sove anpil pèp vivan.

21 Alò se pou tèt sa pa krinn: mouin va bay nou manje, e ti pitit nou yo. E li te konsole yo, e te pale yo byin.

22 E Jozèf te demere nan Ejip, li, e lakay papa li: e Jozèf te viv san e dis ane.

23 E Jozèf te ouè pitit Efraim yo jouk nan touazièm jenerasion: ti moun Maki yo tou pitit gason Manase te leve sou jenou Jozèf yo.

24 E Jozèf te di frè li yo, Map mouri: e Bondye va vizite nou, e minnin nou soti peyi sa antre nan peyi ke Li te sèman te abraam, nan Izaak, e nan Jakòb.

25 E Jozèf te pran you sèman nan pitit Izraèl yo, tap di, Bondye va vizite nou siman, e nou va pòte zo mouin yo soti isit la.

26 Alò Jozèf te mouri, laj san e dis ane: e yo te anbonmin li, e te mete li nan you sèkèy ann Ejip.